WO’ZBEKSTAN RESPUBLİKASI’ JOQARI’ HA’M WORTA ARNAWLI’ BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ

BERDAQ ATI’NDAG’I’ QARAQALPAQ MA’MLEKETLİK UNİVERSİTETİ

QARAQALPAQ FİLOLOGİYASI’ FAKULTETİ
JURNALİSTİKA KAFEDRASI’

**Utebaeva Venerani’n’**

# «Ocherk janri’ni’n’ tillik ha’m stillik wo’zgeshelikleri»

**atamasi’ndag’i’**

**5A320101 «JURNALİSTİKA (xi’zmet tu’rleri boyi’nsha)»**
**qa’nigeligi boyi’nsha**

**Magistr**
**da’rejesin ali’w ushi’n usi’ni’lg’an**

# DISSERTACIYASI’

**МАК da jaqlawg’a ruxsat**

**Magistratura bo’limi basli’g’i’**

**_______doc. Gulimov A.**

**Kafedra basli’g’i’: ___________**
**Tariyx ilimlerinin’**
**kandidati’,docent**
**D.Bekbauliev**

**İlimiy basshi’: __________**
**Filologiya ilimlerinin’**
**kandidati’, docent**
**Z. Worazi’mbetova**

**NO’KİS — 2013.**

WO’ZBEKSTAN RESPUBLIKASI’ JOQARI’ HA’M WORTA ARNAWLI’ BILIM MINISTRLIGI
BERDAQ ATI’NDAG’I’ QARAQALPAQ MA’MLEKETLIK UNIVERSITETI

Magistratura bo’limi
Kafedra: «Jurnalistika»
Woqi’w ji’li’:

Magistrant: Utebaeva Venera
Ilimiy basshi’: Zliyxa Worazi’mbetova
Qa’nigeligi: «Jurnalistika»

# MAGISTRLIK DISSERTACIYA ANNOTACIYASI’

**Temani’n’ aktulli’g’i’-** Ocherk janri’ni’n’ tillik ha’m stillik wo’zgesheliklerin teoriyali’q jaqtan u’yreniw jurnalistika tarawi’ ushi’n a’h’miyetke iye ma’selelerdin’ biri.
**Jumi’sti’n’ maqseti ha’m wazi’ypalari’-**Ocherk janri’ni’n’ tillik ha’m stillik wo’zgesheliklerin ilimiy aspekte u’yreniwden ibarat.
**İzertlewdin’ obeti ham predmeti-**Jumi’sti’n’ obekti 2005-ji’ldan baslap baspaso’zde jari’q ko’rgen ocherkler. Bul materiallar tiykari’nda ocherk janri’ni’n’ tillik ha’m stillik wo’zgsheliklerin u’yreniw jumi’sti’n’ predmeti boli’p tabi’ladi’.
**İzertlew usi’llari’-**Dissertatsiya tiykari’nan, si’patlama, sistemali’q, statistikali’q, a’debiy-ko’rkem usi’llardan paydalani’ldi’.
**İzertlew na’tiyjelerinin’ ilimiy jaqtan jan’ali’q da’rejesi-**Bul jumi’s ocherk janri’ni’n’ tillik ha’m stillik wo’zgeshelikleri haqqi’nda izertlengen birinshi arnawli’ jumi’s boli’p tabi’ladi’.
**İzertlew na’tiyjelerinin’ a’meliy a’hmiyeti ha’m usi’ni’li’wi’-**Baspaso’z betlerinde quni’ joqari’ ocherklerdin’ ko’beyiwine u’les qosi’wdan, ocherk jazi’wdi’ qa’lewshilerdin’ jazba sawatli’li’g’i’n asi’ri’wdan ibarat.
**Jumi’sti’n’ qurli’si’ h’a’m qurami’-**Jumi’si’mi’z kirisiw ha’m juwmaqtan ti’sqari’ u’sh bap ha’m paydalani’lg’an a’debiyatlar diziminen ibarat.
**Jumi’sti’n’ tiykarg’i’ na’tiyjeleri-** Izertlew na’tiyjeleri boyi’nsha to’rt ilimiy maqala ilimiy ja’miyrtshilikke usi’ni’ldi’.
**Juwmaq ha’m usi’ni’slardi’n’ qi’sqa uli’wmalasti’ri’lg’an si’patlamasi’-**Bul jumi’s jurnalistika tarawi’ ushi’n a’hmiyetli ma’selerdi so’z yetkenligi menen qunli’ yesaplanadi’.

İlimiy basshi’: _________________ f.i.k.dotsent. Zliyxa Worazi’mbetova

Magistrant: _________________ Utebaeva Venera

MINISTRY OF HIGH AND SECONDARY SPECIAL EDUCATION OF THE REPUBLIC OF UZBEKISTAN
KARAKALPAK STATE UNIVERSITY

Masters department
Department of journalism
Academican year: 2011-2012/2012-2013

Master: Utebaeva Venera
Supervisor: Ziiyxa Orazi'mbetova
Speciality: «Journalism»

## THE ANNOTATION OF THE MASTERS DISSERTATION

**Relevancy of the research-** Today this the theme is very urgent for journalism, is especial of press. We determine the theory style of sketches.

**The purpose of the research** is the theory is necessary to study language and art style of sketches of scientific

**The aim and subject** -The object of job sketches which is published of different press. The subject of job will be defined style language on this by with sketches aspect

**Methods of the research** -are scientific, statistic, regular and literatury – art.

**Scientific novelty-** this dissertation the first time is written about a theme language and art style of a genre of sketches.

**Practical feature-** is the dissertation helps to appear qualitative sketches and helps the people which want to write sketche.

**The structure of the research-** is consists of introductory part, 3 chapters, 7 paragraphs and the list of used literatures.

**The main results of the research-**is published four scientific clauses for this theme

**In conclusion**, the dissertation is very urgent and it is useful for journalism.

Supervisior : ____________________ Z.Orazimbetova docent, of the karakalpak chair

Mater: ____________________ Utebaeva Venera

# M A Z M U N I’

**I BAP.** **BASPASO’ZDE OChERK JANRI’**

**1.1. Respublikal?q gazetalarda ocherkler …………………………………..**

**1.2. Rayonl?q gazetalarda ocherkler………………………………………**

**1.3. «A’miwda’rya» jurnal?nda ocherklerdin’ sa’wleleniwi ……………….**

**II BAP. OChERK JANRI’NI’N’ TİLLİK WO’ZGEShELİKLERİ**

**2.1. Ocherk janri’nda go’nergen so’zler ha’m qaratpalardi’n’ qollani’li’wi’……………………………………………………………..**

**2.2. Ocherkte tan’laqlardan paydalani’w………………………………………**

**2.3. Ocherk janri’nda frazeologizmler ha’m naqi’l-maqallardi’n’ qollani’li’w wo’zgeshelikleri…………………………………………………………..**

**III BAP. OChERKTE KO’RKEM STİL MA’SELELERİ**

**3.1. Ocherkist sheberliginde ko’rkem stillik wo’zgeshelikler……………...**

**3.2. Ocherkisttin’ portret jasaw sheberligi…………………………………**

**Juwmaqlaw**

**Paydalani’lg’an a’debiyatlar**

## Kirisiw

### Jumi’sti’n’ uli’wma si’patlamasi’

**Magistrlik dissertatsiya jumi’si’ni’n’ aktuall?g’i’.** Ma’mleketimiz g’a’rezsizlik statusi’n qolg’a kirgizgen son’, barli’q tarawlar qatari’nda jurnalistika tarawi'nda da u’lken wo’zgerisler ju’z berdi. Jan’alani’wlar ha’m da’wir talabi’ menen respublikami’z g’alaba xabar qurallari’ni’n’ ten’dey qa’dem taslap kiyati’rg’ani’, bul iygilikli maqsetlerdi baspaso’zdin’ minsiz atqari’p kiyati’rg’anli’g’i’n maqtani’sh penen ayti’p wo’tsek boladi’. Ma’mleketimizde ju’z berip ati’rg’an demokratiyali’q jan’alani’w protsesslerinde g’alaba xabar qurallari’ wo’zlerinin’ qali’s xi'zmetlerin atqari’p kelmekte. Soni’n’ ushi’n da Prezidentimiz İ.A.Karimov, 2010-ji’ldi’n’ 12-noyabr sa’nesinde boli’p wo’tken Oliy Ma’jlistin’ Ni’zamshi’li’q Palatasi’ ha’m Senatti’n’ qospa ma’jlisinde shi’g’i’p so’ylegen bayanati’nda:

«Bu’gin biz demokratiyali’q protsesslerdi teren’lestiriw, xali’qti’n’ siyasiy belsendiligin artti’ri’w, puqaralardi’n’ ma’mleketimizdin’ siyasiy ha’m ja’miyetlik turmi’si’na a’meliy qatnasi’ haqqi’nda so’z yeter yekenbiz, a’lbette, ma’limleme yerkinligin ta’miynlemesten g’alaba xabar qurallari’n adamlardi’n’ wo’z pikir-ideyalari’n, boli’p ati’rg’an waqi’yalarg’a wo’z mu’na’sibeti ha’m pozitsiyasi’n yerkin bildire alatug’i’n minberge aylandi’rmay turi’p, bul maqsetlerge yerisip bolmasli’g’i’n wo’zimiz jaqsi’ bilemiz»-dep ko’rsetken yedi.

Yelimizdin’ rawajlani’wi’na, gu’llep-jasnawi’na ha’m abadanlasi’wi’na, du’nya ma’mleketleri menen ten’ qa’dem ati’wi’na wo’zlerinin’ salmaqli’ u’leslerin qosi’p ati’rg’an ha’r bir tarawdi’n’ yel azamatlari’ ha’m miynet aldi’n’g’i’lari’ h’aqqi’nda g’alaba xabar qurallari’nda tu’rli janrlarda so’z yetiledi. Bunda ko’rkem-publitsistikali’q janrlardi’n’ biri bolg’an ocherk janri’ni’n’ atqaratug’i’n wazi’ypasi’ u’lken. Woy’tkeni ocherk qi’sqa ha’m i’qsham yetip jazi’li’p, ko’rkem shi’g’armalardag’i’ si’yaql? ko’rkemlikti talap yetedi. I’qsham ha’m ko’rkem yetip jazi’lg’an ha’r qanday shi’g’arma insandi’

wo’zine tarti’wi’ ha’m shi’n i’qlasi’ menen berilip woqi’wi’na imka’n jaratadi’.

İlim tarawi’nda ocherk janri’ boyi’nsha teoriyali’q izlenisler ali’p bari’ldi’. Bunda wo’zbek jurnalistikasi’nda son’g’i’ waqi’tta jari’q ko’rgen «Hozirgi zamon jurnalistikasi» ha’m M.Xudayqulovti’n’ «Jurnalistika va publitsistika» miynetleri, qaraqalpaq jurnalistikasi’nda Z.Qoji’qbaevani’n’ «Ha’zirgi qaraqalpaq a’debiyati’nda ko’rkem ocherk» atamasi’ndag’i’ kandidatli’q dissertatsiyasi’ jaqlandi’. Bul miynetlerde ocherktin’ janrli’q wo’zgeshelikleri, wog’an qoyi’latug’i’n talaplar ha’m wazi’ypalari’ h’aqqi’nda pikirler bildirildedi, baspadan shi’qqan ocherkler ken’ tu’rde ilimiy analizge tarti’ladi’. Biraq solay bolsa da wolardi’n’ hesh birewinde ocherk janri’ni’n’ tillik ha’m stillik wo’zgeshelikleri haqqi’nda pikirler bildirilmegen. Al, ocherk janri’ ushi’n woni’n’ tili h’a’m stilindegi wo’zgesheliklerdi teoriyali’q jaqtan ashi’p beriw u’lken a’hmiyetke iye. Sebebi, son’g’? waqi’tta publitsistikali’q wo’tkirligi to’men, tili sayi’z, ko’rkemlik ta’repinen janr talabi’na juwap bermeytug’i’n ocherkler baspaso’z betlerinde ushi’rasa basladi’. A’piwayi’ maqalani’n’ bas betine ocherk degen atamani’n’ qoyi’li’wi’ bul janrdi’n’ quni’ni’n’ to’menlewine h’a’tteki gazeta oqi’wshi’lari’ni’n’ o’cherkke bolg’an qi’zi’g’i’wshi’li’qlari’ni’n’ pa’seyiwine ali’p kelmekte. Bunday gazeta materiallari’ janr talabi’na juwap bermeydi, biraq bul boyi’nsha hesh bir ilimiy derekte so’z yetilmegen.

Sonl?qtan da, bizin’ magistrlik jumi’si’mi’zdi’n’ aktualli’g’I’, ocherk janri’ni’n’ tillik wo’zgesheligin ha’m ko’rkem stillik talaplari’n ashi’p beriw, baspaso’zde ocherk janri’nda ja’riyalang’an materiallardi’ ilimiy analiz yetiwden ibarat. Ocherkte tilimizdegi antonimler, paronimler, qaratpalar, go’neregen so’zler, frazeologizmler, naqi’l-maqallar, stilistikali’q figuralar ha’m troplardi’n’ tu’rleri ha’m basqada mu’mkinshiliklerden ken’ tu’rde paydalani’wg’a boladi’. Biz, bul jumi’si’mi’zda bulardi’n’ tek ocherk janri’ni’da jiyi ushi’rasatug’i’n tu’rlerine toqtali’p wo’temiz. Al, ocherk janri’ni’n’ ko’rkem-stillik wo’zgesheliklerin ashi’p beriwde jurnalistika tarawi’ xi’zmetkerlerinin’ baspaso’z betlerinde jari’q ko’rgen ocherklerindegi ko’rkemlikti, wolardi’n’

jazi’w stilin ha’m sheberliklerin ani’qlawg’a ha’reket yetemiz. Bunda bizin’ izertlew obektimiz respublikali’q, rayonli’q ha’m «A’miwda’rya» jurnallari’ndag’i’ jari’q ko’rgen ocherkler boli’p yesaplanadi’.

Ocherk janri’ni’n’ tili menen ko’rkemlik stili publitsistikani’n’ basqa janrlari’na sali’sti’rg’anda a’dewir ken’ mu’mkinshiliklerge iye. Wolar bir-birine mas ra’wishte, avtordi’n’ jazi’w sheberliginen kelip shi’g’i’p jazi’ladi’. Magistrlik dissertatsiyami’zda baspaso’z janrlari’ni’n’ usi’ ta’replerine mi’sallar keltirip, jumi’si’mi’z bari’si’nda da’lillewge ha’reket yettik. Wo’ytkeni, ocherk janri’ni’n’ tillik ha’m stillik wo’zgesheliklerin ani’qlaw bu’gingi jurnalistika tarawi’ ushi’n yen’ aktual ma’selelerdin’ biri.

**Temani’n’ izertleniw da’rejesi.** Qaraqalpaq jurnalistikasi’nda ocherk janri’ baspaso’zde belgili da’rejede qa’liplesken ha’m rawajlang’an janr boli’wi’na qaramastan, woni’n’ tillik ha’m stillik wo’zgeshelikleri arnawli’ tu’rde izertlengen joq.

Ocherk janri’ni’n’ teoriyali’q negizleri boyi’nsha Z.Qoji’qbaevani’n’ «Qaraqalpaq publitsistikasi’nda sud ocherkleri[1]» miyneti jari’q ko’rdi. Wo’zbek jurnalistikasi’nda M.Xudayqulovti’n’ «Jurnalistika va publitsistika[2]» ha’m «Hozirgi zamon jurnalistikasi[3]» miynetleri baspadan shi’qti’.

Qaraqalpaq a’debiyati’nda ko’rkem ocherktin’ janrli’q jaqtan rawajlani’w jag’dayi’ boyi’nsha Z.Qoji’qbaevani’n’ «Ha’zirgi qaraqalpaq a’debiyati’nda ko’rkem ocherk[4]» atamasi’ndag’i’ kandidatli’q dissertatsiyasi’ jaqlandi’. Wo’zbek a’debiyati’nda İ.P.Mirzaevti’n’ «W’ozbek a’debiyati’nda ko’rkem ocherk[5]», A.S.Xudaybergenovti’n’ «Osobennosti razvtiya janra ocherka v sovremennoy

---

[1] Қожықбаева З. Қарақалпақ публицистикасында суд очерклери Н.,2009

[2] Худайқулов М. Журналистика ва публицистика.Т.,2011

[3] Ҳозирги замон журналистикаси.Т.,2008

[4] Қожықбаева З. Ҳәзирги қарақалпақ әдебиятында көркем очерк.(1980-1990 ж.ж) канд.дисс.Нөкис.,1998

[5] Мирзаев И.П. Художественный очерк в узбекской литературе.(1945-1960г.г)канд.дисс.СамГу.им.А.Новой.,1961

uzbekskoy literature[6]» atamasi'ndag'i' kandidatli'q dissertatsiyalari' jaqlandi'. Bul miynetler bizin' dissertatsiyami'z ushi'n tiykarg'i' derek wazi'ypasi'n atqaradi'.

Ocherk janri'ni'n' ilimiy-teoriyali'q, tillik ha'm stillik wo'zgeshelikleri boyi'nsha rus jurnalistikasi'nda ilimpaz T.V.Yakovlevani'n' «Xudojestvenni'y stil ocherkov S.T.Askakova «Buran[7]» i «Ocherk zimnogo dnya[8]» , «Yazi'k i stil xudojestvennogo ocherka «Buran[9]»», N.F.Karginanın' «İvan Alekseevich Bunin. Ocherk jizni i tvorchestva[10]» atamasi'ndag'i' ilimiy miynetleri jari'q ko'rdi. Bul atatalg'an miynetlerde ocherk janri'ni'n' teoriyali'q, tematikali'q, filosofiyali'q tillik h'a'm stillik wo'zgeshelikleri izertlengen. Usi'lardi' yesapqa alg'an halda biz bul jumi'si'mi'zda ocherk janri'ni'n' tillik ha'm stillik wo'zgesheliklerin belgili qaraqalpaq ocherkistlerinin' miynetleri ja'rdeminde u'yreniw ma'selesin wazi'ypa yetip qoydi'q.

**Jumi'sti'n' maqseti ha'm wazi'ypalari'.** Magistrlik dissertatsiya jumi'si'mi'zdi'n' maqseti sonnan ibarat, ko'rkem-publitsistikali'q janrlardi'n' biri bolg'an ocherk janri'ni'n' tillik ha'm stillik wo'zgesheliklerin ani'qlaw, baspaso'zde jari'q ko'rgen ocherklerdi analizlew, ocherk tilinin' a'debiy til menen baylani'sli'li'g'i'n ashi'p beriw, belgili publitsistlerdin' jazi'w stillerin ha'm sheberliklerin teoriyali'q jaqtan izertlewden ibarat. Usi' maqsetti a'melge asi'ri'wda to'mendegi wazi'ypalar qoyi'ldi':

- Baspaso'zde jari'q ko'rgen ocherklerdi analizlew;
- ocherk janri'ni'n' tiline ta'n bolg'an belgilerdi ashi'p ko'rsetiw;
- ocherk tilinin' leksikali'q ha'm stilistikali'q wo'zgesheliklerin ani'qlaw;

---

[6] Худайбергенов А.С. Особенности развтия жанра очерка в современной узбекской литературе.(1960-1970-е г.г) канд.дисс.Т.,1980

[7] Яковлева Т.В. «Художественный стиль очерков С.Т.Аскакова «Буран» Международный научной конференции(Казань, 4-7 мая 2007 года)

[8] .Яковлева Т.В. «Язык и стиль художественного очерка «Буран»». Международный научной конференции(Казань, 4-7 мая 2007 года).

[9] Яковлева Т.В. «Художественный стиль очерков С.Т.Аскакова «Буран» и «Очерк зимного дня»» Международный научной конференции(Казань, 4-7 мая 2007 года).

[10] Каргина Н.Ф. Иван Алексеевич Бунин. Очерк жизни и творчества.Москва.,2007

-ocherk janri’nda jiyi qollani’latug’i’n tildegi bar mu’mkinshiliklerden paydalani’w ma’selesin u’yreniw;

- ocherkistlerdin’ portret jasaw sheberliklerin u’yreniw;

-ocherkistlerdin’ jazi’w usi’llari’n ha’m sheberliklerin ani’qlaw.

Atap wo’tilgen ma’selelerdin’ barli’g’i’n di’qattan shette qaldi’rmay ja’mlep izertlep ha’m u’yrenip bari’w jumi’s?mi’zd?n’ maqsetin bir qansha quramalasti’radi’.

**İzertlew jumi’si’ni’n’ ilimiy jan’ali’g’i’**. Magistrlik dissertatsiya ocherk janri’ni’n’ tillik ha’m stillik wo’zgeshelikleri haqqi’nda izertlengen birinshi arnawli’ jumi’s bol?p tabi’ladi’. Wonda ocherk janri’ni’n’ stillik wo’zgeshelikleri: atap aytqanda ocherk janri’nda jiyi qollani’latug’i’n go’nergen so’zler, frazeologizmler, naqi’l-maqallar, qaratpalar ha’m tan’laqlardi’n’ stillik qollani’li’w wo’zgeshelikleri, wolardi’n’ ocherk janri’ tilinin’ jetilistirip ha’m rawajlani’wi’ndag’i’ a’h’miyeti sistemali’ tu’rde ilmimiy jaqtan izertlendi. Soni’n’ menen birge belgili ocherkistlerdin’ portret jasaw sheberlikleri, so’z tan’law, waqi’yani’ bayanlaw ha’m obraz jasaw usi’llari’ teoriyali’q jaqtan analizlenedi. Ocherk janri’ni’n’ tiline ha’m stiline jeterli itibar qarati’w woni’n’ qunli’l?g’i’n asi’ri’wg’a ja’rdem beretug’i’n tiykarg’i’ faktorlar yekenligi ani’qlanadi’.

**İzertlewdin’ teoriyali'q ha’m a’meliy a’hmiyeti.** İlimiy izlenistin’ *teoriyali’q a’h’miyeti*-ocherk janri’ni’n’ tilik ha’m stilik wo’zgesheliklerin ani’qlawda birinshi ret jazi’lgan jumi’s bolg’ani’ ushi’n, woni’n’ tilin u’yreniw ha’m ocherkistlerdin’ do’retiwshiligindegi sheberliklerdi u’yreniw, ocherkistlerdin’ so’z tan’lawdag’i’ sheberlik si’rlari’n ashi’w, wolardi’ yen jaydi’ri’w ushi’n bah’al?derek wazi’ypasi’n atqaradi’. Wonda til stilindegi barli’q qolayli’qlar wo’z aldi’na bo’limlerge bo’linip ashi’p ko’rsetilgen. Jumi’sti’n’ na’tiyjeleri to’mendegi *a’meliy ma’selelerdi* sheshedi:

- Belgili ocherkistlerdin’ so’z tan’law sheberliklerin u’yreniwde, wolardi’n’ jazi’w stillerin biz ko’rsekten mi’sallar tiykari’nda u’yreniwge, ocherkistlerdin’ do’retiwshilik laboratoriyasi’ menen tani’si’p, sheberlik si’rlari’n men’geriwge ;

- Usi’ni’n’ na’tiyjesinde janr talabi’na juwap beretug’i’n ocherklerdin’ ko’beyiwine;

- Joqari’ woqi’w wori’nlari’ studentlerine, jurnalistika qa’nigeligine woqi’ti’w sabaqlari’nda lektsiyali’q derekler, a’meliy shi’ni’g’i’wlar mi’sali’ si’pati’nda paydalani’w mu’mkin.

**İzertlew obekti ha’m predmeti.** Magistrlik dissertatsiya jumi’si’ni’n’ tiykarg’i’ obekti si’pati’nda 2005-ji’ldan baslap baspaso’zde jari’q ko’rgen ocherkler. Bul materiallar tiykari’nda ocherk janri’ni’n’ tillik ha’m stillik wo’zgesheliklerin u’yreniw jumi’sti’n’ predmeti boli’p tabi’ladi’.

**Magistrlik dissertatsiya jumi’si’ni’n’ teoriyal?q ha’m metodologiyali’q tiykarlari’.** Jumi’si’mi’zdi’n’ metodologiyali’q tiykari’ si’pati’nda Prezidentimiz İ.A.Karimovti’n’ miynetlerinen paydalani’w menen birge jurnalistika ha’m qaraqalpaq tili ilimpazlari’ni’n’ miynetlerinen Voroshilov V.V. Jurnalistika. (M.,1992) Bekbawliev D. «Men − redaktsiyadan!...». (No’kis., 1996), Jumamuratova M. Jurnalistika teoriyasi’ ha’m praktikasi’ boyi’nsha bag’darlama. (No’kis., 1996) Goroxov G. Osnovi’ jurnalisticheskogo masterstva. (M., 1980) Terti’chni’y A. Analiticheskaya jurnalistika. (M., 1998.) Togaev O. Publitsistika janrlari. (T., 1985) Proxrov E.P. Vvedenie v teoriyu jurnalistiki. (İzd. RİP-Xolding 2000.) Muxammadiev N. Publitsistika janrlari. (T., 1978) Da’wletov A, Da’wletov M, Qudaybergenovt?n’ M. Ha’zirgi qaraqalpaq a’debiy tili. (No’kis.,2010.), Ysemuratova G.Da’wirler na’pesi.(No’kis.,2009),Masharipova T. Wo’zimdi izleymen.(Tashkent.,2011), Wo’tewliev Wo’. «Barsakelmes» aspani’nan aqqan juldi’z.(T.,2009),Berdimuratov E. A’debiy tildin’ funktsionalli’q stillerinin’ rawajlani’wi’ menen qaraqalpaq leksikasi’ni’n’ rawajlani’wi’. (No’kis., 1978), Nurmuxamedov M. Proza haqqi’nda. (N.,1964), Z.Qoji’qbaeva. Baspaso’z:Janrlar.Maket.Dizayn.(N.,2011), J.Eshbaev Qaraqalpaq tilinin’ qi’sqasha frazeologiyali’q so’zligi.(N.,1985) Xudayqulov M. Jurnalistika va publitsistika. (T., 2011) Hozirgi zamon jurnalistikasi. (T.,2008) Bekbergenov A. Qaraqalpaq tili stilistikasi’. (N.,1990), İ.P.Mirzaevtin’ «Wo’zbek a’debiyati’nda ko’rkem ocherk» (SamGu.im.A.Novoiy.,1961), A.S.Xudaybergenovti’n’

«Osobennosti razvtiya janra ocherka v sovremennoy uzbekskoy literature»(T.,1980), Z.Worazi'mbetova. «Qaraqalpaq ku'ndelikli baspaso'zi tilinin' qa'liplesiwi.(1924-1940- ji'llardag'i' baspaso'z materiallari' tiykari'nda»(kand.diss. No'kis.,2006), Kargina N.F. İvan Alekseevich Bunin. Ocherk jizni i tvorchestva.(Moskva.,2007) Yakovleva T.V. «Yazi'k i stil xudojestvennogo ocherka «Buran»». Mejdunarodni'y nauchnoy konferentsii (Kazan, 4-7 maya 2007 goda), Ampilov V.A.Sovremenni'y gazetni'y ocherk. (Minsk., 1972), Yakovleva T.V. «Xudojestvenni'y stil ocherkov S.T.Askakova «Buran» i «Ocherk zimnogo dnya»» Mejdunarodni'y nauchnoy konferentsii (Kazan, 4-7 maya 2007 goda) ha'm t.b. baspadan shi'qqan miynetlerden paydalandi'm.

**Jumi'sti'n' oprobatsiyasi'.** Jumi's Berdaq ati'ndag'i' Qaraqalpaq ma'mleketlik universiteti Qaraqalpaq filologiyasi' fakulteti jurnalistika kafedrasi'nda wori'nlandi'. Bul tema boyi'nsha to'mendegi ilimiy maqalalar jari'q ko'rdi:

1. Ocherkte ko'rkem stil ma'seleleri. «G'alaba xabar qurallari'ni'n' rawajlani'wi'ni'n' a'hmiyetli ma'seleleri» atamasi'ndag'i' respublikali'q ilimiy-a'meliy Konferentsiyasni'n' maqalalar toplami'. No'kis, 2013., 69-71 bet.
2. Ocherk janri'nda go'nergen so'zlerdin' qollani'li'w wo'zgeshelikleri. (Wo'.Wo'tewlievtin' «Jolbari's palwanni'n' da'ryag'a ketken suw tulpari'» ocherki mi'sali'nda). Magistrantlardi'n' ilimiy miynetleri toplami'. No'kis, 2012.,130-131 bet.
3. Ocherk janri'nda naqi'l-maqallar ha'm frazeologizmlerdin' qollani'li'w wo'zgeshelikleri. Magistrantlardi'n' ilimiy miynetleri toplami'. No'kis.,2013.
4. Bekbawliev D, Utebaeva V. Radioda interaktiv yesittiriwler. (Qaraqalpaqstan radiokanali' ha'm de Nokis-FM radioesittiriwleri mi'sali'nda) QMU, Vestnik Xabarshi'si'. N.,2013

**Magistrlik dissertatsiya jumi'si'ni'n' quri'li'si'.** Jumi'si'mi'z kirisiw ha'm juwmaq bo'limlerinen ti'sqari' 3 baptan ibarat. Kirisiw bo'liminde temani'n' aktualli'g'i', izertleniw da'rejesi, ilimiy-a'meliy a'hmiyeti, ilimiy jan'ali'g'i',

teoriyali’q ha’m metodologiyali’q tiykarlari’, jumi’sti’n’ quri’li’si’ haqqi’ndag’i’ ma’seleleri so’z yetiledi.

Birinshi bap: «**Baspaso’zde ocherk janri’**» dep atali’p, bul wo’z ishine 3 bo’limdi qamti’ydi’

1.1. Respublikali’q gazetalarda ocherklerdin’ beriliwi;

1.2. Rayonli’q gazetalarda ocherklerdin’ beriliwi;

1.3. ««A’miwda’rya» jurnali’nda ocherkler» dep atali’p, wonda baspaso’zde jari’q ko’rgen ocherklerge analiz jasaldi’. Wolardag’i’ jetiskenlikler ha’m kemshilikler haqqi’nda pikirlerimizdi bildirip wo’tip, ocherk qaharmanlari’ haqqi’nda ayti’p wo’ttik.

Ekinshi bap: «**Ocherk janri’ni’n’ stillik wo’zgeshelikleri»** dep atali’p, bul 3 bo’limnen ibarat

2.1. Ocherk janri’nda go’nergen so’zler ha’m qaratpalardi’n’ qollani’li’wi’;

2.2. Ocherkte tan’laqlardan paydalani’w;

2.3.Ocherk janri’nda frazeologizmler ha’m naqi’l-maqallardi’n’ qollani’li’w wo’zgeshelikleri. Bunda ocherk janri’nda aktiv qollani’latug’i’n tillik birlikler, ana tilinin’ ken’ mu’mkinshilikleri, stilistkali’q wo’zgeshelikler izertlendi. Wolardi’ qollani’w arqali’ ocherk tilinin’ bayi’wi’na ha’m ko’rkemliginin’ arti’wi’na ja’rdem beretug’i’nli’g’i’ ani’qlanadi’. Soni’n’ menen birge ocherktegi awi’z yeki so’ylew stilinin’ a’debiy stil menen baylani’sli’li’g’i’, wolardi’ ten’dey qollani’w arqali’ waqi’yani’ obrazli’ do’retiwdegi a’hmiyetin u’yrenemiz.

U’shinshi bap: «**Ocherkte ko’rkem stil ma’selelri»** dep ataldi’ ha’m 2 bo’limnen turadi’.

3.1 Ocherkistlerge qoyi’latug’i’n ko’rkem stillik talaplar;

3.2.Ocherkist do’retiwshiliginde ko’rkem stillik wo’zgeshelikler. Bunda ocherkistlerdin’ jazi’w usi’li’ndag’i’ sheberlikleri u’yrenilip, wolardi’n’ jazi’w laboratoriyasi’ menen ken’nen tani’si’wg’a ha’reket yettik. Wolardag’i’ ko’rkemliktin’ talap da’rejesinde jazi’lg’anli’g’i’n ani’qlaw ushi’n belgili publitsistleridin’ ocherkleri menen ken’nen tani’sti’q, wolardan mi’sallar keltirdik, analiz jasadi’q ha’m teoriyali’q juwmaqlar jasadi’q.

# I BAP. BASPA SO’ZDE OChERK JANRI’

## 1.1.Respublikali’q gazetalarda ocherkler

Wo’zbekstan g’a’rezsizlikti qolg’a kirgizip, Qaraqalpaqstan Suvirenli Respublika boli’p wo’z bayrag’i’ ha’m Gimnine iye bolg’an jan’alani’w da’wirinde, «Yerkin Qaraqalpaqstan» gazetasi’ «Yeldin’ birligi ha’m abadanli’g’i’ ushi’n» degen urandi’ tiykar yetip ali’p, jaqsi’ niyet ha’m g’ayrat penen jarqi’n keleshekke qa’dem tasladi’.

Bul gazeta redaktsiyasi’-wo’z watani’ni’n’ iygilikli maqsetlerine sadi’q, ka’siplik a’dep-ikramli’li’q etikasi’na say, qa’lemi o’tkir, da’wir menen ten’ qa’dem taslaytug’i’n, du’nyali’q standartlarg’a sa’ykes, milliy qa’driyatlarg’a tiykarlang’an sheber jurnalistlerdin’ do’retiwshilik mektebi de boli’p kiyati’rg’anli’g’i’ so’zssiz.

Sebebi, Qaraqalpaqstan jurnalistikasi’ wo’zinin’ jan’a informatsiyali’q dereklerge ha’mde teren’ pikirli tallawg’a quri’lg’an analitikali’q do’retpeleri menen publitsistikali’q maqalalari’ arqali’ Qaraqalpaqstan zi’yali’lari’ni’n’, yel perzentlerinin’ obrazlari’n sa’wlelendiriw, Paraxatshi’li’qti’ saqlaw ha’m patriotli’q sezimlerdi jetilistiriw ha’m t.b. usi’ si’yaqli’ ulli’ islerdi a’melge asi’ri’wdi’ maqset yetip qoydi’. Solardi’n’ arasi’nda jurnalistler, jazi’wshi’lar so’z yetpekshi bolg’an ma’seleleri ushi’n ocherk janri’n yen’ tiykarg’i’ bag’dar yetip ali’p, gazeta betlerinde barli’q insanlar qi’zi’g’i’p woqi’ytug’i’n ocherkler do’retip kelmekte. Respublikali’q gazetalardi’n’ arasi’nda yen’ ko’p ocherkler usi’ gazetada jari’q ko’redi.

Ocherk ko’rkem-publitsistikali’q janrlardi’n’ ishinde yen’ a’hmiyetli janrlardi’n’ biri. Ocherk ko’rkem-publicistikali’q janr bolg’anli’g’i’ ushi’n wonda ko’rkem a’debiyatqa ta’n bolg’an qurallar menen publicistikali’q wo’zgeshelik baylani’sli’ boli’p, birin-biri toli’qti’ri’p woti’radi’.

Ocherktin’ ko’rkemlik ta’repi wondag’i’ waqi’yalardi’ obrazli’ yetip su’wretleydi, insan kelbetin ha’m ishki du’nyasi’n, miynetkeshligin ha’m ha’reketlerin, jarati’wshi’li’q iskerligin ko’rkem qurallar ja’rdeminde

janlandi'ri'p su'wretlewden ibarat bolsa, woni'n' publicistikali'q ta'repi avtordi'n' waqi'ya ha'm ha'diyseler, wonda ko'terilgen mashqalalar haqqi'ndag'i' pikirlerinen ha'm sheshimge kelgen juwmaqlari'nan ibarat.[11]

Gazetani'n' 2012-ji'l 25-fevral sanшi'nda jurnalist Wo'.Wo'tewlievtin' «Jer shari'n alaqani'nda ko'rgen adam» ocherki ja'riyalang'an. Ocherkte jer du'ziwshi injener, Qaraqalpaqstang'a miyneti sin'gen irrigator Maqset Begaliev haqqi'nda so'z yetilgen.

«-Maqset dosti'm, qalay da tegin adam yemessen' aw! Barg'an jerin' u'lken wo'zgeris. Awg'anstan menen Efiopiyadag'i' ma'mleketlik awdari'spaqlardi' aytpaysan' ba?! (belgili jurnalist Sh.Usnatdinovti'n' mekteples dosti' Maqset Begalievqa aytqan ha'zil-shi'n so'zlerinen).

Qulaq yesitkendi, ko'z ko'rgen zamanda jasaymi'z. Maqset ag'a Begaliev wo'zine du'nyadag'i' mi'n'san-yeki ka'siptin' ishinen jer du'ziwshi injener qa'nigeligin tan'lapti'...» Avtor ocherkti usi'layi'nsha baslay woti'ri'p, jer du'ziwshi injener ka'sibinin' juwapkershilikli ha'm mashaqati' ka'sip yekenligi haqqi'nda ayti'p wo'tedi.

Wo'zbekstan suw xojali'g'i' ministrliginde si'rt yeller menen uzaq ji'llardi' go'zlep, turaqli' tu'rde wo'z-ara paydali' birge islesetug'i'n bo'lim ta'repinen «O'zgiprovodxoz» joybarlaw instituti'ni'n' jetekshi qa'nigeleri buyi'rtpa boyi'nsha ko'plep yellerde kelisim sha'rtnamasi' arqali' xi'zmet sapari'na jiberilip, Maqset Begaliev Awg'anstan menen Efiopiya ma'mleketine jiberildi. Avtor qah'armanni'n' usi' yeki ma'mlekette islegen isleri haqqi'nda ken'nen so'z yetip, woni' ko'rkemlep jetkeriwge ti'ri'sqan. Avtor qaharman obrazi'n ashi'p beriwde shayi'r İ.Yusupovti'n' mi'na qatarlari'n keltirip wo'tedi:

« Aydi'n shalqar suwlar tu'sine yenip,

Bos jatqan jerler ko'p Qaraqalpaqta,- dep qosi'q qatarlari'na dizgenindey, qara jerden bali'q wo'ndiriwde ko'birek diyqanni'n' ati' atali'p, aldi'n'g'i' shepte ju'retug'i'n jer du'ziwshi-injenerlerdi yeskere bermeymiz» degen hazil shi'n aralas qatarlardi' keltirip wo'tedi. Ocherkte woni'n' balali'g'i'nan baslap, usi'

---

[11] Ҳозирги замон журналистикаси. Тошкент-2008.148-149-бет

ka’sipti tan’lag’anli’g’i’n, studentlik da’wirin ha’m tiykarg’i’ ka’sibi haqqi’nda ko’rkem boyawlar menen obrazli’ tu’rde su’wretlep bergen. Ma’selen, «Maqset Shomanaydi’n’ pi’shi’q murni’ batpastay tog’ayi’ menen aq topi’rag’i’ burqi’ldag’an bozlari’na 1940-ji’llari’ ji’ynalg’an qurama yelde «aqu’shkil» ashqan Begali’ mug’allimnin’ tun’g’i’shi’. Balali’g’i’ uri’s h’a’m jen’isten keyingi qi’si’lshan’li’q da’wirlerge dus kelip, «Gelleasqanni’n’» qumi’ menen «Aqjap» boylari’nda wo’tti. 1957-ji’li’ Mendeleev ati’ndag’i’ worta mektepti ayri’qsha bah’alarg’a pitkergende «Oqi’ytug’i’n zamani’n’ keldi, keleshek baxti’n’di’ ilim-h’ikmetten izle» dep haq jol tilegen a’kesi awi’l jaslari’na birinshiler qatari’ Tashkentke atlandi’radi’…» Ocherkte usi’nday ko’rkem boyawlar menen jazi’lg’an qatarlar wog’ada ko’p bolg’anli’g’i’ menen janli’ shi’qqan ha’m ocherk ko’lemli yetip jazi’lg’an.

Gazetani’n’ 2012-ji’l 3-aprel sani’nda atordi’n’ «Ji’l h’ayali’ni’n’ h’aqi’yqi’y kelbeti» rubrikasi’ asti’nda «Shi’ni’gu’l kempirdin’ genjetay qi’zi’» ocherki berilgen. Ocherk Respublikali’q «Hayallar ken’esi» ja’miyetlik birlespesi ta’repinen wo’tkerilip kiyati’rg’an da’stu’riy «Ji’l h’ayali’» tan’lawi’ni’n’ jen’impazi’, Shomanayli’ 5-sanli’ bilim beriw mektebinin’ direktori’ Tamara Qalli’qli’sheva haqqi’nda jazi’lg’an. Avtor Tamarani’n’ tan’lawdag’i’ jetiskenliklerin, «Ji’l h’ayali’-2011» tan’lawi’ni’n’ jen’impazi’ boli’p, «Matiz» mashinasi’ menen si’yli’qlang’anli’g’i’n toli’p-tasi’p su’wretleydi. Bul jetiskenlikler wo’zinen wo’zi bolmag’anli’g’i’n, buni’n’ asti’nda Tamarani’n’ ti’ni’msi’z miynetlerinin’ na’tiyjesi yekenligi ayti’p wo’tildi. Ocherkte h’aqi’yqi’y bilimlendiriw tarawi’ pidayi’si’ni’n’ kelbeti sa’wlelendirilgen.

Ja’nede usi’ avtordi’n’ gazetani’n’ 2007-ji’l 15-mart sani’nda «Xirurg» dep atalg’an ko’lemli ocherki berilgen. Ocherk Qon’i’ratli’ xirurg Shamurat Eshanov haqqi’nda. Ocherk ju’da’ sa’tli shi’qqan, wo’ytkeni, avtor qah’armanni’n’ obrazi’n jarati’w ushi’n xirurg penen basi’p wo’tken wo’mir joli’, ka’sibi tuwrali’ azannan baslap tu’n yari’mi’na shekem sa’wbetlesken, ha’tte gezeketegi operatsiyalardi’n’ birine qatnasqan. Meditsina tarawi’ ishinde xirurg ka’sibin tek ju’rekli, ju’reginin’ tu’gi bar, hesh na’rseden qori’qpaytug’i’n insanlar g’ana

tan’laytug’i’nli’g’i’ jo’ninde ayti’p wo’tedi. Ma’selen, «…Operaytsiya bo’lmesinen ko’zleri girtiyip, qansha hari’p sharshasada, kewil xoshi’ ko’terin’ki shi’qqan Shamurat ag’a aldi’na juwi’ri’sqanlarg’a «barli’g’i’ jaqsi’» dep qi’sqa juwap qaytardi’ da isxanasi’na qaray betledi. Wori’nli’g’i’na sulq boli’p woti’rg’anda ju’zin ji’li’ti’p, ku’lim shi’ray berdi de, kitap tekshesindegi İ.Yusupovti’n’ 1992-ji’li’ bapadan shi’qqan Tan’lamali’ shi’g’armalari’ni’n’ yekinshi tomi’nan:

Wa densawli’q, densawli’q
Sen bir ju’ren qoljawli’q,
Bazari’n’ tu’sip ketkende,
Bah’an’ piyaz bir bawli’q…dep baslanatug’i’n qulaqqa jag’i’mli’ jumsaq dawi’si’ menen ko’zleri jaynap, qira’a’tke sali’p oqi’g’anda ku’ni menengi sharshag’a’nlari’ shi’qqanday boldi’…»

Ocherk ko’lemi boyi’nsha gazetani’n’ bir betine shamalas worni’n ali’p, meditsina tarawi’na qi’zi’g’atug’i’n insanlardi’n’ su’yip woqi’ytug’i’n ocherkine aylang’an desek jan’li’spaymi’z. Bunnan ti’sqari’ bul avtordi’n’ bir qansha ocherkleri gazeta betlerinde tez-tezden jari’q ko’rip, ocherk janri’ boyi’nsha jetilisken, qa’lemi wo’tkir do’retiwshi si’pati’nda wori’n iyeleydi.

Meditsina tarawi’ jo’ninde so’z yetilgen, gazetani’n’ 2012-ji’l 1-mart sani’nda jari’q ko’rgen Ye.Yermanovti’n’ «Shi’paker izleniwshen’ bolsi’n» degen atamadag’i’ ocherki ja’riyalang’an. Wonda shi’paker kardiolog Tasqi’n A’bdijamalova haqqi’nda so’z yetiledi. Avtor Tasqi’nni’n’ usi’ tarawg’a qalayi’nsha kirip kelgenligin, woqi’wi’, jumi’si’, turmi’si’ dawami’nda basi’p wo’tken wo’mir joli’n obrazli’ sa’wlelendirgen. Woni’n’ ju’da’ kishipeyil yekenligin, nawqaslardi’ qi’zi’qti’rg’an sorawlarg’a yerinbesten juwap qaytari’p, adamni’n’ dene ag’zalari’ni’n’ du’zilisi, keselliktin’ keshiwi ha’m profilaktikasi’ tuwrali’ bergen na’siyatlari’n ocherkte qi’zi’qli’ detal si’pati’nda paydalang’an. Ocherk kardiologiya tarawi’ni’n’ mashaqatlari’n, shi’pakerdin’ ti’ni’msi’z miynetlerin ken’nen sa’wlelendirip bergenligi menen qunli’ shi’qqan.

Gazetani’n’ 2011-ji’l 28-avgust sani’nda jurnalist Sag’i’ndi’q Ja’nievtin’ «Sadi’qli’q» atamasi’ndag’i’ ocherki berilgen. Ocherkte bilimlendiriw tarawi’nda uzaq ji’llar dawami’nda miynet yetken, Wo’zbekstan Respublikasi’ worta arnawli’ ka’sip-wo’ner ta’limi ag’lasi’, Qaraqalpaqstan Respublikasi’na miyneti sin’gen transport xi’zmetkeri Nazarbay Xalmuratovti’n’ basi’p wo’tken wo’mir joli’ haqqi’nda so’z yetiledi. Ma’selen, «Wo’mirinin’ derlik yari’m a’sirin jas a’wladqa ta’lim-ta’rbiya beriwdey iygilikli iske arnag’an bul jas u’lkendi ushi’ratsam wo’zinin’ miynet ja’ma’a’tine sadi’qli’qti’n’, ka’sibine sheksiz meh’ir-muh’abbat ha’m pidayi’li’qti’n’ u’lgisin ko’rgendey bola beremen. Samayi’ndag’i’ aq shashlar, a’jim basqan nurli’ ju’zi ka’siplik bilimlendiriw tarawi’ndag’i’ uzaq ji’lli’q jemisli xi’zmetinen derek berip turg’anday. ..»

Woni’n’ No’kis avtomobil jol xojali’g’i’ ha’m servis xi’zmeti ka’sip-wo’ner kolledjindegi islegen ti’ni’msi’z miynetleri, jaslarg’a bilim beriwdegi ti’ni’msi’z izlenisleri, ja’miyetshilikte miyneti arqasi’nda u’lken abi’rayg’a yeriskenligin avtor obrazli’ su’wretlep bergen.

Gazetani’n’ 2008-ji’l 15-aprel sani’nda B.Karamatdinovani’n’ «Ji’nayat ba’ribir a’shkara boladi’» atamasi’ndag’i’ sud ocherki berilgen. Ocherkte A’miwda’rya rayoni’ Man’g’i’t qalasi’ Q.Ataniyazov ko’shesinde jasaytug’i’n «Yusuf-iyshan baba» meshitinin’ mutavallisi Sherimbet Ayti’mbetov ha’m woni’n’ ullari’ni’n’ islegen awi’r ji’nayatlari’ so’z yetiledi. Wolar sho’lkemlesken topar boli’p, giyabentlik zatlardi’ kontrabanda joli’ menen shegaradan wo’tkergen ni’zamsi’z ha’reketeleri a’shkaralanadi’. Avtor so’z yetken qah’armani’ni’n’ ka’sibine baylani’sli’ ha’dislerden wori’nli’ paydalani’p ocherkti tarti’mli’ yetip su’yaretleydi. Ma’selen, «Qurani’ Ka’rimde ha’m Allatala ati’ menen ayti’lg’an h’a’dislerdin’ birinde: «Wo’zimnen keyingi u’mmetlerimnin’ u’sh na’rseni: na’psi ba’lesine berilip joldan shi’g’i’p ketiwinen, ilim-bilige iye bola turi’p wo’zinen pa’ske xi’zmet yetiwinen qorqaman» dep bildirgen». Haqi’yqati’nda da Allatalani’n’ ati’n ayti’p, muqaddes wori’nda ulama degen h’u’rmetli atqa iye insanlardi’n’ bunday ha’reketleri insandi’ woylandi’radi’. Avtor wolardi’n’ giyabentlik zatalrdi’ sati’w arqali’ nobay pul tapqanli’g’i’ ha’m wo’z waqti’nda

wolardi'n' qi'lmi'slari' a'shkara yetilip, irkiwge ali'ng'anli'g'i', tiyisli jazalari'n alg'anli'g'i' jo'ninde so'z yetedi.

Sonday aq, gazetada Ye.Yermanovti'n' «Ha'rkimnin' talabi' won'i'nan kelsin…» (2007-ji'l 7-avgust), A.Xalmuratovti'n' «Yesten ketpes yeki ushi'rasi'w» (2004-ji'l 13-noyabr), Wo'.Wo'tewlievtin' « «İyshan qudi'qti'n'» mo'ldir tamshi'si'» ha'm t.b. bir qansha ocherkleri ja'riyalang'an.

Respublikami'zdag'i' jaslardi'n' turmi'si', qolg'a kirgizgen jetiskenlikleri, tabi'slari' haqqi'nda so'z ytetug'i'n birden bir basi'li'm «Qaraqalpaqstan Jaslari'» gazetasi' boli'p tabi'ladi'.

Gazetada tiykari'nan yelimizdin' rawajlani'wi'na u'les qosi'p ati'rg'an, ha'r bir tarawda wo'zlerinin' jetiskenliklerin ha'm talantlari'n ju'zege shi'g'ari'p ati'rg'an jaslar haqqi'nda jazi'lg'an maqalalarg'a ken' wori'n beriledi. Gazetada ko'rkem publitsistikali'q janrda jazi'lg'an ocherkler, esseler ha'm a'debiy janrlardi'n' ishinde balladalar shi'g'i'p turadi', degen menen wolar ju'da' siyrek ushi'rasadi'. Gazeta tikkeley jaslarg'a aranalg'ani'li'g'i' ushi'n maqalalar da wolar ushi'n jazi'ladi'.

Gazetani'n' 2005-ji'l 27-yanvar sani'nda avtordi'n' «Gu'lperi agronom» ocherki berilgen. Ocherkte Qarao'zek rayoni'ni'n' «Ma'deniyat» awi'li' puqarasi' Gu'lperi agronom haqqi'nda so'z yetiledi. Ocherkti avtor bi'layi'nsha baslaydi': « Qi'si', jazi' insanni'n' kewline wo'zgeshe sezim bag'i'sh yetetug'i'n awi'ldi'n' hawasi'n ra'ha'tlene jutqan Gu'lperi A'lieva yep-yerte turdi'.

Hayal si'pati'nda u'y jumi'slari'n ka'mine keltirip, asi'qpay woti'ra almaydi'. Asi'g'i'p ju'rip, ko'p na'rselerge u'lgergisi keledi. Ba'h'a'rdin' jawi'ni'na, woni'n' qolaysi'z hawa-rayi'na ma'ni berip woti'ri'wg'a diyqanlada pursat joq. Sonli'qtan ala ba'h'a'rden belin buwi'p ati'zg'a shi'qqan diyqanlar menen qosa yel basshi'lari' da, basqalari' da birewge arqaw, birewg'e su'yew boli'p, olardi'n' qaptali'nda ju'rmegi kerek».

Agronom ka'sibinin' yegistin' sa'tli baslani'wi'na da, woni'n' jer betinde ko'riniwine de, jaqsi' ta'rbiya ali'wi'na da agronomni'n' xi'zmeti za'ru'r yekenligin, yegilgen yeginlerge agrotexnikali'q ila'jlardi' duri's beriwde

agronomni'n' wazi'ypasi' yekenligin bayanlap wo'tedi. Bul ka'siptin' hayal adam ushi'n awi'rli'q yetetug'i'nli'g'i'n, tan' azannan ayag'i'na brezent yetikti kiyip ali'p, traktor tabi'lsa telejkada yamasa jayawlap ati'z aralaw hayal adam ushi'n ta'n yemesligin wog'ada qi'zi'qli' detallar menen su'wretleydi. Qullasi' ocherk ku'ndi-ku'n, tu'ndi-tu'n demey, ti'ni'p-ti'nshi'maytug'i'n, miynette pisken, awi'l pida'yi'si' haqqi'nda so'z yetiledi.

Gazetani'n' 2008-ji'l 21-fevral sani'nda Sh.Siypatdinovti'n' «İnsan baxti'» ocherki berilgen. Medicina wog'ada u'lken taraw. Woni'n' ha'r bir tarawi'ni'n' wo'zine jarasa maman iyeleri bar. Solardan Qaraqalpaqstan Respublikasi'na miyneti sin'gen meditsina xi'zmetkeri, meditsina ilimlerinin' kandidati', Respublikali'q ko'z kesselliklerinin' bas shi'pakeri oftalmolog Bekniyaz İsmailov haqqi'nda jazi'lg'an. Woni'n' qanshadan-qansha biytaplarg'a bul jari'q du'nyani'n' go'zzali'qlari'n ko'riw baxti'n nesip ettirgen shi'pakerdin' basi'p wo'tken o'mir joli', tarawdi' rawajlandi'ri'wg'a qosqan u'lesi a'sirese, ko'zdin' juqpali' kesellikler bolg'an traxoma, glaukomiya, katarakta keselliklerine qarsi' gu'resiwde woni'n' ti'ni'msi'z miynetlerinin' bar yekenligin, bul kesellik Qaraqalpaqstanda 1966-ji'lg'a kelip uli'wma joq yetilegenligin ayti'p wo'tedi.

Respublikamzda tarawli'q gazetalardi'n' ishinde «Ustaz Joli'» gazetasi'ni'n' baspadan shi'g'i'p ati'rg'anli'g'i'na wonsha ko'p waqi't bolmasa da, wo'zinin' qunli' maqalalari' menen ja'miyetshiliktin' su'yip woqi'ytug'i'n gazetasi'na aylani'p u'lgerdi. Ja'miyetlik-siyasiy, ruwxi'yli'q ha'm bilimlendiriw gazetasi' bolg'an «Ustaz Joli'» gazetasi' «Aqi'li' ka'mil ilimi zor, bilimli yel bolmaydi' qor» degen uran menen shi'g'i'p, gazetada ja'miyetimizdegi barli'q tarawlarda yerisilip ati'rg'an jetiskenliklerge, a'sirese bilimlendiriw tarawi'nadag'i' maqalalarg'a ken' wori'n beriledi. Wonda ocherkler tez-tez shi'g'i'p turmasa da, arasi'nda bilimlendiriw ha'm basqa da tarawdi'n' qa'nigeleri haqqi'nda jazi'lg'an ocherklerdi ushi'ratami'z.

Gazetani'n' 2007-ji'l 22-sentyabr sa'nesinde Qaraqalpaqstang'a miyneti sin'gen Ma'deniyat xi'zmetkeri, jurnalist Aytmurat Baltamuratovti'n' «Ha'wes yetse arzi'ydi'» atamasi'ndag'i' ocherki berilgen. Ocherkte A'jiniyaz ati'ndag'i'

No’kis ma’mleketlik pedagogikali’q instituti’ jani’ndag’i’ 1-sanli’ akademiyali’q liceydin’ joqari’ kategoriyali’, biologiya pa’ninin’ mug’allimi Parshagu’l Kamalova haqqi’nda so’z yetilgen. Ocherktin’ baslamasi’nda mug’allimshilik ka’sibi haqqi’nda xali’qti’n’ awzi’nda ayti’li’p ju’rgen ra’wiyattan paydalang’an. Ma’selen, Ra’wiyatlarda ayti’li’wi’nsha bir ku’ni Sultan Xusayn Bayqara ha’zireti A’liysher Nawayi’ni’ qasi’na ali’p shikarg’a shi’g’i’p barati’rsa bir awi’ldi’n’ tusi’nda wolarg’a joldi’n’ shetinde turg’an 6-7 jaslar shamasi’ndag’i’ kishkene bala sa’lem beripti. Xusayn Bayqara sa’lemdi a’lik ali’pti’ da wo’tip ketipti. Al, Ha’zireti Nawayi’ attan tu’sip sol bala menen qos-qollap ko’risipti. Keyin atqa minip joli’n dawam yetip barati’rg’anda Sultan Nawayi’g’a qarap, «Siz ma’mleket wa’ziri bolsan’i’z, woni’n’ u’stine ati’-h’awazan’i’z a’lemge tani’lg’an shayi’rsi’z. Ne ushi’n qurttay balag’a sonshelli miriwbet ko’rsettin’iz? Sebebin bilsek bola ma?» -dep sorapt. Sonda Nawayi’ ulli’ da’rejeli h’u’kimdari’m ga’p balada yemes, usi’ balani’n’ a’kesi menin’ sawati’mdi’ ashqan yedi. Soni’n’ ushi’n men ustazi’mni’n’ jeti pushti’ni’n’ aldi’nda ma’n’gi qari’zdarman depti. Sol aytqanday ustaz ulli’ insan. Ha’mme ustazdan ta’rbiya aladi’».

Ocherkte qah’armanni’n’ bilimlendiriw tarawi’na qosqan u’lken u’lesi, tayarlag’an sha’kirtlerinin’ jetiskenlikleri, meditsina tarawi’na qosqan u’lesi, baspadan jari’q ko’rgen kitaplari’ haqqi’nda ayti’ladi’. Degen menen ocherk janr talabi’na juwap bermeydi, a’piwayi’ maqala desek te boladi’. Sebebi, obrazli’li’q, ko’rkem su’wretlew wog’ada sayi’z. Son’g’i’ waqi’tta usi’nday publitsistikali’q wo’tkirligi to’men bolg’an ocherklerdi baspaso’zde ko’plep ushi’rati’w mu’mkin.

Ja’ne de gazetani’n’ 2007-ji’l 28-iyun sa’nesinde avtordi’n’ «Gu’l jaynag’an Gu’lnara» ocherki berilgen. Ocherk Qaraqalpaqstang’a miyneti sin’gen jurnalist, miynet veterani’ Gu’lnara Matyakubova haqqi’nda jazi’lg’an. Ocherkte waqi’yalar Gu’lnarani’n’ tuwi’li’wnan baslap, woqi’g’an waqi’tlari’, jurnalistika tarawi’na aralasi’wi’, miynet joli’ birme-bir bayanlang’an. Bul ocherkte de ko’rkem su’wretlew sayi’z, qi’zi’qli’ detallar sa’wlelendirilmegen. Avtor dizilisken

mag'li'wmatlardi' izli-izinen berip wo'tip, wo'zinin' pikirlerin bayanlamag'an. Wol ko'p mag'li'wmatlardi' keltirip wo'tken, degen menen wolardi' qi'zi'qli' ha'm tarti'mli' waqi'yalar menen baylani'sti'ri'p su'wretlep bergende, maqsetke muwapi'q bolg'an bolar yedi. Son'g'i' waqi'tlari' mazmuni' sayi'z, janr talabi'na juwap bermeytug'i'n usi'nday ocherklerdin' baspadan jari'q ko'riwi ju'da' wo'kinishli.

Gazetani'n' 2010-ji'l, 26-iyun sani'nda jurnalist Amanli'q İbaydullaevtin' «Baspaso'zdin' ko'rnekli wa'kili» atli' ocherki ja'riyalang'an. Ocherkte avtor ka'siplesi Qaljanbay Qutli'muratov haqqi'nda so'z yetedi. Ocherktin' baslamasi'nda İ.Ka'rimovti'n' «Yelim dep, jurti'm dep, jani'p jasaw kerek» degen so'zin epigraf si'pati'nda wori'nli' paydalang'an. Jurnalistika ka'sibinin' wo'zine jarasa mashaqatli' ta'replerin, qah'armanni'n' tarawi'ndag'i' islegen miynetlerin tarti'mli' ha'm ta'sirli yetip su'wretlep bergen. Wol qaxarmanni'n' minez-qulqi'n, ha'reketlerinin ashi'p beriw ushi'n satirik jazi'wshi' Axmed Aqnazarov ha'm Wo'zbekstang'a miyneti sin'gen ma'deniyat xi'zmetkeri A'bdimurat Atajanov penen pikirlesip, wolardi'n' qaharman haqqi'nda ayti'lg'an pikirlerinen paydalang'an. Ma'selen, Axmed Aqnazarov-Qaraqalpaqstan jazi'wshi'lar awqami'ni'n' juwapli' xatkeri, satirik jazi'wshi'.

-Yerterekte gazeta xabarshi'si', jurnalist haqqi'nda jazg'an bir yumorli'q gu'rrin'imdi bi'lay baslag'an yekenmen. «…Awa, xabarshi'man! Xabarshi'li'q jumi'si' ju'da' qi'zi'q ta'. Yeki-u'sh adam ji'ynalg'an jer bolsa bolg'ani' yeki iynin'di qi'si'p, murni'n'di' sug'i'p bara beresen', jazi'w kerek! Sebebi, jumi'sta redaktori'n' joli'n'a qarap, al u'yde qati'ni'n' qoli'n'a qarap oti'rg'an boladi'. Birewine shaw-shuwli' fakt kerek, yekinshisine anaw shi'ti'rlaq qag'azden naq kerek. Sen sol fakt penen naqti'n' wortasi'nda tap aynali' xalqani'n' ishindegi ti'yi'nday shapqi'lag'ani'n', shapqi'lag'an. Ti'nbay shapqi'lay beresen'. Demek, qa'nekey xabarshi' qosshi'm alg'a…!»

Rasi'nda da jan'ali'q jarshi'lari' bolg'an jurnalistleridin' jumi'si' udayi' shaba-shaptan ibarat ekenligi bu'gingi ku'nde hesh kimge si'r yemes. So'ytip ju'rip waqi'tti'n', ani'g'i'rag'i' wo'mirdin' zi'mi'rap wo'tip ketkenligin bilmey de

qalasan’. Mi’salg’a mi’na Qaljanbay «atlan-shap» boli’p ju’rip, yeliwdin’ yen’sesine sekirip, minip ali’pti’-aw!»

Bul satirali’q qatarlar so’z yetip ati’rg’an obektke wog’ada mas tu’rde baylani’si’p, waqi’yani’n’ tarti’mli’, obrazli’ boli’p su’wretleniwine tiykar bolg’an desek boladi’. Avtor, so’z zergerlerinin’ pikirlerin wori’nli’ tu’rde berip wo’tip, ocherktin’ qunli’ boli’p bayanlani’wi’na yerisken.

Solay yetip, Qaraqalpaq baspaso’zinde ocherk janri’ yen’ janli’, yen’ jedel janrlardi’n’ biri boli’p kelmekte. Ayi’ri’m ilimpazlardi’n’ pikirlerinshe: «Ha’zirgi da’wir baspaso’zinde ocherktin’ worni’n esse janri’ iyelep kelmekte» degen ko’z qaraslar bar. Biraq biz qaraqalpaq baspaso’zi boyi’nsha bunday pikirlerdi ayta almaymi’z. Wo’ytkeni, esse janri’ rawajlanbaqta, biraq wol ocherk janri’ni’n’, da ori’n basa almaydi’. Buni’ joqari’da baspaso’zde keltirip wo’tken mi’sallarmi’zdi’i’n’ wo’zi da’liylleydi.

## 1.2. Rayonli’q gazetalarda ocherkler

Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ ha’r bir rayoni’ni’n’ wo’zinin’ jeke basi’li’mlari’na iye. Rayonli’q gazetalarda jergilikli wori’nda boli’p ati’rg’an a’hmiyetli ma’seleler, tarawda boli’p ati’rg’an jan’ali’qlar ha’m jetiskenlikler ha’m us? si’yaqli’ a’hmiyetli ma’selelrge quri’lg’an materiallarg’a ken’ wori’n beriledi.

Bazar ekonomikasi’na wo’tiw da’wirinde rayonli’q gazetalardi’n’ jag’dayi’ ju’da’ to’menlep ketti. Solay bolsa da gazetalar ayi’na bir ma’rte shi’g’i’p turdi’. Ekonomikali’q qi’yi’nshi’li’qlardi’n’ ta’siri wolarda islep ati’rg’an jurnalistlerdin’ jumi’s wori’nlari’ni’n’ qi’sqari’ti’li’p qali’wi’na ali’p keldi. Ne bir qa’lemi wo’tkir jurnalistler de jumi’stan ketiwge ma’jbu’r boldi’.

Yendi temami’zdi’n’ obekti bolg’an rayonli’q gazetalarda ja’riyalani’p ati’rg’an ocherklerge toqtali’p wo’tetug’i’n bolsaq, ocherk janri’ rayonli’q gazetalarda ju’da’ siyrek ushi’rasadi’. Sebebi, 4 bet ko’leminde shi’g’atug’i’n rayonli’q gazetalar ayi’na bir ma’rte shi’g’i’p turg’anli’qtan, wolarda tikkeley informatsiyali’q janrdag’i’ maqalalarg’a ken’ wori’n beriledi.

İlimiy izertlew jumi’si’mi’z bari’si’nda ocherk janri’n ko’binese gazeta redaktorlari’ni’n’ wo’zleri jazatug’i’nli’g’i’ni’n’ gu’wasi’ boldi’q. Wolardag’i’ ocherk janri’ni’n’ bas qaharmanlari’ sol rayonni’n’ gu’llep-jasnawi’na, tarawdi’ rawajlandi’ri’wg’a u’les qosi’p ati’rg’an miynet aldi’n’g’i’lari’ bol?p yesaplanadi’. Ja’miyetlik turmi’stag’i’ a’hmiyetli bolg’an ma’seleni ha’r bir shi’g’armani’n’ wortag’a qoyi’li’wi’n talap yetedi. Xali’q ushi’n a’hmiyetli ma’seleni waqi’yalardi’ uli’wmalasti’ri’w arqali’ su’wretlep, jazi’wshi’ woni’ a’melge asi’radi’. Solay yetip, ja’miyetlik turmi’sti’n’ rawajlani’w bag’dari’n ashi’p beredi. Bul qaharmanlardi’n’ wo’mirin su’wretlew arqali’ ju’zege keledi[12].

Ocherk janri’nida da tikkeley ja’miyetlik turm?stag’i’ a’hmiyetli ma’seleler so’z yetiledi. Yendi rayonli’q gazetalarda ja’riyalang’an ocherklerge toqtap wo’teyik.

«Xali’q ma’pin woylag’an jeter muratqa» degen urandi’ bas yetip algan, Shi’mbay rayoni’ni’n’ ja’miyetlik siyasiy gazetasi’ bolg’an «Shi’mbay hawazi’» gazetas?ni’n’ 2012-ji’l 17-dekabr sani’nda veteran-jurnalist A’bdireyim Erejepovti’n’ «Wo’zi si’yli’, qa’lemi wo’tkir jurnalist» dep atalg’an ocherki berilgen. Avtor ocherktin’ baslamasi’nda: «Japakesh jurnalist xalqi’-adamlardi’ ku’ndelikli jan’ali’qlar, wo’zgerisler menen jaqi’nnan tani’sti’ri’p baratug’i’n, miynetkesh xali’qti’n’ ari’n arlap, ji’ri’n ji’rlaytug’i’n a’jayi’p ka’sip iyeleri. Woni’n’ menen baspaso’z arqali’ jaqi’nnan tani’si’p, kewlimiz jaqi’n boli’p qalg’anli’qtan ha’r qanday ma’selede pikirlesip, woni’ sha’kirtim si’pati’nda ta’n alar yedim. Wol awi’lli’q mektepte woqi’p ju’rgen ku’nlerinen baslap-aq, rayonli’q «Kommunizm nuri’»(Ha’zirgi «Shi’mbay hawazi’») ha’m respublikali’q «Jetkinshek» gazetasi’na awi’l ha’m mektep turmi’si’nan jazi’lg’an publicistikali’q maqalalari’ ha’m xabarlari’ menen qatnasi’p ju’rdi[13]»- dep so’z yetip ati’rg’an qaharmani’ gazeta redaktori’ Bekbay Saparov

---

[12] Нурмухамедов М. Каракалпакская проза великой отчественной войны.Н, 1961. 28-29 бет

[13]Ережепов Ә. Өзи сыйлы қәлеми өткир журналист.//Шымбай ҳаўаз. 2012-жыл 7-декабрь

haqqi’ndag’i’ pikirlerin usi’layi’nsha berip wo’tedi. Avtor B.Saparovti’n’ jurnalistka tarawi’na kirip keliwin, woni’n’ «Shi’mbay Hawazi’» gazetasi’ndag’i’ jemisli miynetlerin ko’rkemlep bayanlaydi’. Wol 1977-ji’ldan baslap gazeta redaktor? boli’p jumi’s isley baslaydi’. Wol basshi’li’q yetken ji’llar ishinde gazetani’n’ tematikasi’, betleniwi zaman ag’i’mi’na say janlang’ani’n toli’p-tasi’p su’wretleydi. B.Saparovti’n’ bul jetiskenliklerge yerisiw ushi’n basi’p wo’tken qi’yi’nshi’li’qlari’n, buri’ng’i’ awqamni’n’ qi’si’wmetlerinen qalay aman qalg’anli’g’i’n, avtor wo’zi menen sa’wbetlesip ocherkti janli’ yetip su’wretlewge yerisken.

Qanli’ko’l rayoni’ni’n’ ja’miyetlik-siyasiy basi’li’mi’ bolg’an «Qanli’ko’l xabarlari’» gazetasi’ni’n’ 2012-ji’l 31-may sani’nda gazeta redaktori’ Ken’esbay Tilewovti’n’ «Alg’i’r qa’bilietli ag’la ustaz» atli’ ocherki berilgen. Ocherkte Qanli’ko’l rayoni’ndag’i’ 18-sanli’ worta mekteptin’ matematika pa’ni mug’a’llimi Dilbar Turdi’shova haqqi’nda so’z yetiledi. Woni’n’ matematika pa’nin woqi’wshi’larg’a ayri’qsha qi’zi’g’i’wshi’li’q penen wo’tetug’i’nli’g’i’n, wolar ushi’n «Krossvordlar sheshiw», «Million yesaplar», «Jas matematiklerdin’ «İntellektual ring» woyi’ni’» si’yaqli’ ila’jlardi’ sho’lkemlestirip, wolardi’ qosi’q qatarlar menen sanlardi’ so’yletkenin wog’ada tarti’mli’ yetip su’wretleydi. Woni’n’ usi’ miynetlerinin’ arqasi’nda «Wo’zbekstan xali’q bilimlendiriwinin’ ag’lasi’» si’yli’g’i’na mu’n’a’sip dep tabi’lg’anli’g’i’ jo’ninde ayt?p wo’tedi.

«Xi’zmet yetkil udayi’na xali’q ushi’n»-degen uran menen shi’g’atug’i’n Qarao’zek rayoni’ni’n’ ja’miyetlik-siyasiy gazetasi’-«Miynet bayrag’i’» gazetasi’nda 2005-ji’l 9-iyun sa’nesinde M.Kamalovti’n’ «Aq xalati’n girbin’ shalmag’an» dep atalatug’i’n ocherki su’wretlengen. Ocherk hayallar shi’pakeri Dilbar Wori’nbaeva haqqi’nda jazi’lg’an. Avtor waqi’yalardi’ bayanlawda bo’limlerge bo’lip jazg’an, «Eki qatar qosi’qti’n’ ma’nisi», «Ka’siptin’ mashaqatli’ jollari’», «Basqani’n’ densawli’g’i’n woylaw an’sat yemes» dep ataladi’.

Wo’tken a’sirdin’ jetpisinshi ji’llari’nda respublikada tuwi’wshi’li’q keskin ko’beyip ketkenligin, xali’qti’n’ medicinal?q sawatli’li’g’i’ni’n’ to’men bolg’anli’g’i’n ha’m tuwi’w u’yine tez ja’rdem mashinasi’ni’n’ jetispewshiligin, buni’n’ arqasi’nda ana-bala salamatli’g’i’na unamsi’z jag’daylardi’n’ ushi’rasi’p turatug’i’nli’g’i’n avtor problema si’pati’nda ali’p shi’g’i’p, bulardi’ saplasti’ri’wda sh?paker Dilbar Wori’nbaevani’n’ salmaqli’ u’lesi bar yekenligin ayti’p wo’tedi ha’m woni’ ko’rkemlep jetkerip bergen.

Ja’nede gazetani’n’ 2006-ji’l 10-avgust sani’nda M.Maqsetovti’n’ «Hawazasi’na yel su’ysingen» dep atalg’an ocherki berilgen. Ocherk ko’rkem wo’ner taraw?na arnali’p, Qarao’zekli talantli’ qosi’qshi’ Ziywarxan Tilewmuratova haqqi’nda jazi’lg’an. Avtor, «Saz benen sa’wbetti yalg’an demen’ler, Adam ata bina bolg’anda bardi’» degen qanatli’ so’z xali’q arasi’nda ko’p ayti’ladi’. Buni’n’ ma’nisi, «Saz benen sa’wbetlesiw, yag’i’ni’y nama ti’n’lap, qosi’q ayti’w a’zelden bar, wol adamzat penen birge jarali’p, birge jasap kiyati’r» degendi an’latsa kerek. Al, yendi jaqsi’ qosi’q degen jari’qli’q, ulli’ Abay aytqani’nday «Qulaqtan kirip boydi’ aladi’». Qi’yali’n’a qanat boylap, ba’lentke shari’qlatadi’. Woylarg’a toldi’ri’p, wo’mirge qushtarli’g’i’n’di’ artti’radi’. Kewlin’di ko’terip, zawi’q bag’i’shlaydi’» degen pikirlerin ko’rkemlep su’wretlep, qosi’q, nama, saz ha’m so’zdin’ si’yqi’ri’n bayanlaydi’. Bul si’yqi’rdi’ wo’zinde ja’mlegen Ziywarxan Tilewmuratovani’n’ balali’q ji’llari’n, qosi’qshi’li’qti’ rawajlandi’ri’wg’a qosqan jemisli miynetlerin ayt?p wo’tedi.

Avtor ocherktin’ jazi’li’wi’na Nawri’z bayrami’nda qaharmanni’n’ «Nigari’m» qosi’g’i’n ayti’p shi’qqani’nda xali’q siltidey ti’ni’p, adamlardi’n’ «Berket tapsi’n yeski namadan yeski qosi’qti’ jan’g’i’rti’p ayti’p, qulag’i’mi’zdi’n’ shan’i’n bir qaqti’» dep atqari’wshi’ni’n’ wo’nerine qayi’l qali’p su’ysingen xali’qti’n’ sebep bolg’ani’n tarti’mli’ yetip bayanlawg’a yerisken.

Kegeyli rayoni’ ha’kimligi basi’li’mi’ bolg’an «Kegeyli turmi’si’» gazetasi’ni’n’ 2006-ji’l 11-16-dekabr sani’nda «Wo’zi de baladay insan yedi» degen Jiyenbay Moyanovti’n’ ocherki ja’riyalang’an. Bul ocherk balalar shayi’ri’

ha’m jazi’wshi’si’ A’bdirazaq Seytjanov haqqi’nda jazi’lg’an. Avtor qaharmanni’n’ balali’q ji’llari’n, student waqi’tlari’ndag’i’ qi’zi’qli’ waqi’yalardi’ su’wretlew menen birge, woni’n’ rayonni’n’ baspaso’z tarawi’n rawajlandi’ri’wg’a qosqan u’lesin so’z yetedi. Wol da’slep wo’z jumi’si’n Respublikali’q gazetalarda ali’p barg’an bolsa, 1965-ji’li’ rayonli’q gazetalar sho’lkemlestirildi degen xabar shi’g’i’p, woni’n’ qurali’w islerine belsene qatnasadi’ ha’m Kegeyli rayonli’q gazetasi’nda ali’p barg’an ulli’ miynetleri haqqi’nda ayti’ladi’. Sonday aq, woni’n’ balalar ushi’n jazi’lg’an «Aq buzaw», «Dosti’n’a qi’yanet yetpe», «Ti’n’la, planeta balalari’» degen kitaplari’ jo’ninde de avtor bahali’ pikirlerin bildirip wo’tken.

Ja’ne de gazetani’n’ 2006-ji’l 16-31-may sa’nesinde J.Moyanovti’n’ «Xali’q ta’wibi» dep atalg’an ocherki berilgen. Ocherk yelimizde adamlar ta’repinen ta’n ali’ng’an Aynazar ta’wip Bayjan uli’ haqqi’nda so’z yetiledi. Woni’n’ xali’q arasi’ndag’i’ dan’q abi’rayi’n so’z yetiw menen birge, bul ta’wipti ha’tteki medicina x?zmetkerlerinin’ wo’zleri de moyi’nlag’ani’n aytadi’. Ocherkte Xalmurat doktor dep tani’lg’an Worazi’mbet Xalmuratov ta waqi’yada wog’ada qi’zi’qli’ personaj si’pati’nda qatnasadi’. Ma’selen, «Bir ku’ni Qaraqalpaqti’n’ ataqli’ qa’nige doktori’, Xalmurat doktor dep at keship ketken Orazi’mbet Xalmuratov Aynazar ta’wiptin’ u’yine kelip, sen jan’a du’zimge qarsi’ ha’reket etip ju’rsen’, ta’wiplik zi’yanli’ ha’reket seni sudlataman, dep abay siyasat yetedi. Sonda Aynazar ta’wip, sudlatsan’ sudlatag’oy, biraq, men yemlegen pa’lenshe degen raykomni’n’ yekinshi sekretari’, to’lenshe degen ispolkom basli’g’i’ menen bir-yeki kolxoz basli’qlari’ men yemlegennen keyin jaqsi’ boli’p ketti. Sudlatsan’ solar menen birge qosi’p sudlatag’oy, degen. Buni’ yesitken Xalmurat doktor oylani’p qalg’an, ja’ne bul ma’sele boyi’nsha aylani’p kelmegen». Avtor usi’layi’nsha waqi’yalardi’ bayanlap, ha’tteki bir ku’ni Xalmurat doktordi’n’ hayali’ awi’ri’p, won? hesh kim yemley almag’annan son’ Aynazar ta’wipten shi’pa tapqanli’g’i’n, ha’m wolar qa’dirdan dos boli’p wo’mirine jaqsi’ bari’s-keliste bolg’anli’g’i’ haqqi’ndag’i’ waqi’yalardi’

qi’zi’qli’ ha’m tarti’mli’ yetip su’wretlep bergen. Bunday ocherklerdi basqada rayonli’q gazetalardan ko’plep keltire beriwge boladi’.

Demek, rayonli’q gazetalarda ja’riyalani’p ati’rg’an ocherkler sol rayonni’n’ rawajlani’wi’na, abadanlasi’wi’na, xali’q ta’g’diri joli’nda ku’yip-jani’p, bar intasi’ menen wo’zlerinin’ wazi’ypalari’n atqari’p ati’rg’an, belgili ustazlar, bilimli shi’pakerler, ekonomistler, agronomlar, diyxanlar qullasi’ miynet aldi’n’g’i’lari’ haqqi’nda so’z yetedi. Soni’n’ ushi’nda belgili professor M.Nurmuxamedov: «Ha’r bir da’wirdin’ wo’zinin’ alg’a ilgerlewshisi, ko’pshilik adamlarg’a ja’miyetshilikke maqul tu’sken ha’mme quwatlaytug’i’n bag’darlari’ boladi’. Mi’sali’: joqari’ adamgershilik, gumanizm, internatsionalli’q, birlik usag’an bag’darlardi’ ha’mme quwatlaydi’. Al bularg’a qarama-qarsi’ bolg’an menmenlik, shug’i’lli’q, wo’sekshilik ha’melparazli’q son?n’ menen ju’retug’i’n ag’ayi’nparazli’q usag’an qa’siyetlerdi ha’mme qaralaydi’. Bular adamlardi’n’ turmi’si’nda a’hmiyetli ma’seleler»-dep ko’rsetedi[3].

Haqi’yqati’nda da ocherkte so’z yetilgen qaharmanlardi’n’ is-ha’reketlerinde, islegen miynetlerinde ja’miyetshilik ta’repinen ta’n ali’ng’an qollap-quwatlaw bar, wolar usi’ da’wir ushi’n xi’zmet yetetug’i’n iskerler ha’m miynetkeshler. Ocherk janri’ ushi’n da mine usi’nday miynet turg’?nlari’ za’ru’r. Jurnalistler, jazi’wshi’lar usi’ janr arqali’ wolardi’n’ is-h’a’reketlerin, xi’zmetlerin xali’qqa ashi’p beredi yag’i’ni’y tiplik obraz jaratadi’. Wo’ytkeni, ocherk janri’na ha’mme adamlar mu’na’sip dep tabi’la bermeydi, wolardi’n’ ishinen yelenip, xali’q ta’n alg’an, qollap-quwatlag’an insanlar ta’g’diri su’wretlenedi. Ocherk janri’ mine usi’ ta’repi menen basqa janrlardan ayri’qshalani’p turadi’.

Qullasi’, rayonli’q gazetalardag’i’ ocherklerde ko’binese insan ta’g’diri su’wretlenetug’i’nli’g’i’n portretlik ocherkler ja’riyalanatug’i’nli’g’i’n ko’riwimizge boladi’.

3.Нурмухамедов М.Каракалпакская проза великой отчественной войны. Н.,1961

## 1.3. «A’miwda’rya» jurnali’nda ocherklerdin’ sa’wleleniwi

Qaraqalpaq a’debiyati’ ha’m til tarawi’ni’n’ rawajlani’wi’nda, belgili do’retiwshilerdin’, jazi’wshi’-shayi’rlardi’n’ qi’l qa’leminen do’regen wo’lmes shi’g’armalari’n ja’miyetshilikke ken’nen tani’sti’ri’wda, belgili publicistler do’retken ko’rkem- publitsistikali’q janrda jazi’lg’an materiallardi’ xali’qti’n’ na’zerine usi’ni’wda «A’miwda’rya» jurnali’ni’n’ atqaratug’i’n xi’zmeti wog’ada u’lken. Wo’ytkeni wo’zinde qunli’ materiallardi’ ja’mlegen bul jurnal sarras 80 ji’ldan aslam waqi’t ishinde qaraqalpaq xalqi’ni’n’ birden bir milliy jurnali’ si’pati’nda ta’n ali’ndi’.

Jurnal tariyxi’na qi’sqasha toqtap wo’tetug’i’n bolsaq, 1932-ji’li’ 9-iyulde Qaraqalpaqstan Jazi’wshi’lar awqami’ ha’m «Miynet a’debiyati’» atli’ ko’rkem a’debiyat jurnali’ sho’lkemlestirildi ha’m woni’n’ birinshi sani’ baspadan

shi’qti’. Yen’ da’slep bul jurnaldan S.Ma’jitov, İ.Fazi’lovti’n’ teren’ ma’nili qosi’qlari’, A.Begimov, D.Nazbergenovti’n’ gu’rrin’ ha’m ocherkleri, Q.A’wezovti’n’ «Qazi’w», J.Aymurzaevti’n’ «Gu’res» poemalari’, N.Dawqaraevti’n’ «Alpami’s», M.Da’ribaevtin’ «A’rman» dramalari’, A’.Shamuratovti’n’ «Yeski mektepte» M.Da’ribaevtin’ «Mi’n’lardi’n’ biri» povestleri, Q.Ayi’mbetov, O.Kojurov, İ.Sag’i’ytov ha’m N.Japaqovlardi’n’ ilimiy miynetleri yen’ da’slep usi’ jurnalda basi’li’p shi’qti’. Usi’ni’n’ arqasi’nda ken’ ja’miyetshilik a’debiyat tarawi’ndag’i’ belgili shi’g’armalar menen tani’si’p woti’rdi’ ha’m barli’q insanlardi’n’ birde bir sani’n qaldi’rmay woqi’ytug’i’n jurnali’na aylandi’.

«Miynet a’debiyati’» jurnali’ni’n’ ati’ 1933-j?l? «Jen’is hawazi’», 1939-ji’li’ «Qaraqalpaqstan a’debiyati’ ha’m iskusstvosi’» boli’p wo’zgertildi. Ulli’ watandarli’q uri’s da’wirinde ko’rkem a’debiyat jurnali’ wo’z jumi’si’n waqti’nsha toqtati’p turi’wg’a ma’jbu’r boldi’ ha’m wol 1955-ji’li’ iyulde qaytadan shi’g’ari’la basladi’. 1958-ji’li’ jurnaldi’n’ atamasi’ «A’miwda’rya» dep wo’zgertildi ha’m wol ha’r ay sayi'n shi’g’ari’latug’i’n boldi’.

Ulli’ watandarli’q uri’stan son’g’i’ da’wirden baslap jurnaldi’n’ bas redaktori’ wazi’ypasi’n B.Qayi’pnazarov, M.Nurmuxamedov, J.Ta’jenov, İ.Yusupov, M.Seytniyazov, A.A’liev, İ.Qurbanbaev, U.Xojanazarov, T.Seytjanov, T.Qabulov, K.Allambergenov, S.İbragimov, A’.Wo’tepbergenov, A.A’bdiev, Wo.A’bdiraxmanov usag’an belgili jaz?wshi’lar atqardi’. Ha’zirgi waqi’tta jurnalg’a X.Da’wletnazarov basshi’li’q yetpekte.

Soni’n’ menen bul jurnalda si’rt yel a’debiyatshi’lari’ni’n’ da qunli’ shi’g’armalari’ qaraqalpaq tiline awdarma yetilip ja’riyalani’p bari’ladi’. Qaraqalpaq a’debiyati’nda ocherk janri’ 1930-ji’ldan baslap payda bola baslag’an bolsa, yen’ da’slepki ocherkler mine usi’ jurnalda ja’riyalani’p bari’ldi’.

Bizin’ ilimiy jumi’si’mi’zdi’n’ obekti ocherk janri’ haqqi’nda bolg’anli’g’i’ sebepli tiykarg’i’ so’zimizdi usi’ tema a’tirapi’nda ali’p barami’z.

Ocherk janri' qi'sqa jazi'ladi' degen menen ko'lemli ocherklerde bar. Bul a'sirese jurnallarda ko'plep ja'riyalani'p bari'ladi'. Gazetada ko'lemli ocherklerin si'ydi'ra almag'an avtorlar ocherklerin jurnal betlerinde ja'riyalag'andi' maqul ko'redi. Negizinde jurnallarda beriletug'?n ocherkler mag'l?wmatlari'ni'n' ko'pligi ha'm woqi'wshi'da qi'zi'g'i'wshi'li'q woyata ali'wshi'li'g'i' menen de qunli' bol?p yesaplanadi'.

Bu'gingi informatsiya a'sirinde jan'ali'qlar ag'i'mi' wog'ada ko'p bolg'anli'g'i' ushi'n, gazetada ko'lemli ocherklerge wori'n jetispeydi. Soni'n' ushi'n da jurnallarda ja'riyalang'an ocherkler ko'lemli boli'p keledi.

Jurnaldi'n' 2005-j?l 5-6-sani'nda Jubatqan Begimovti'n' «İsmi a'psanag'a aynalg'an insan» atamasi'ndag'i' h'u'jjetli ocherki berilgen. Ocherktin' baslamasi'nda:

«-Bul Kim?

-Yaki Don Kixot pa, yaki Seydan ba?

Yaki Farxad pa yeken-tawdi' qoparg'an?

Juwap tapqandayman usi' sorawg'a,

Ati' hawazasi' yelde jan'g'i'rg'an,

Wol-Allaniyaz yedi-Qah'arman…»-degen qosi'q qatarlari'n keltirip wo'tedi. Bul hu'jjetli ocherk Qaraqalpaqstan Respublikasi', No'kis rayoni' «Saqawat» diyxan fermer xojali'g'i'ni'n' basli'g'i' Allaniyaz Wo'teniyazovqa bag'i'shlang'an. Avtor shi'g'armani' h'u'jjetli ocherk dep atag'an ha'm wonda so'z yetip ati'rg'an qah'armani'ni'n' balali'q ji'llari'nan baslap, studentlik ji'llari'ndag'? qi'zi'qli' ha'm tarti'mli' waqi'yalar menen toli'qti'rad?. Woni'n' hesh kimnin' qoli'nan kele bermeytug'i'n alti'ng'a ten' ibra'tli' isleri izli-izinen sa'wlelenedi. Avtor ocherkti bo'limlerge bo'lip ja'riyalag'an, yag'?n?y wondag'? bo'limler: «Quwani'shli' xabar», «İbratl? isler», «Allaniyazdi'n' studentlik ji'llari'», «A'ke na'siyati'», «Qah'armanni'n' bag'lari' qa'd ko'terdi» dep ataladi'.

Avtor waqi'yalardi' bayanlawda bo'limlerge bo'lgeni ju'da' wori'nli'. Wo'ytkeni qaharmanni'n' obrazi'n obrazl? yetip jary'ti'p beriwde bul wog'ada maqul tu'sken.

Ocherktin' «Quwani'shli' xabar» bo'liminde radio arqali' Wo'zbekstan Respublikasi' Prezidentinin' Respublikani'n' G'a'ressizlik bayrami' mu'na'sibeti menen miynet aldi'n'g'i'lari'na «Wo'zbekstan qaharmani'» hu'rmetli atag'i'n beriw haqqi'ndag'i' pa'rmani' woqi'p yesittirilip, familiyalar qatary'nda besinshi boli'p Allaniyaz Wo'teniyazovti'n' da ati' atalg'ani' haqqi'ndag'i' quwani'shli' xabar so'z yetiledi.

Avtor ocherkte A.Wo'teniyazovti'n' Wo'zbekstan Qaharmani' atag'i'na mu'na'sip dep tabi'li'wi'ni'n' arqasi'nda woni'n' o'miri dawami'nda islegen saqawatl' ha'm qayi'rqomli'q isleri, insang'a degen g'amxorli'g'i', hesh kimnin' qoli'nan kele bermeytug'i'n miynet su'ygishligi sebep bolg'anl?g'i'n wog'ada qi'zi'qli' ha'm tarti'mli' waqi'yalar menen bayanlap bergen. Wol uri'sta jaqi'n juwi'qlari'nan ayi'ri'lg'an insanlarg'a, jalg'i'z basli' qari'yalarg'a, mayi'plarg'a wo'zinin' ku'shi menen biypul baspana sali'p berdi, sonday aq, yeki worta meketep, yeki medpunkt, yeki bala baqsha ima'rati'n da wo'z ku'shi menen tiklep bergenin avtor toli'p-tasi'p su'wretlep beredi ha'm woni'n' bul saqawatli' isleri ha'mmenin' yadi'nda ma'n'gi saqlanatug'i'nli'g'i'n ayti'p wo'tedi. Ocherkte tarti'mli' waqi'yalar ko'pligi ushi'n wol oqi'wshi'lardi' zeriktirmeydi. Haqi'yqati'nda da ocherk janri' ushi'n yen' mu'na'sip dep tabi'lg'an insanlar obrazi' jarati'ladi'.

Jurnaldi'n' usi' sani'nda Wo'zbekstan Jurnalistler awqami' ag'zasi', shi'paker Allaniyaz Nurniyazovti'n' «Shi'g'i'sti'n' jari'q juldi'zi'» dep atalg'an tariyxi'y ocherki berilgen. Ocherk tariyxi'y waqi'yalarg'a quri'lg'an boli'p, wonda Afshana qalasi'nda 980-ji'li' du'nyag'a kelgen A'biw a'liy Xusayn İbn Abdallax ibn al-Xasan A'biw A'liy İbn Sina (Avitsenna) haqqi'nda so'z yetilgen. Avtor waqi'yani' bo'limlerge bo'lip su'wretlegen. Woni'n' tuwi'lg'ani'n «Afshanada tuwi'lg'an bala» degen bo'liminde su'wretleydi, «Asa ketken qa'biliyet iyesi» dep atalg'an bo'liminde bolsa İbn Sinani'n' a'kesinin' dizesinde woti'ri'p ali'p ilimpazlardi'n' gu'rrin'leskenin yesitip woti'rg'ani', ha'tteki wolardi'n' aytqanlari'n yadlap ta alatug'i'nli'g'i'n, buni'n' arqasi'nda ilimge q?z?g'i'wshi'li'g'i' woyang'anli'g'i'n so'z yetedi. Wo'ytkeni, Sinani'n' a'kesi

wo’z u’yinde ilimpazlar menen sa’wbet quri’p, gu’rrin’lesiwdi unatqan. Son’ wol wo’z da’wirinin’ belgili ilimpazi’ An-Natiliyge sha’kirt boli’p, ha’tteki ustaz?han da oz?p ketkenligin ayt?p o’tken. Bunnan t?sqar? ocherkte ««Kanon»lar qashan jazi’lg’an?», «Yen’ jari’q juldi’z», «Bahas? joq kitaplar» degen bo’limler wori’n alg’an.

Avtor Sina haqqi’nda jazi’w menen birge sol da’wirdegi tariyxi’y waqi’yalardi’, sol da’wirdin’ siyasati’n da sheber su’wretlegen. Qullasi’, avtor İbn Sinani’n’ meditsina tarawi’ arqali’ dan’qi’ du’nyag’a taralg’anli’g’i’n, woni’n’ wo’lmes miynetlerin ha’m xi’zmetlerin, meditsina tarawi’ x?zmetkerleri ushi’n bahas? joq qollanbalar jazi’p qald?rg’anli’g’i’n obrazli’ ha’m ko’rkemlep su’wretlep bergen. Ocherk tariyx ji’lnamalari’nan wori’n alg’an ismi pu’tkil a’lemge belgili insan haqqi’nda bolg’anli’g’i’ ushi’n tariyx?y-ocherk dep atalg’an.

Ocherk janri’ ushi’n yelinin’ gu’llep- jasnawi’na ayanbay wo’z u’leslerin qosi’p ati’rg’an barli’q tarawdag’i’ miynet aldi’n’g’i’lari’ yamasa obektler saylani’p ali’nadi’. Wolardi’n’ h’a’reketlerin , miynetlerin ko’rkemlep jetkerip beriw talap yetiledi. Jurnal ocherkleri bul wazi’ypalarg’a juwap beredi ha’m wo’zinde ko’lemli ocherklerdi ja’mlegeni menen qunli’ yesaplanadyi’.

Jurnaldi’n’ 2005-ji’l 3-sani’nda A’.Atajanov penen L.Qudaybergenovti’n’ «Miynet qa’dirlenedi, elenedi» dep atalg’an ocherki ja’riyalang’an. Avtor 2004-ji’ldi’n’ mart ayi’nda Moynaq rayoni’ aymag’i’, Porli’taw yelati’nda, yeki da’rya arali’g’i’nda quri’li’p ati’rg’an suw retleytug’i’n tarnawdi’n’ ultani’na birinshi beton quyi’w ma’resimi wo’tkerilgenligin bayanlap wo’tedi ha’m tarnaw quri’li’si’ndag’i’ jumi’sti’n’ na’tiyjeli boli’wi’na u’lesin qosqan, azamatli’q minnetin hadal miyneti menen atqari’p ati’rg’an Jan’abay Qudekovt?n’ wo’mir joli’na, islegen islerine azi’-kem toqtap wo’tken.

Tarnaw quri’li’si’ni’n’ na’tiyjeli ali’p bari’li’wi’na basqada qanigelerdin’ de u’lesi bar yekenligin atap wo’tip, quri’li’s jumi’si’ ush?’n kerkeli bolg’an mexanizmlerdi duri’s bo’listiriwde, janar may menen ta’miynlewde «Qaraqalpaq suw quri’li’si’» ashi’q tu’rdegi akcionerlik

ja’miyetinin’ wo’ndirislik sho’lkemlestiriw bo’liminin’ basli’g’i’ Da’wletiyar Qudi’yarov, bo’lim qa’nigeleri Da’ribiyke Shu’kirova, Yeliwbay Wo’tegenovlardi’n’ xi’zmetlerine toqtap wo’tedi.

Qullasi’ avtor qolti’qtag’i’ ko’llerdi suwg’a tolti’ri’p, awi’sqani’n ten’izge jo’netetug’?n u’lken quri’li’s tarnawdi’n’ ali’p bari’p ati’rg’an islerin ha’m wondag’i’ qan’igelerdin’ bir iyinnen atqari’p ati’rg’an mashaqqatli’ islerin su’wretlep beredi.

Ja’nede usi’ avtorlardi’n’ jurnaldi’n’ 2005-j?l 4-sani’nda «Talpi’ni’s» atli’ ocherki ja’riyalang’an. Ocherk Respulikami’zda suw quri’li’si’ tarawi’nda ko’p ji’llar dawami’nda miynet islep, tarawdi’ rawajlandi’ri’wg’a wo’z u’leslerin qosi’p kiyati’rg’an Qudaybergen Aqnazarov haqqi’nda jazi’lg’an. Woni’n’ qi’yi’nshi’li’qlarg’a toli’ wo’mir joli’, «Suw quri’li’si’» ashi’q tu’rdegi akcionerlik ja’miyetinin’ basqarma basli’g’i’ boli’p islegen jemisli miyneti dawami’nda atqarg’an miynet joli’n bayanlap beredi. Ocherk «Basshi’-ta’rbiyashi’, basshi’-ustaz», «Ko’llerge suw, jaylaw malg’a toldi’» , «Jayi’lg’an alaqan», «Xosh xabar» si’yaqli’ bo’limlerge bo’lip jazi’lg’an.

Bunnan ti’sqari’ A’miwda’rya jurnali’nda B.Seytaevti’n’ «Xirurgti’n’ baxti’»(2006.№ 5-6, 76-bet), E.Da’wletmuratovti’n’ «Jasli’g’i’mda ber miynet, qartayg’anda…» (2006.№7-8, 77-bet), U.Pirjanovti’n’ «XXI a’sirdin’ ko’rnekli ilimpazi’» (2007.№12,91-bet), M.İbragimovti’n’ «Yelim degen yer yedi» (2007. №3, 86-bet), S.Ziyawovti’n’ «Araldi’n’ alti’n g’a’ziynesi» (2005. №2, 77-bet), ha’m tag’i’ basqa ocherkleri berilgen.

Ocherk bul qanday tu’rde bolmasi’n barli’q ko’rkem-wo’ner sh?g’armalar? s?yaqli’ tipiklestiriw ni’zami’na boysi’nadi’. Tipiklestiriw-ja’miyettin’ belgili bir da’wirine ta’n bolg’an waqi’ya ha’m h’a’diyselerdi, belgili sotsialli’q qatlam, klass yaki toparg’a tiyisli bolg’an insanlardi’n’ yen’ a’h’miyetli, xarakterli belgilerin uli’wmalast?’r?’lg’an halda sa’wlelendiredi. Yag’i’ni’y, ocherkte sa’wlelendirilip ati’rg’an waqi’ya, fakt, ma’sele yaki mashqala ja’miyettin’ usi’ ku’ni, usi’ zamani’ ushi’n a’hmiyetke iye boli’wi’ lazi’m.[1]

Jurnal ocherkleri gazeta ocherklerine Sali’sti’rg’anda ko’lemli jazi’li’w menen birge woni’n’ ko’rkemligide talapqa juwap beredi. Wo’ytkeni, jurnal xi’zmetkerleri a’debiyatti’n’ barli’q tarawi’n suwday iship alg’anli’g’i’ ushi’n jurnal ushi’n yen’ mu’na’sip ha’m janr talabi’na juwap beretug’i’n ocherklerdi jaylasti’radi’. Soni’n’ ushi’n jurnal ocherlerinde mazmuni’ sayi’z, publitsistikali’q wo’tkirligi to’men ocherklerdi derlik ushi’ratpaymi’z.

---

1.Ҳозирги замон журналистикаси. Т.,2008.159-160 бет

# II BAP: OChERK JANRI’NI’N’ TİLLİK WO’ZGEShELİKLERİ

*«Jazi’wsh?i’- milliy so’z ma’deniyati’n do’retiwshi, w oni’*
*Rawajlandi’r?wsi’? Wol wo’z da’wirindegi xali’q tilin paydalana*
*w oti’ri’p, wo’z do’retiwshiliginin’ tiykargi’? maqsetine i’layi’qli’*
*ana tilini’n’ ha’r tu’rli usi’llari’n tan’lap ali’p, jan’arti’p j?ynaqlap*
*jum?saydi’»*

*Belinskiy*.

Til ha’m a’debiyat tani’w ilimlerinde «Stilistika» termini XIX a’sirdin’ wortalari’nan baslap qollani’la basladi’. «Stil» so’zi grek tilinen ali’ng’an boli’p, taxtag’a jazi’w ushi’n su’yir yetip shi’g’ari’lg’an tayaqsha ma’nisin an’latqan. Stilistika terminin filologiya iliminde yeki ma’niste tu’sindiriledi:

1. Til ha’m so’ylew stilistikasi’ (ha’zirgi a’debiy til ha’m a’debiy so’ylewdin’ stillik sistemasi’n izertleydi).

2. Ko’rkem a’debiyat stilistikas? (a’debiy shi’g’armalardi’n’ stillik wo’zgesheliklerin, sonday-aq ayi’r?m jazi’wshi’ni’n’ yamasa ayi’ri’m a’debiy ag’i’mni’n’ stilin tekseredi).

Stilistika-til ha’m so’ylewdin’ stillerin u’yretetug’i’n ilim. Wol a’meliy stilistika, funktsionalli’q stilistika, ko’rkem a’debiyat stilistikasi’, grammatikali’q stilistika, leksikali’q stilistika, fonetikali’q stilistika usag’an tarawlarg’a bo’linedi. Wolardi’n’ atqaratug’i’n xi’zmetleri tu’rlishe. Ma’selen, Ko’rkem a’debiyat stilistikasi’ qandayda bir do’retiwshi insanni’n’ soni’n’ menen birge ko’rkem shi’g’armani’n’ til wo’zgesheliklerin tali’qlaydi’. Bul stilistika tek a’debiy tildin’ normalari’ menen sheklenip qalmastan, wonda uli’wma xali’qli’q tildin’ barli’q elementlerin wo’z ishine qamt?yd?. Yag’?n?y bularg’a professionalizmler, dialektizmler, qarapay?m so’zler, jargonizmler, vulgarizmler h’a’m t.b. kiredi. Leksikal?q stilistikada bolsa, so’z, on?n’ aw?spal? ma’nileri, sinonimler, amonimler, antonimler, neologizmler h’a’m arxaizmler h’a’m frazeologizmlerdin’ tildegi qollan?l?w o’zgesheliklerin izertleydi. Basqalar?n?n’ da izertleytug’?n obektleri bar.

Stil problemas?, on? an?qlaw, klassifikatsiyalaw, on?n’ til ilimindegi orn?n belgilewde elege shekem tart?sl? ilimiy-izertlew jum?slar? al?p
Bar?lmaqta. Stildi an?qlawda rus tilshi- ilimpalar?nan M.V.Lomonosov, A.X.Vostokov, V.V.Vinogradov, A.İ.Efimov, A.N.Gvozdev, R.A.Budagov, D.E.Rozental, M.K.Kojina h’a’m t.b miynetlerin ayr?qsha atap o’tsek bolad?.

Qaraqalpaq tilindegi stiller h’a’m stilistika ma’seleleri professor E.Berdimuratovt?n’, A.Bekbergenovt?n’ miynetlerinde arnawl? izertlengen. E.Berdimuratov- «…stil bul, h’aq?yqat?nda da, tildin’ tariyx?y rawajlan?w?n?n’ bar?s?nda turm?s tarawlar?na, til arqal? qatnast?n’ tu’rli formalar?na, konkret situatsiyag’a baylan?sl? leksika-semantikal?q, grammatikal?q h’a’m t.b. boy?nsha sol tarawg’a funktsionall?q beyimliligi menen qa’liplesken til qurallar?n?n’ sistemas? s?pat?nda ko’rinedi»-dep ko’rsetedi[14].

---

[14] Бердимуратов Е. Әдебий тилдиң функционаллық стильлериниң раўажланыўы менен қарақалпақ лексикасының раўажланыўы. Нөкис,.1978

Ko'rkem publitsistikal?q janrlard?n' biri bolg'an ocherk janr?n?n' stillik o'zgesheliklerin izertlew jurnalistika taraw? ush?n ku'ta' a'h'miyetli ma'selerdin' biri. O'ytkeni elege shekem bul taraw boy?nsha bizin elimizde ilimiy jum?slar al?p bar?lg'an joq. Dur?s, shet el jurnalistikas?nda ko'rkem publitsistikal?q janrlard?n' orn?na analitikal?q janrlard? qollan?w a'h'miyetli bolsa da, bizin' bas?l?mlar?m?zda elege shekem ocherk janr?na bolg'an za'ru'rlik bar. G'a'rezssizlik sebepli gazeta betlerinde, radioesittiriwler h'a'm teleko'rsetiwlerde ma'mlekettin' erte tariyx?, o'tmishi, ma'deniyat?, ken'es h'u'kimeti da'wirinde qadag'alang'an milliy qah'armanlar?m?z h'aqq?nda, xalq?m?zd?n' o'zine ta'n u'rip-a'detleri, isenimleri h'aqq?ndag'? q?z?ql? maqalalarg'a ken' or?n berildi. Sonl?qtan da bizin' baspaso'zimizde elege shekem ocherk janr?na bolg'an za'ru'rlik bar. O'ytkeni, ocherk operativ janr bol?p, ol ?qsham h'a'm tu'sinikli etilip jaz?lad?, insanlarg'a estetikal?q zaw?q bag'?shlayd?.

Ja'h'a'n baspaso'zine keletug'?n bolsaq, ocherk ko'birek Rossiya, Orayl?q Aziya ma'mleketleri bas?l?mlar?nda ken' qollan?lad?. Al, AQSh, Evropa ma'mleketlerinin' baspaso'zinde ocherktin' orn?n tiykar?nan esse janr? iyelemekte.Ocherktin' oray?nda insan obraz? turad?. Onda qah'armann?n' portreti, on?n' q?z?g'?wsh?l?qlar?, psixologiyas?, xarakteri, a'debi beriledi. Ocherk janr? waq?yalard?, faktlerdi a'piway? etip su'wretlewi menen qunl?.

Ocherkist ocherktin' stiline h'a'm tiline ayr?qsha itibar qarat?w? kerek.

Tildin' o'zi xal?q tili h'a'm a'debiy til bol?p ekige bo'linedi. Xal?q tili ku'ndelikli xal?q awz?nda ayt?l?p ju'rgen so'zler. Bular bir normag'a tu'sken dep ayt?p bolmayd?. Al, a'debiy til bolsa xal?q xor?ndag'? so'zlerdin' en' elengen tu'ri. Son?n' ush?n bul geyde kitap tili-depte atalad?[15]. Ocherk tilinde mine us? xal?q tili menen a'debiy til birgelesip ju're beredi. Sheber ocherkist us? eki tildin' bay imka'niyatlar?nan paydalang'an h'alda do'retiwshilik etedi h'a'm tildin' rawajlan?w?na o'zinin' u'lesin qos?p barad?. O'ytkeni, til ilimindegi ko'plep m?sallar us?nday sheber do'retiwshilerdin' sh?g'armalar?nan al?nad?. Tildin' ken' mu'mkinshilikleri ocherktin' ra'n'ba'ren'ligin artt?rad?. Ma'selen, qah'armann?n'

[15] Мамбетов К. Әдебият теориясы. Нөкис.,1996. 43-44-бет

tilinen berilgen aw?z eki so’zler ocherkti ele de tart?ml? h’a’m q?z?ql? etip su’wretlewde qol keledi.  Sonday aq, on?n’ tilinde an?ql?q, a’piway?l?q, ra’n’ba’ra’n’lik bol?w? kerek. Ocherktin’ basqa janrlardan ay?rmash?l?g’? da mine us?nda.

Ocherk tili baspaso’z h’a’m ko’rkem a’debiyat tilinin’ qos?nd?s?nan ibarat bol?p, olar ortas?nda o’z-ara baylan?s bar. Yag’?n?y ocherk a’debiy tilde gu’rrin’, povest, roman s?yaql? bas?nan ayag’?na shekem obrazl?l?qqa su’yenedi. Al, olardan tiykarg’? o’zgesheligi an?q faktlerge, bolg’an waq?ya-h’a’diyselerdi burmalamay su’wretleydi. Son?n’ ush?n da belgili tilshi ilimpaz M.Nurmuxamedov: «Bayanlaw ko’rkemligi tek gu’rrin’, povest yamasa roman ush?n sha’rtli na’rse bol?p qalmastan, ol ocherk ush?n da za’ru’rli bol?p tab?lad?» dep ko’rsetedi[16].

Ocherk ja’miyetlik- ekonomikal?q stilde, lirik stilde, ilimiy stilde, mashqalal? stilde h’a’tteki komik stilde de jaz?l?w? mu’mkin. En’ a’h’miyetlisi ocherkist o’zinin’ do’retiwshilik stiline iye bol?w? kerek. Do’retiwshilik-og’ada quramal? protsess. On?n’ o’nimi q?z?ql? materiallarg’a tol? bol?w?, son?n’ menen birge jazg’an waq?ya h’a’m h’a’diyseleri ja’miyetti pikirlewge iytermelewi kerek. Ay?r?m do’retiwshiler a’piway? waq?yalardan da adamlard? q?z?qt?ratug’?n sh?g’armalar jaza alad?. Olar ush?n til h’a’m stil basl? qural bol?p x?zmet etedi.

Ocherktin’ stiline h’a’m tiline jeterli itibar qaratpaw on?n’ zerikerli h’a’m say?z bol?p qal?w?na al?p keledi. Tilekke qars?, bu’gingi ku’nde janr talab?na tol?q juwap bemeytug’?n ocherklerdi ush?rat?p qalam?z. Bunday ocherklerdin’ tilinin’ say?zl?g’?, ko’rkemliginin’ to’menligi menen janr talab?na juwap bermeydi, bas?nan ayag’?na shekem dizilisken faktler, sanlar on?n’ qun?n jog’alt?wg’a al?p keledi. Son?n’ ush?n da, M.Gorkiy: «Fakt ele h’aq?yqatl?q emes, ol tek shiyki zat, bul shiyki zattan iskusstvon?n’ nag’?z h’aq?yqatl?g’?n eritip sh?g’ar?p al?w kerek» dep aytad?.

Ocherkke art?qsha sul?w so’zler jaraspayd?. Bunday ayr?qsha sul?w sozler ocherk janr? ush?n ta’n emes. Degen menen ay?r?m ocherklerde bunday elementeler ush?ras?w? mu’mkin. A’sirese, portretlik ocherklerde qah’armand? h’a’dden t?s

[16] Нурмухамедов М. Проза ҳаққында. Нөкис.,1964 .22-бет

as?ra su’wretlew, as?ra maqtaw h’alatlar? ush?rasad?. Dur?s, ocherk an?q faktlerge qur?lad? h’a’m q?yal?y obraz sa’wlelendiriledi. Degen menen qah’armann?n’ islemegen isin issledi dep ko’rsetpew kerek.    Ocherkist so’zler u’stinde islewi, ga’ptin’ grammatikal?q qur?l?s?n izertlewi, so’zlik bayl?g’?n ken’eytiwi kerek bolad?.

Bul ocherkist ush?n qoy?latug’?n en’ birinshi sha’rt bol?p esaplanad? Sap taza tilden paydalang’an h’alda ocherk jarat?w ush?n shet el ocherkistlerinin’ sh?g’armalar? menen h’a’m ko’rkem-a’debiy sh?g’armalard? tez-tezden oq?p, onnan ta’jiriybe al?w? kerek. Bul bizin’ publitsistlerimizden O’.O’tewlievtin’ do’retiwshiliginde ayq?n ko’zge taslanad?. Ol qaraqalpaq tilinin’ sap taza tilindegi ga’plerdi or?nl? qollanad?. Son?n’ ush?n da on?n’ stili aw?r publitsist s?pat?nda belgili. Ocherkisttin’ waq?yalard? qalay?nsha bayanlaw?nan on?n’ bilim da’rejesin de an?qlawg’a bolad?.

Qaraqalpaq tili og’ada bay til bol?p, onda xal?q do’retken aw?z eki sh?g’armalardan baslap belgili prozaik h’a’m poeziya iyelerinin’, belgili ilimpazlard?n’ do’retken o’lmes sh?g’armalar? h’a’m izlenislerinin’ na’tiyjesinde tu’rkiy tiller qatar?nan or?n ald?.

Akademik A.Da’wletov: « Til og’ada quramal? qub?l?s bol?p, tol?g’?raq h’a’m teren’irek u’yreniw ush?n on? h’a’r tu’rli aspektlerde u’yreniw talap etiledi. Sonl?qtan til qub?l?slar? til biliminin’ h’a’r tu’rli tarawlar?nda u’yreniledi. Tildin’ ma’nili birliklerinin’ biri bolg’an so’zler tek leksikologiyan?n’ g’ana izertlew obekti bol?p qoymastan, morfemikan?n’ da, morfonologiyan?n’ da, sintakistin de izertlew obekti bolad?. Biraq bull tarawd?n’ h’a’r birinde so’zler belgili bir aspekte izertlenedi. Til birlikleri h’a’m basqa da tillik qub?l?slar h’aqq?nda h’a’r ta’repleme tol?q h’a’m teren’ mag’l?wmatlarg’a iye bol?w ush?n h’a’r bir tarawda belgili bir aspekt orayl?q or?nda bolad?. A’lbette, ol tarawlard?n’ h’a’r birinde so’zden de basqa til birlikleri ayr?qsha h’a’m arnawl? tu’rde u’yreniledi[17]» dep jazad?. Haq?yqat?nda da fonetika h’a’m grammatika tarawlar? da seslik du’ziliske h’a’m

---

[17] Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тили. Нөкис.,2010

leksikal?q ma'nige iye bolg'an so'zlerdi tab?wda u'lken a'h'miyetke iye.Ko'rkem sh?g'arman?n' tili mine us? tarawlard?n' barl?g'? menen baylan?sta bolad?.

Ko'rkem sh?g'arman?n' tilinde- avtorl?q bayanlaw, personajlar tili, diolog, monolog, dialekt so'zler, go'nergen so'zler, ka'siplik so'zler, naq?l-maqallar, jargonlar, antonimler, sinonimler, ush?rma so'zler, tan'laqlar, qaratpalar, arxaizmler, neologizmler, turaql? so'z dizbekleri, modal so'z shaqab?, da'nekereler, tirkewishler, ra'wishler h'a'm t.b ibarat bolad?. Bular o'z gezeginde tildin' h'a'r tu'rli taraw?nda izertleniledi.

Ocherk janr?n?nda da, mine, us?lard?n' barl?g'? qollan?lad?. O'ytkeni, ocherk janr?nda h'a'r tu'rli ka'sipler, tarawlar h'a'm olard?n' qah'armanlar? h'aqq?nda so'z etiledi. Onda a'lbette ocherkist sol taraw ush?n ta'n bolg'an so'zlerden paydalanad?. Ma'selen. Meditsina taraw? yamasa sol tarawd?n' qa'nigesi h'aqq?nda so'z etpekshi bolsa, ka'siplik so'zlerden paydalanad? h'a'm t.b. Biz bul bapta bulard?n' tek tiykarg'?lar?na, ocherk janr?nda ko'birek ush?rasatug'?n h'a'm jiyi qollanatug'?n tu'rlerine toqtap o'temiz.

## 2.1. Ocherk janri'nda go'nergen so'zler ha'm qaratpalardi'n' qollani'li'wi'

Ko'rkem publitsistikali'q janrlardi'n' ishinen ocherkti baspaso'zde ko'p ushi'ratami'z. Wo'ytkeni, ocherk i'qsham ha'm operativ janr boli'p, da'wir, ja'miyet ha'm insan obrazшi'n sa'wlelendiriwde, wolardi'n' qolg'a kirgizgen jen'islerin ha'm tabi'slari' haqqi'nda so'z yetiwde tiykarg'i' ro'ldi atqaradi'.

Ocherk-so'z wo'neri menen so'z siyasati'ni'n' baylani'si'wi'n, basqasha yetip aytqanda, siyasiy, ja'miyetlik, ekonomikali'q ha'm ma'na'wiy pikir, maqset, ko'rkem a'debiyat qurali' ha'm wo'ner so'zi menen ayti'latug'i'n janr. Yag'i'ni'y, ja'miyetlik waqi'yani' sa'wlelendiriwdin' bir tu'ri bolg'an publitsistika ja'miyet haqqi'nda mag'li'wmat beriw, woni'n' mashqalalari' haqqi'nda ja'miyetshilik pikirdi woyati'w menen shug'i'llanadi', usi' wazi'ypalardi'

ko’rkemlew qurallari’ ja’rdeminde a’melge asi’radi’ ha’m bunday janr ocherk dep ataladi’[18].

Ocherkist waqi’ya-hadiyselerdi, faktlerdi turmi’stan izleydi, wolardi’n’ minez-qulqi’n, a’debin, basqa adamlarg’a ibrat bolatug’i’nday xarakterlerin ashi’p beriwge ha’reket yetedi. Ocherkist jazbaqshi’ bolg’an qaharmani’ni’n’ portretin jarati’wda woni’n’ tiline ayri’qsha itibar qaratadi’.

Til bir wori’nda toqtap qalmaydi’, wol da’wir na’pesine qaray

rawajlanadi’. Soni’n’ ushi’n da tildin’ go’nerip ha’m jan’ari’p baratug’i’n jag’daylari’ ko’p ushi’rasadi’. Ocherk janri’ tilinde xali’qti’n’ tariyxi’y rawajlani’wi’nin’ ayi’ri’m basqi’shlari’nda wo’nimli jumi’sali’p son’ qollani’w wo’risin taraytqan go’nergen so’zler belgili da’rejede ushi’rasadi’. Ocherkist belgili bir da’wirde jasag’an qaharmanlardi’n’ obrazi’n jarati’wda, sol da’wirdi su’wretlep beriwde go’nergen so’zlerdi qollanadi’. Bul arqali’ woqi’wshi’ sol da’wirdin’ na’pesin sezedi, sol da’wirde qollani’lg’an atmalar menen tani’sadi’. Ma’selen, bir g’ana basqari’w tarawi’n alatug’i’n bolsaq, bul tarawg’a tiysli atamalar bu’gingi ku’ni pu’tkilley wo’zgerip, worni’na jan’a atamalar, so’zler qollani’li’p ati’r.

Go’nergen so’zler ja’miyet rawajlani’wi’ni’n’ belgili bir da’wirinde wo’mir su’rgen, biraq ha’zir turms?mi’zda qollani’wdan shi’g’i’p qalg’an so’zler boli’p tabi’ladi’. Wolar til biliminde ko’binese istorizmler (qollani’wdan sh?g’i’p qalg’an predmet, qubi’li’s, tu’sinik atamalar?) ha’m arxaizmler (worni’na jan’a so’z payda bolg’anli’qtan qollani’wdan shi’g’i’p qa’lg’an so’zler) dep yeki toparg’a aji’rati’ladi’[19].

İstorizmler wo’tken da’wirlerdegi predmetlerdin’ atamasi’ retinde qollani’ladi’, sol da’wirdin’ konkret real kartinasi’n, woni’n’ kolortin ko’rsetiw ushi’n paydalani’ladi’. Al arxaizmlerdin’ stilistikali’q xi’zmeti ha’r qi’yli’ boladi’. Wolar da istorizmler si’yaqli’ ha’r da’wirdin’ kolortin beriw ushi’n qollani’ladi’.

[18] Ҳозирги замон журналистикаси. Тошкент-2008.
[19] Бердимуратов Е. Ҳәзирги қарақалпақ тили.Лексикология. Нөкис.,1994

Go’nergen so’zlerdin’ bir qatari’ kiyim-kensheklerge, u’y ishi zatlari’na, yekinshi qatari’ ma’mleketlik basqari’w islerine baylani’sli’ tu’sinikler si’pati’nda ushi’rassa, al u’shinshi birewi ha’zir de wo’mir su’rip kiyati’rg’an tu’siniklerdin’ da’slepki atamasi’ si’pati’nda ushi’rasadi’.

Ocherktin’ tiline ha’m stiline u’lken itibar qarati’w lazi’m. Ocherktin’ tili baspaso’z ha’m ko’rkem a’debiyat tilinin’ qosi’ndi’si’nan ibarat boli’p, wolardi’n’ arasi’nda wo’zara baylani’s bar. Yag’i’ni’y, ocherk pu’tkilley ko’rkem tilde – gu’rrin’, povest, roman si’yaqli’ basi’nan aqi’ri’na shekem obrazli’li’qqa su’yenedi ha’m a’piwayi’ maqala si’yaqli’ faktler ja’rdeminde waqi’yani’ bayanlaydi’.

Ocherk jazi’wda publitsistke u’lken juwapkershilik ju’klenedi, yag’i’ni’y wol so’zler u’stinde islewi, ga’ptin’ gramatikali’q quri’li’si’n izertlewi, so’zlik bayli’g’i’n ken’eytiwi ha’m sap taza tildi qa’nshelli wo’zlestirgeninen ocherktin’ ta’g’diri sheshiledi. Belgili publicist Wo’.Wo’tewliev, mine usi’nday juwapkershilikti seze biletug’i’n, qa’lemi wo’tkir, sap taza tildi jaqsi’ wo’zlestirgeni ushi’n woqi’wshi’lar kewlinen wori’n ali’p u’lgergen jurnalist. Wo’.Wo’tewlievtin’ ocherklerinde tariyxi’y da’wirler dawami’nda jumi’salg’an belgili bir tu’sinik, zat ha’m qubi’li’slardi’n’ ja’miyetlik turmi’sti’n’ wo’zgeriwi na’tiyjesinde qollani’wdan shi’g’i’wi’na baylani’sli’ wolardi’n’ go’nergen atamalari’ da qollang’an.

Woni’n’ qa’leminen do’regen bir-qansha maqalalari’ menen ocherklerin baspaso’zde tez-tezden ja’riyalani’p bari’ladi’. Yendi Wo’.Wo’tewlievtin’ «Jolbari’s palwanni’n’ da’ryag’a ketken suw tulpari’» ocherkindegi qollani’lg’an go’nergen so’zlerdi ko’rip wo’teyik. Ocherk tiykari’nan qanli’ko’lli palwan Jumabay To’rebaev haqqi’nda jazi’lg’an.

«*Atasi’ U’bbi ilimdi jasi’nan qati’m yetip, Xiywadag’i’ medresede ta’lim-ta’rbiya alg’an ji’llari’ xan palwanlari’n birin- birine qospay ji’qqan. U’bbi axun, palwan atani’p yelge kelgennen jan’a qurali’p ati’rg’an ken’es h’u’kimetine jek ko’rinishli bolmaw ushi’n din joli’n tutpay, wo’z tilegi menen kolxozg’a kiripti*». Bul ga’pte *medrese, xan, axun* si’yaqli’ go’nergen so’zler qollani’lg’an boli’p, bunda medrese-yeski da’wirdegi joqari’ woqi’w worni’ni’n’ atamasi’. Xan-

ma’mleket basi’nda turi’p yeldi, xali’qti’ basqarg’an adam. Axun-diniy meshitlerde imamli’q qi’latug’i’n din xi’zmetkeri.

«*Allaba’rekella, boyi’ kelte, salmag’i’ni’n’ qan’baqtay jen’illigine qaramay*
*(66 kilogramm) nebir da’w tulg’ali’, tepse terbenbes, wo’zinen zorlarg’a joli’qsa ku’sh atasi’n t?h’lamas yeken*» Bul ga’pte *da’w* go’nergen so’z boli’p, da’w-an’i’zlarda, bati’rlar ji’rlari’nda ko’p qollani’latug’i’n basqalardan (adamlardan) bo’lek jarati’lg’an wog’ada turpayi’ u’lken ha’m ku’shli adam si’pati’ndag’i’ jan iyesi.

«*Jolbari’s palwan qi’ri’qta ne bar, yeliwde ne bar, alpi’sta ne bar, go’ne shekpenin qawsi’ra kiyip, si’ng’an to’rt qabi’rg’asi’ sawsap turg’ani’na qaramay gu’reske qumar…*» Bul ga’pte shekpen go’nergen so’z boli’p, wol ju’n jibinen, ha’r qi’yli’ materiallardan ishine ju’n, paxta sali’ni’p ha’m astarlani’p tigiletug’i’n yer adamlar kiyetug’i’n uzi’n kiyim.

«*Uli’ jaylawda ati’ni’n’ Ko’bey tori’dan qali’p qoyg’ani’na arsi’ng’an Al’?m seyis ustazi’ Qoshmuratqa keylikse, «Woni’n’ nesine qapa bolasan’? Tazi’dan tazi’, arg’i’maqtan arg’i’maq tuwi’ladi’. Ko’k atti’n’ biyesi yebin-jor?q yabi’ yedi…» dep rasi’nan keldi*». Bul ga’pte «seyis» go’nergen so’z boli’p, seyis-at bag’ar, shapqi’r jorg’a atlar mamani’ degen ma’nisti an’latadi’.

«*Qurg’a ji’ynalg’anlar hadal jen’iske bir ko’terilip basi’ldi’. Xosh xabardi’ radio arqali’ woshag’i’ni’n’ basi’nda woti’ri’p yesitken ata-anasi’na ko’p uzamay jetip kelip, bayraqqa alg’an qara geji woramali’n anasi’ni’n’ basi’na jawi’pti’*»[20]. Bul ga’pte «qara geji woramal» go’nergen so’z boli’p, wol jasi’ u’lken kempir apalardi’n’ basi’na worap yamasa jelkesine jawi’p ju’retug’i’n shashaqli’ u’lken woramal boli’p yesaplanadi’[21].

Demek, go’nergen so’zler belgili bir da’wirdi su’wretlep beriw ushi’n qollan?latug’i’n so’zler boli’p yesaplanadi’. Soni’n’ menen birge wolar ocherktin’ tilinin’ ko’rkem boli’w?na ja’rdem beredi.

---

[20] Өтеўлиев Ө. ««Барсакелмес» аспанынан аққан жулдыз. Ташкент., 2009
[21] Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги. IV том. Нөкис.,1992

Go’nergen so’zlerdi qollani’w arqali’ ocherkist ocherktin’ h’u’jjetliligin saqlaydi’, yag’i’ni’y waqi’yani’ bayanlawda ani’q faktlerge su’yenedi, sol da’wirde qollani’lg’an so’zlerden paydalani’p ga’pler du’zedi. Bulda ocherktin’ h’u’jjetliligin saqlawda u’lken a’hmiyetke iye.Wo’ytkeni, «xan» degen so’zdi bu’gingi ku’nnin’ atamasi’ menen qollang’anda ocherktin’ h’u’jjetliligi buzi’ladi’, bunday yetip qollani’wg’a bolmaydi’.

Demek, ocherkist go’nergen so’zlerdi qollani’w arqali’ woqi’wshi’lar qa’wimine mag’li’wmat beriw menen birge sol da’wirde qollani’lgan so’zlerdi bilip ali’wlari’na ja’rdem bergen boladi’, sonday-aq woqi’wshi’g’a emotsionalli’q jaqtan ta’sir yetedi.

Ocherk janri’nda go’nergen so’zler menen birgelikte qaratpalardi’n’ da atqaratug’i’n xi’zmeti u’lken.

Tiykari’nan ocherkist qaratpalardi’ diologlarda ken’nen paydalani’p, adam atlari’n ataw, wo’zine qarati’w ushi’n qollanadi’. Ma’selen, «*Qa’dirdani’m Shamurat ag’a!*

*Ko’pshiligimizdegi jaman a’det, densawli’g’?m?zdi’n’ qa’dirine qa’ste bolg’annan keyin jetemiz*»[22].

Ocherkist qaharman obrazi’n jarati’wda ritorikali’q xarakterge iye bolg’an qaratpalardan paydalanadi’. Bunday qaratpalar wo’zi joq adamlarg’a, haywanlarg’a, predmetlerge qarata qollani’ladi’. Ma’selen,

«*Menin’ ju’regimdi tilkimler soraw,*
*Sawallar basti’?ri’p kirer tu’sime.*
*Haqtan jani’p ketken a’kejani’m-aw,*
*Nege woralmadi’n’ qayti’p izin’e*[23]»

Bul ga’pte «a’kejani’m-aw» qaratpasi’ wo’mirden ko’z jumg’an insang’a qarata qollani’lmaqta. Yaki bolmasa, «*Ya quda, qu’diretin’nen! A’jag’a-a-a!.. İyegi kemsen’lep, ten’selip ketken a’kem kimdi qushaqlari’n bilmey, yeki qoli’n jayi’p su’rnigip bari’p tasti’ aymaladi’*[24]». Bul ga’pte «Ya quda» qaratpasi’ jansi’z

[22] Өтеўлиев Ө.Хирург.//Еркин Қарақалпақстан.2007-жыл,15-март
[23] Жоллыбеков Ы. «Қара машын»да кетти… Әмиўлдәрья 3/2004
[24] Жоллыбеков Ы. «Қара машын»да кетти… Әмиўлдәрья 3/2004

predmetke qarata qollani'lg'an bolsa, «a'jag'a-a-a» qaratpasi' adamdi' shaqi'ri'w, wo'zine qarati'w ushi'n qollani'lg'an.

Sonday aq neytral halattag'i' na'rselerdi su'wretlew ushi'nda tan'laqlardan paydalang'an maqul. Ma'selen, «*…Operatsiya bo'lmesinen ko'zleri girtiyip, qansha hari'p sharshasa da, kewil xoshi' ko'terin'ki shi'qqan Shamurat ag'a aldi'na juw?i'sqanlarg'a «barli'g'i' jaqsi'» dep qi'sqa juwap qaytardi' da isxanasi'na qaray betledi. Wori'nli'g'i'na sulq boli'p woi'?rg'anda ju'zin ji'li'ti'p, ku'lim shi'ray berdi de, kitap tekshesindegi İ.Yusupovti'n' 1992-ji'li'? baspadan shi'qqan Tan'lamali' shi'g'armalari'ni'n' yekinshi tomi'nan:*

*Wa densawli'q, densawli'q*
*Sen bir ju'ren qoljawli'q,*
*Bazari'n' tu'sip ketkende,*
*Bahan' piyaz bir bawli'q…*

*dep baslanatug'i'n qosi'g'i'n qulaqqa jag'i'mli' jumsaq dawi's? menen ko'zleri jaynap, qira'a'tke sal'?p woqi'g'anda ku'ni menengi sharshag'anlari' shi'qqanday boldi'*[25]… Bunda qollani'lg'an «densawli'q» qaratpasi' jansi'z predmetke qarata isletilgen.

Demek qaratpalar ocherkte tiykari'nan adam, predmet, zatlardi'n' atlari'n ataw ushi'n qollani'ladi' yeken. Ocherkti woqi'p woti'rg'an adam qaratpalardi' intonatsiyag'a qarap ma'nili ha'm obrazli' woqi'sa, wonda wol adamg'a estetikali'q zawi'q bag'i'shlaydi', qaharman tilinen berilgen ga'plerdi wo'zi ko'rgendey yetip ko'z aldi'na sa'wlelendiredi. Ma'selen,

« -Jumagu'l, ha'zirgi da'wirde hesh na'rsege kewil tolmaytug'i'n qa'riyalardi'n' tilinde a'psana boli'w da'rejesine yeriskeninin' tiykari' nede?

-Menin' a'kem A'miwda'ryani'n' toli'p-tasi'p, tolqi'ni' jag'ag'a uri'p turg'an da'wirinde korabl kapitani' bolg'an. Sonda bizler balali'q sezim menen a'kemnen « usi' u'p-u'lken korabldi awdari'p almay qalay uzaq-uzaqlarg'a aydaysi'z?» dep soraytug'i'n yedik.

---

[25] Өтеўлиев Ө.Хирург.//Еркин Қарақалпақстан.2007-жыл,15-март

Sonda a’kem:-Korabldi shayqaltpay, awdarmay aydaw ushi’n qoli’n’dag’i’ ruldi duri’s tawlaw kerek. Yeger ruldi qaymi’qti’ri’p alsan’, a’lbette korabl awdan’laydi’, shayqaladi’, awdari’p ta ali’wi’n’ ta’a’jip yemes» dep juwap bergeni yesimde». Mi’salda ko’rinip turg’ani’nday, Jumau’lge soraw beriw arqali’ ocherkist so’z yetip ati’rg’an qaharmani’ni’n’ wo’mirindegi qi’zi’qli’ waqi’yani’ bilip ali’wg’a ha’m ocherk janri’ ushi’n za’ru’r bolg’an yen’ qi’zi’qli’ detallardi’ sa’wlelendiriwge yeristi. Buni’ woqi’p oti’g’ran woqi’wshi’ korabldi ko’z aldi’na keltiredi, woni’ wo’zi ko’rgen korablge qi’yaslaydi’, korabldin’ rulin basqari’p barati’rg’an kapitandi’ yesleydi. Demek, qaratpalar ocherkti obri’zli’ yetip su’wretlep beriwde wog’ada a’wmietli sanaladi’.

## 2.2. Ocherkte tan’laqlardan paydalani’w

Tan’laqlar leksika-semantikali’q ha’m gramatikali’q belgilerine qaray ma’nili so’zler topari’na da, ko’mekshi so’zler topari’na da kirmeytug’i’n so’z shaqabi’ni’n’ wo’z aldi’na bir tu’ri si’pati’nda qa’liplesken boli’p, wol ha’r bir adamni’n’ so’ylegen so’zinde jiyi ushi’rasadi’. Biz ku’ndelikli turmi’sta adamlar menen sa’wbetlesiw payti’nda wo’zimiz bilip ha’m bilmegen halda tan’laqlardan ko’p paydalanami’z. Turmi’sta ju’z berip ati’g’an waq?yalarg’a baylani’sli’ quwani’w, qapalani’w, tan’lani’w, hayran qali’w, buyi’ri’w usag’an adamni’n’ ishki sezimlerin bildiretug’i’n jag’daylarda tan’laqlardi’ qollanami’z.

Tan’laqlar morfologiyali’q belgisi boyi’nsha wo’zgermeytug’i’n so’z shaqaplari’ topari’na kiredi, al gramatikali’q ma’nisi boyi’nsha adamni’n’ so’ylew

waqti'nda ha'r qi'yli' sezimlerdi-tan'lani'w, wo'kiniw, quwani'w yamasa shadlani'w, buyi'ri'w, t.b. si'yaqli' tuyg'i'lardi' an'latadi'[26].

Biz tan'laqlardi' ko'binese mazmuni'na ha'm kontekste qalayi'nsha qollani'lg'ani'na qarap ani'qlawi'mi'zg'a boladi'. Sebebi, kontest qalayi'nsha qollani'lg'anli'g'i' arqali' wolardi'n' ga'pke uyqasi'n ani'qlaymi'z. Ma'selen, «Nawqasti'n' wo'zine ta'n minez-qulqi'n yesapqa alg'an halda bas qati'rg'an shi'paker geyde tu'nlerde «Woh, tapti'm, tapti'm» dep baladay quwang'an waqi'tlari' ko'p bolg'an[27]». Bul ga'pte «*woh'*» tan'lag'i' qollani'lg'an boli'p, wol ga'ptin' bir ag'zasi'na qatnasli' boli'p qalmastan, pu'tin ga'ptin' mazmuni' menen baylani'si'p, belgili ma'nini bildiredi. Bul bildirilgen ma'ni insanni'n' qanday da bir iske tan'lang'andag'i' h'alati'n sa'wlelendiredi.

Qaraqalpaq tilindegi tan'laqlar ma'nilik jaqtan u'sh toparg'a bo'linedi:

1. Emotsional (tuyg'i'-sezim) tan'laqlar
2. İmperativ (buyri'q) tan'laqlar
3. Etiketlik (turmi's-salt) tan'laqlar[28]

Emotsional tan'laqlar atamasi'nan ko'rinip turg'ani'nday adamni'n' kewil keypiyati'na, tuyg'i' sezimlerine baylani'sli' qollani'ladi'.

So'ylewshi turmi'sta, a'tirapi'nda boli'p ati'rg'an waqi'yalarg'a quwang'anda, shadlani'p kewil keypiyati' ko'terilgen payi'tta yaki bolmasa kerisinshe qapalang'anda, keypiyati' tu'sin'ki halda bolg'anda emotsional tan'laqlar ha'rekette boladi'.Bunday tan'laqlar: *pa, pah, pay, yasha, ya quday, aynalayi'n qarag'i'm-aw, yapi'rmay bala, inshalla, haw, a'wmiyin* ha'm t.b. Ma'selen, « -Amangu'l sizge bul isenimler, jari'slarda woz?p shi'g'i''wlar a'lbette an'satli'q penen qolg'a kirgizilmegen bolsa kerek?-dep sorap qaldi'm.

-Woy, b..o..o..o..y, a'lbette. Men tek klasta ta'rbiyashi' yemespen, si'rttan wolardi'n' ata-analari' menen de ti'g'?z baylani'sta bolaman.Waqti'm bar ma, joq pa hesh qanday sanaspayman. Waqi't ku'tip woti'rmastan- aq wolar menen

[26] Дәўлетов А, Дәўлетов М, Кудайбергенов М. Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тили. Нөкис., 2010
[27] Ермаов Е. Шыпакер изленийўшең болсын. //Еркин Қарақалпақстан. «012-жыл,1-март
[28] Дәўлетов А, Дәўлетов М, Кудайбергенов М. Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тили. Нөкис., 2010

ju'zbe-ju'z  so'ylesip jumi's aparaman[29]».Bul ga'pte «*Woy, b..o..o..o..y*» tan'laq so'z shaqabi' qollani'lg'an boli'p, soraw ma'nisinde kelgen  ga'pke ku'sheytkish ma'nisindegi juwapti' qaytari'w payti'nda bunday tan'laqlardan paydalang'an wori'nli'. Bul ga'pti  obrazli' yetip bayanlawda u'lken  a'hmiyetke  iye.

«-Aysha apa sizler yekewin'izde sonday u'lken jerde isleysiz, ju'da' a'piwayi' jasaysi'z. «Qi'lmi'si'mdi' basti'ri'n'» dep wo'tinish penen kelip turmayma dep, ha'zil-shi'ni' sorap qalg'ani'mi'zda wol, wo'zinin' sozi'lg'an, parasatli' minezi menen ku'limsirep,  bi'lay dep juwap beredi:

-İy…iy.., qarag'i'm, kelgende qanday. U'yge wonday biyna'siyanlardi' jolatarman ba! Ha'm  qi'lmi's   yetedi  ha'm meni sol jolg'a siltemekshi boladi'.

Wog'an jol joq, wonday adamlarg'a menin' yesigim ashi'lmaydi',- deytug'i'n yedi[30]». Bul ga'pte «*iy…iy..*» tan'lag'i' ga'pte wori'nli' qollani'lg'an. Bunday tan'laqlar ko'binese bir na'rsege qarsi'li'q bildiriw, qarsi' juwap beriw ushi'n isletiledi.

Ko'binese emotsional tan'laqlar ocherkete dialoglardi'n' ishinde jiyi gezlesedi. Wo'ytkeni, ocherkist jazi'p ati'rg'an qaharmani'ni'n' portretin jasawda, tu'rli soraw-juwaplar menen won?n' minez-qulqi'n ashi'p beriwge ha'reket yetedi, wolardi'  sorawg'a  tartadi'  h'a'm  dialoglardan paydalanadi'.

«A'tten', Svetlana arami'zdan yerte ketti. Woni'n' izinde A'dilbek degen uli' bar. A'dilbek te anasi'na usap anasi'ni'n' ati'n ma'n'gilestiredi degen u'mitte bolami'z». Bul ga'pte «a'tten'» emotsional tan'lag'? qayg'i'lani'w, qapalani'w, wo'kiniw ma'nisinde kelip tur.  Demek, emotsional tan'laqlar ocherkte qaharmanni'n' wobrazi'n jarati'wda, woni'n' minez-qulqi'n, tuyg'i'-sezimlerin ashi'p  beriwge  u'lken  ja'rdem beredi.

İmperativ tan'laqlar-adamlarg'a qarata soni'n' menen birge u'y haywanlari' ha'm basqa da janli' ja'ni'warlarg'a qatnasli' ayti'latug'i'n tan'laqlar boli'p yesaplanadi'. Bunday tan'laqlarg'a, *haw, qarag'i'm, posh! posh!, tsss, ha'wkem, ha'wkem, mah-ma'h, to't ha' to't, jit, sherim-sherim* ha'm t.b. kiredi. Ma'selen,

[29] Есемуратова Г. Дәўирлер нәпеси.Нөкис.,2009
[30] Есемуратова Г. Дәўирлер нәпеси.Нөкис.,2009

«Qawi’n yeksen’ qawi’n alasan’, hasi’li’n’a tartpay turmaysan’, sol ushi’n qi’z tan’lasan’?z ata-anasi’n ko’rmey u’ylenben’…

-Haw ag’a, qi’zi’n’ ilim kandidati’, universitete dotsent, u’yli-jayli’, woni’ nege qayg’i’rasan’?-dep ku’ldi Sa’rsenbay[31]». Bul ga’pte «*haw*» imperativ tan’lag’i’ qollani’lg’an.

«-Haw, shabazi’m-aw, miynettin’ ba’ri seniki. Ku’ndiz qol?n’a woraq, iynin’nen bel tu’spegenin, keshte sol qollardi’n’ gazdi’n’ qulag’i’n uslap, besik tebretkenlerin’di moyi’nlayman[32]» Bul ga’pte «*haw*» imperativ tan’lag’i’ adamg’a qarata qollani’lg’an boli’p, wonda hayali’n wo’zine qarati’w ushi’n qollani’lg’an.

««Qi’z qos?g’i’» biyik, ba’lent lapi’z benen atqari’li’p ati’r.

-Turmaysi’z ba!? Xanzada degen qashshan radiog’a kelip, qosi’g’i’n ayti’p ati’r. Sizlerdey tu’ske deyin jatpaydi’,-dep biyhazar keyiydi anami’z.

-Pay apa, deymen-aw, wol zapis-g’o…[33]» Bul ga’pte apa so’zine «*pay*» imperativ tan’lag’i’ ga’pke wog’ada wori’nli’ qollani’lg’an. Demek, imperativ tan’laqlar ocherkte qaharman tilinen berilgen ga’plerge ku’sheytkish ma’ni beriwde wog’ada u’lken a’hmiyetke iye boladi’. Ko’binese bunday tan’laqlar yekinshi bir adamdi’ wo’zine qarati’w ushi’n ko’plep qollani’ladi’.

Etiketlik tan’laqlar-adamlar arasi’ndag’i’ qari’m-qatnas, turmi’s-salt da’stu’rlerine baylani’sli’ halatlarda isletiledi. Adamlar bir-birewi menen sa’lemleskende, xoshlasqanda, tilek bildirgende, kewil aytqanda, qullasi’, adamlar menen qari’m-qatnasqa tu’skende etiketlik tan’laqlardan paydalanadi’. Bunday tan’laqlarg’a-*assalawma a’leykum, wa’leykum assalam, xosh, xosh bol, sa’lem, qutli’qlayman, a’piw etin’, ma’rhamat, bar bol, qayi’rl?kesh, harma* h’a’m t.b.

Ma’selen,«Qudayg’a shu’kir u’sh balam, kelinim, aqli’qlari’m bar. Ku’yewim de menin’ usi’ jag’dayi’mdi’ tu’sinedi. A’ytewir usi’ sanatoriya mag’an isenip tapsi’ri’lg’annan son’ kemis-quti’g’i’ bolmasa yeken degen i’qlas, niyet penen

---

[31] Ерманов Е.Ҳәркимниң талабы оңынан келсин.//Еркин Қарақалпақстан.2007-жыл,7-август

[32] Байныязов Қ. Еңбеги ел есинде.//Еркин Қарақалпақстан.2003-жыл,3-апрель

[33] Машарипова Т. Өзимди излеймен. Ташкент.,2011

umti’li’p isleymen,-deydi Jumagu’l[34]». Bul ga’pte «qudayg’a shu’kir» etiketlik tan’lag’i’ qollani’lg’an boli’p, turmi’stan kewli toq bolg’anda, bir na’rsege shu’kirshilik yetkende, quwang’anda adamlar usi’nday tan’laqlardan ko’p paydalanad?.

«-Astawpi’ralla, jaqi’nnan berli kewlime zerger atami’zdi’ birewler yeslep, izlep keletug’i’nday tu’yilip yedi. Go’ne jurttag’i’ qali’n’ bu’klikten uri’s ji’llari’ g’awashani’n’ qatar arasi’na qari’q jarg’an «at okoshkasi’n» - tawi’p qoydi’m,- dep Yeliwbay ag’a Qarli’baev awi’li’n aralati’w ushi’n jol basladi’[35]». Bul ga’pte «*Astawpi’ralla*» tan’lag’i’ adamni’n’ bir narsege tan’lang’anda, hayran qalg’andag’i’ halati’n su’wretlep beriwde jiyi qollani’ladi’. Bunday tan’laqlar ko’binese fantastikali’q janrda jazi’lg’an a’debiy shi’g’armalarda qollani’li’p, adamni’n’ bir na’rseden qori’qqan halatta ka’liyma qaytarg’anda jiyi paydalani’ladi’.

«-Harman’, jigitler! Jag’daylar qalay? Aqsaqaldi’n’ vagon ishindegi ga’pi usi’ boldi’. Qanday mashqalalar bar? Tamaqtan, janar may menen zapchasttan kemislik joqpa?[36]». Bul ga’pte «*harman’*» etiketlik tan’lag’i’ qollani’lg’an boli’p, tiykari’nan bunday tan’laqlar adamlar jumi’s penen ba’nt boli’p ati'rg’anda, qandayda bir talap penen shug’i’llani’p ati’rg’anda wog’an harmasi’n ayti’w, sharshag’ani’n ten’ bo’lisiw usag’an jag’daylarda isletiledi.

Demek, tan’laqlar ocherkete qaharman tilinde ayti’li’p ati’rg’an ga’plerge ku’sheytkish ma’ni berip obrazli’ yetip su’wretlep beriwge ja’rdem beredi.

Ocherkte tan’laqlar ko’binese dialog tu’rinde keledi. Tan’laqlar kontekste ga’ptin’ mazmuni’na say qollani’lg’anda ga’ptin’ mazmuni’ ku’sheyedi, ko’rkemliligi artadi’. Tan’laqlar ga’pte qollang’anda basqa so’zler menen sintaksislik baylani’sqa tu’speydi, wol wo’z aldi’na bir so’z si’pati’nda qollani’ladi’.

Tan’laqlar ko’binese adamlardi’n’ emotsionalli’q sezimleri na’tiyjesinde kelip shi’g’adi’. Bir tan’laqti’ ga’ptin’ mazmuni’na qaray ha’r tu’rli yetip

---

[34] Өтеўлиев Ө. «Барсакелмес» аспанынан аққан жулдыз. Ташкент.,2009
[35] Өтеўлиев Ө. «Барсакелмес» аспанынан аққан жулдыз. Ташкент.,2009
[36] Халмуратов А.Естен кетпес еки ушырасыў.//Еркин Қарақалпақстан. 2004-жыл,13-ноябрь

qollani’wg’a boladi’, wolar ha’r tu’rli si’patqa iye boladi’. Ma’selen, «Pah» tan’lag’i’n ha’r tu’rli yetip qollani’wg’a boladi’. Adamlar bir na’rsege tan’lang’anda (pah, jarasqani’n qa’ytersen’!) yamasa yekinshi bir adamni’n’ so’zi jaqpay qalg’an paytlarda (pah, kelistirdin’-aw!).

Sheber ocherkist g’ana qaharmanlardi’n’ tilinen tan’laqlardi’ so’ylete aladi’. Bunda ocherkistke ga’ptin’ mazmuni’na say tan’laqlardan paydalani’w talap yetiledi. Soni’n’ menen birge ocherkistten ta’sirli ha’m temani’n’ mazmuni’n qi’zi’qli’ yetip ashi’p beriwge xi’zmet yetetug’i’n sorawlardi’ taslaw talap yetiledi. Ocherklerde tan’laqlard? qollani’w woq?wshi’larg’a ekspressivlik ha’m emotsionalli’q jaqtan ta’sir yetedi.

## 2.3. Ocherk janri’nda frazeologizmler ha’m naqi’l-maqallardi’n’ qollani’li’wi’

Til biliminde so’zlik quramni’n’ ayri’qsha bir topari’ si’pati’nda qollani’latug’i’n frazeologizmler haqq?ndag’i’ mashqala yerteden baslap tilshi ilimpazlardi’n’ di’qqat worayi’nda turg’an ma’selelerdin’ biri. Ha’r qanday tildi ali’p qarasaq ta woni’n’ so’zlik qurami’nda tek jeke so’zler g’ana yemes, al jeke so’zler si’yaqli’ pu’tin ma’nini an’lati’wshi’ bir neshe so’zlerden quralg’an so’z dizbekleri de belgili wori’ndi’ iyeleydi.

Frazeologiya- til iliminin’ belgili tarawlari’ni’n’ biri boli’p yesaplanadi’. Frazeologizmler yamasa frazeologiyali’q so’z dizbekleri ku’ndelikli til arqal? qatnas jag’day?nda pikirdi toli’q, wo’zine ta’n ma’nilik boyawlar? menen jetkeriwde ayri’qsha xi’zmet atqaradi’. Usi’ ko’z -qarastan wolardi’n’ wo’zgeshe bir leksikali’q-semantikali’q belgilerge iye bolg’an milliy tildin’ ayri’qsha topari’ retinde ko’zge tu’setug’i’nli’g’i’ belgili. Wondy xali’qti’n’ a’sirler boyi’ payda

yetken ushqi’r qi’yallari’ni’n’, danal?g’i’ni’n’, so’z do’retiwshiliginin’ a’jayi’p u’lgileri saqlang’an[37].

Tilshi ilimpaz J.Eshbaev: «Frazeologizmler ma’nilik jaqtan, ma’nilik wo’tkirligi jag’i’nan tildin’ qaymag’i’, mag’i’z’I si’pati’nda bah’alanadi’[38]»-dep ko’rsetedi. Haqi’yqatinda da solay, yeger ha’r qanday insanni’n’ so’ylew bari’si’nda frazeologizmlerden paydalani’p so’z aytsa woni’n’ ko’rkemliligi artadi’, ma’nisi ken’eyedi. Wolar bir-neshshe so’zlerden quralg’ani’ menen, tek g’ana bir ma’nisti an’latadi’.

Turaqli’ so’z dizbeklerinin’ ma’nileri kontekst arqali’ ani’g’i’raq ko’rinedi. Ha’r qanday frazeologizmlerde jay so’zlerge soni’n’ menen birge so’z dizbeklerine sali’sti’rg’anda emocional-ekspressivlik ma’ni ha’m obrazli’li’q ku’shli boladi’. Soni’n’ menen birge sol xali’qti’n’ milliy koloriti de sa’wlelenedi.

Turaqli’ so’z dizbekleri jay so’zler menen birge sinonim boli’p keledi. Mi’sal ushi’n, *qas penen ko’zdin’ arasi’nda-tez, awzi’na qum quyi’w- u’ndemew, ushpag’a qanati’ bolmaw-asi’g’i’w, iyt wo’lgen jer-ali’s* ha’m t.b.

Frazeologizmlerdi ocherkist qollang’anda woni’n’ ma’nilik jaqtan bayi’wi’na, woni’n’ ko’remliliginin’ arti’wi’na u’les qosqan yesaplanadi’. Biz belgili publicist Wo’.Wo’tewlievtin’ « «Barsakelmes» aspani’nan aqqan juldi’z» ocherkindegi qollani’lg’an frazeologizmlerdi’n’ qollani’li’w wo’zgesheliklerine ko’rip shi’g’ayi’q.

Mi’sali’, *«Ku’n shi’g’a ayaq u’stindemiz, dalani’n’ qari’s su’yem juwsanlari’ ilme tog’anaqtay shali’ni’p, yemin yerkin adi’m atti’rmaydi’. Tumli’-tusti’ durbini menen sholi’p kiyati’rg’an Aman ag’a “ ekspediciyag’a jaqi’nladi’q, may quyi’lg’an bochkalar qarayi’p ko’rindi” degen xosh xabari’na da’slep quwang’an menen so’zi yeki shi’g’a bergennen keyin uyaltpayi’n dep tek bas iyzep qoyaman”.* Bul ga’pte «*ayaq u’stindemiz*» degen turaqli’ so’z dizbegi qollani’lg’an boli’p, wol «adi’m ati’w», «ju’riw» degen ma’nini an’lati’p tur.

---

[37] Айназарова Г.Б.Қарақалпақ тилиндеги теңлес еки компонентли фразеологизмлер. Канд.диссертация. Нөкис-2000
[38] Ешбаев Ж.Қарақалпақ тилиниң қысқаша фразеологиялық сөзлиги. Нөкис.,1985

*«Ko'lemi bes shaqi'ri'mnan zi'yat, adam izi tu'spegen seksewillikti qaq jarg'an Aman ag'ani'n' izine zorg'a ilesip kiyati'rman. Worta boyli', du'g'i'ji'm denesindegi ku'sh-quwati' toli'p tasqanli'qtan sharshap-shalg'i'w degendi bilmes".* Bul ga'pte qollani'lg'an «*adam izi tu'spegen*» degen turaqli' so'z dizbegi «aldi'n bul jerge heshkim kelmegen» degen ma'nisti an'lati'p tur.

«*Tasbaqa ju'ris penen zorg'a jetken telegraf ag'ashlari' degenimiz siyrek wo'sken qami'sli'q, jumi'sshi'lar posyolkasi' bolsa do'n'es qumli'qqa aylandi'. Aqi'r-ayag'i'nda bir-birimizge tik qarasi'wg'a ju'reklerimiz dawamay, alg'an bag'i'ti'mi'zdan qaytpay ju're berdik*». Bundag'i' "*tasbaqa ju'ris*" turaqli' so'z dizbegi boli'p, «a'sten ju'riw», «su'yretilip adi'm ati'w» ma'nilerin an'lati'p tur.

*Qas penen ko'zdi'n' arasi'nda jer-ja'ha'ndi ko'l-ko'sir yetken jawi'nni' suwi'na i'qqan qazan-tabaqlari'mi'zdi' son'ina qaray ha'r jerden ji'ynasti'rg'ani'mi'zg'a ku'lisip, da'slepki ku'ni nan menen qara suw iship jati'wg'a tuwra keldi.* Bul ga'pte qollani'lg'an "*qas penen ko'zdi'n' arasi'nda*" degen frazeologizm "tez", "ku'tilmegende", "birden" degen ma'nilerdi an'latadi'.

*Jolda yeki tu'nep, u'shinshi ku'nge qarap ketkennen son' ju'rek jalg'aytug'i'n suwi'mi'zdi' tawi'si'p aldi'q. Uyqi' ko'rmegen tu'n-ku'nlerimiz ko'beygennen hal-dimari'mi'z quri'di'.* Bul ga'pte "*ju'rek jalg'aw*" frazeologizm boli'p, wol ash bolmaw ushi'n bir-na'rselerdi jep ali'w ma'nisin an'latadi'.

*Telefon arqali' qo'n'si'las posyolkalar menen ekspeditsiyalardan sorasti'ri'p, joqlawi'mi'zdi' asi'rg'annan keyin basqarmag'a xabarlag'an. No'kisten ja'rdem jetip kelemen degenshe qarap woti'rmaw ushi'n posyolkadag'i' awshi' jigitlerdi'n' baslari'n qurap, tumli'-tusqa izlew sali'pti'.* Bnda "joqlawi'n as'ri'w"-"izlew", "joyti'liw" degen manisti bildiredi.

Bunnan ti'sqari' bul osherkte, *yeki iyini h'ali'qlap dem aili'w, , dize bu'giw, gu'der u'ziw, qara jerdi mushlaw,, quri'? alaqan qali'w* si'yaqli' turaqli' so'z dizbeklerinen wo'nimli paydalang'an.

Yeger ocherkist turaqli' so'z dizbeklerinen paydalanbay, jay ga'plerden paydalang'anda ocherkti'n' obrazli'li'gi' ha'm tili bayi'mag'an bolar yedi. Ga'pke say tu'raqli' so'z di'zbeklerin sheber ocherkist g'ana aktiv qollana aladi'.

Publicist Wo'.Wo'tewliev mine usi'nday sheber do'retiwshi si'pati'nda, bir g'ana ocherkinin' wo'zinde bir-neshshe frazeolgizmlerden paydalana alg'an.

Osherktin' ko'rkemlik jaqtan bayi'wi'nda ha'm woni'n' ta'sirliligin artti'ri'wda frazeologizmler menen bir qatarda naqi'l-maqallarda jiyi qollani'ladi'. Sebebi, naqi'l-maqallar ku'ndelikli turmi'sta xali'q talabi'na i'layi'qli' kelip shi'qqan danali'q ga'pler boli'p tabi'ladi'. Naqi'l-maqallar ha'r minut sayi'n qollani'li'p woti'ratug'i'n az so'z benen ko'p ma'ni beretug'i'n, so'z sheberleri ta'repinen do'retilgen ko'rkem so'zdin' marjani'[39].

Naqi'l-maqallar ko'binese xali'qti'n' so'ylew tilinde ko'plep qollani'ladi'. A'sirese bizin' xalqi'mi'z yerteden baslap so'ylegen so'zlerinin' arasi'na naqil-maqallardi' qosi'p so'ylegendi wo'zlerine a'det qi'lg'an, birde bir so'zin naqi'lsi'z aytpag'an. Naqi'l-maqallar so'zdi ko'rkemlep so'ylewdi'n' baslamasi'. Sebebi, sheshenler, dani'shpanlar buri'ng'i' da'wirlerden baslap wo'z pikirerin naqi'l-maqallarg'a baylani'sti'ri'p aytqan ha'm sol tiykarda bir-biri menen jari'sqan. Kimde kim naqildi' ko'p bilse wog'an hu'rmet penen qarag'an. Osherkshi aytajaq so'zinin' ta'sirshen'ligin artti'ri'w, sonday-aq, astarli' ma'ni beriw maqsetinde naqi'l-maqallardan paydalanadi'.

Naqi'l-maqallar qaharmanlardi'n' minezin ashi'p beriwde, wolardi'n' ishki du'nyasi'n su'wretleqw ushi'n ken' paydalani'ladi'. Sonday aq naqi'l-maqallardi' qollani'w arqali' ocherkist pikirdi i'qsham ha'm ani'q yetip jetkerip beriw mu'mkinshiligine iye boladi', shi'g'armani'n' xali'q tiline jaqi'n boli'wi'n ta'miynleydi, osherktin' tarti'mli' boli'wi'na yerisedi.

Mi'sali', ««*Batar ku'nge emes, atar tan'g'a ju'r» degendey, U'stirttin' ayqush-uyq?sh dan'g'i'l jollari'ndag'i' da'rbentke jetken son', dem ali'spa berdi. Tan' ata ja'ne jolg'a tu'skennen barar ma'nzilimiz "Shaqpaqti" ga'z ka'nine tuspa-tus, 30 shaqi'ri'm qublasi'ndag'i' 1950-ji'llari' qazi'li'p, "Nikolaevskiy" dep at keshken yeski skvajing'a barg'ansha ti'ni'm*

[39] Ешбаев Ж.Қарақалпақ тилиниң қысқаша фразеологиялық сөзлиги. Нөкис.,1985

*tapti’rmadi’”.*Bul ga’pte «Batar ku’nge yemes atar tan’g’a ju’r» degen naqi’l ga’pke mas ra’wishte qollani’lg’an.

«*Jaman aytpay jaqsi’ joq, ta’nde janlari’mi’z saw, yelge jetsek quday joli’na sadaqa tarqatayi’q*…» Bul ga’pte «Jaman aytpay jaqsi’ joq» degen naqi’l adamda jaqsi’ niyet yetiwge, ruwh’lani’w sezimin woyatatug’i’n ma’nili ga’p ma’nisinde qollani’lg’an.

«*«Wo’zin’ jaramasan’ qasi’n’dag’i’ni’ wo’ldi bil» degen, sen ha’m wo’zimdeysen’. Ha’zir ne woyg’a shu’mgenimdi’ bilesen’be?! Wortanshi’ balam Ulug’bek karatge qi’zi’g’adi’. No’kistegi ku’shli trenerlerge qatnatsam deymen…”* Bul ga’pte « Wo’zin’ jaramasan’ qasi’n’dag’i’ni’ wo’ldi bil» degen naqi’l sho’l ha’m jol azabi’n tarti’p kiyati’rg’an yeki insanni’n’ sharshag’andag’i’ hali’n su’wretlewde wori’nli’ paydalani’lg’an.

Ocherkte qollani’lg’an naqi’l-maqallar ayti’lajaq temag’a say qollani’lg’anda g’ana woni’n’ ko’rkemliligi bayi’ydi’ ha’m ta’sirshen’ligi artadi’. Ma’selen, *“Aldin’g’i’ arba qaydan ju’rse, keyingileri de sonnan ju’redi” degendey, u’lken a’jag’am Nazarbaydan baslap Shamsiya, Yerejep, Gu’lxan, Ari’wxan, Amanbay, Gu’lja’ha’nler ustazli’q ka’sipti tan’ladi’. Mug’allim bizler ushi’n yen’ abi’rayli’ ka’sip yedi.*

*Anali’ jetim zor jetim bolg’ani’ menen A’kem jeti jasi’mda qayt’s boldi’. G’a’rip anami’zdi’n’ “Aldi’mda buri’ng’i’day aqi’rag’an azamati’m joq, balalri’m ash qalmasi’n” dep 18 yeshek arba qami’s wori’p, bazarg’a satsa bir jag’i’nda baraman*[40]*”* Bul ga’pte qollani’lg’an “Aldin’g’i’ arba qaydan ju’rse, keyingileri de sonnan ju’redi” , “Anali’ jetim zor jetim” naqi’li’ bir shan’araqtan shi’qqan mu’g’a’llimshilik ka’sibin tan’lag’an adamlardi’n’ atlari’n tan’lawda ha’m anasi’ni’n’ perzentlerin zar-qor qi’lmay kamalg’a keltirgenin bayanlawda duri’s qollani’lg’an.

Qaraqalpaq tilindegi naqi’l-maqallar xali’q awqi’zeki do’retpeleri qatari’na kiretug’i’n bolg’anli’g’i’ ushi’n woni’n’ bir-neshe variantlari’ boli’wi’ mu’mkin. Ocherkist wo’zinin’ talg’ami’na qaray variantlardan birin tan’laydi’. Ma’selen,

---

[40] Өтеўлиев Ө.Инжигүл кемпирдиң генжетай қызы. //Еркин Қарақалпақстан. 2001-жыл, 12-август

*“Bolar bala bes jasi’nan bellidi” degendey Svetlana wo’zinin’ suli’w minezleri menen ata-anasi’ni’n’ kewlinen shi’g’atu’g’i’n perzent boldi’. Wol mektepte woqi’p ju’rgende ata-anani’n’ ju’zin to’men qaratpadi’. Jaqsi’ woqi’di’, ta’rtipli, basqalarg’a u’lgililigi menen Wori’nbek ag’ani’n’ maqtani’shi’ boldi*[41]*”*. Bul ga’pte “Bolar bala bes jasi’nan bellidi” degen naqi’l qollani’lg’an boli’p, bul naqi’ldi’ ayi’ri’m ocherkistler “Bolar bala bes jasi’nan belgili” degen varianti’n qollang’andi’ maqul ko’redi.

Naqi’l-maqallar ko’binese ga’pti’n’ basi’nda keledi. Wo’ytkeni ocherkist naqil-maqallardi’ birinshi jazi’p ali’p woni’ keyingi aytajaq ga’pi menen baylani’sti’radi’.Ma’selen, *“Qus ushsa qanati’ menen” dep Jumagu’l Alievani’n’ tan’lag’an kadrlari’-miyribiykelerinin’ yemlew usi’llari’, ku’le shi’ray menen adamg’a qatnasi’ anaw-mi’naw shi’pakerden kem yemes-aw dep woylaysan’*. Ko’rinip turg’ani’nday basta kelgen naqi’l keyingi gapke say qollani’lg’an.[6]

Demek, osherkist naqi’l-maqallardi’ qollani’w arqali’, bolg’an waqi’yani’ yele de tarti’mli’ ha’m ta’sirli yetip su’wretleydi, sonday-aq woqi’wshi’g’a emocionalli’q jaqtan ta’sir yetedi. Sonli’qtanda M.Gorkiy «Jazi’wshi’ni’n’ tiykarg’i’ qurali’-so’z»-dep ko’rsetedi. Ocherkti arti’qsha quri’ suli’w so’zler menen boyamaw kerek. Wo’ytkeni ocherkke arti’qsha so’zler jaraspaydi’. Wondag’i’ ha’r bir so’z isenimli ha’m ma’nili boli’w kerek. Bunda publicist so’zler u’stinde islewi, ga’ptin’ gramatikali’q quri’li’si’n izertlewi, so’zlik bayli’g’i’n ken’eytiwi ha’m sap taza tildi qa’nshelli wo’zlestirgeninen osherktin’ ta’g’diri sheshiledi. Soni’n’ ushi’nda tildegi turaqli’ so’z dizbekleri ha’m naqi’l-maqallardan paydalani’w wo’ni’n’ ko’rkemlik jaqtan bayi’wi’nda u’lken a’hmiyetke iye.

---

[41] Есемуратова Г. Дәуирлер нәпеси. Нөкис.,2009. 242-243-бет

## 2.3. Ocherk janri’nda frazeologizmler ha’m naqi’l-maqallardi’n’ qollani’li’wi’

Til biliminde so’zlik quramni’n’ ayri’qsha bir topari’ si’pati’nda qollani’latug’i’n frazeologizmler haqq?ndag’i’ mashqala yerteden baslap tilshi ilimpazlardi’n’ di’qqat worayi’nda turg’an ma’selelerdin’ biri. Ha’r qanday tildi ali’p qarasaq ta woni’n’ so’zlik qurami’nda tek jeke so’zler g’ana yemes, al jeke so’zler si’yaqli’ pu’tin ma’nini an’lati’wshi’ bir neshe so’zlerden quralg’an so’z dizbekleri de belgili wori’ndi’ iyeleydi.

Frazeologiya- til iliminin’ belgili tarawlari’ni’n’ biri boli’p yesaplanadi’. Frazeologizmler yamasa frazeologiyali’q so’z dizbekleri ku’ndelikli til arqal? qatnas jag’day?nda pikirdi toli’q, wo’zine ta’n ma’nilik boyawlar? menen jetkeriwde ayri’qsha xi’zmet atqaradi’. Usi’ ko’z -qarastan wolardi’n’ wo’zgeshe bir leksikali’q-semantikali’q belgilerge iye bolg’an milliy tildin’ ayri’qsha topari’ retinde ko’zge tu’setug’i’nli’g’i’ belgili. Wondy xali’qti’n’ a’sirler boyi’ payda yetken ushqi’r qi’yallari’ni’n’, danal?g’i’ni’n’, so’z do’retiwshiliginin’ a’jayi’p u’lgileri saqlang’an[42].

Tilshi ilimpaz J.Eshbaev: «Frazeologizmler ma’nilik jaqtan, ma’nilik wo’tkirligi jag’i’nan tildin’ qaymag’i’, mag’i’z’I si’pati’nda bah’alanadi’[43]»-dep ko’rsetedi. Haqi’yqatinda da solay, yeger ha’r qanday insanni’n’ so’ylew bari’si’nda frazeologizmlerden paydalani’p so’z aytsa woni’n’ ko’rkemliligi artadi’, ma’nisi ken’eyedi. Wolar bir-neshshe so’zlerden quralg’ani’ menen, tek g’ana bir ma’nisti an’latadi’.

Turaqli’ so’z dizbeklerinin’ ma’nileri kontekst arqali’ ani’g’i’raq ko’rinedi. Ha’r qanday frazeologizmlerde jay so’zlerge soni’n’ menen birge so’z dizbeklerine sali’sti’rg’anda emocional-ekspressivlik ma’ni ha’m obrazli’li’q ku’shli boladi’. Soni’n’ menen birge sol xali’qti’n’ milliy koloriti de sa’wlelenedi.

---

[42] Айназарова Г.Б.Қарақалпақ тилиндеги теңлес еки компонентли фразеологизмлер. Канд.диссертация. Нөкис-2000

[43] Ешбаев Ж.Қарақалпақ тилиниң қысқаша фразеологиялық сөзлиги. Нөкис.,1985

Turaqli’ so’z dizbekleri jay so’zler menen birge sinonim boli’p keledi. Mi’sal ushi’n, *qas penen ko’zdin’ arasi’nda-tez, awzi’na qum quyi’w- u’ndemew, ushpag’a qanati’ bolmaw-asi’g’i’w, iyt wo’lgen jer-ali’s* ha’m t.b.

Frazeologizmlerdi ocherkist qollang’anda woni’n’ ma’nilik jaqtan bayi’wi’na, woni’n’ ko’remliliginin’ arti’wi’na u’les qosqan yesaplanadi’. Biz belgili publicist Wo’.Wo’tewlievtin’ « «Barsakelmes» aspani’nan aqqan juldi’z» ocherkindegi qollani’lg’an frazeologizmlerdi’n’ qollani’li’w wo’zgesheliklerine ko’rip shi’g’ayi’q.

Mi’sali’, *«Ku’n shi’g’a ayaq u’stindemiz, dalani’n’ qari’s su’yem juwsanlari’ ilme tog’anaqtay shali’ni’p, yemin yerkin adi’m atti’rmaydi’. Tumli’-tusti’ durbini menen sholi’p kiyati’rg’an Aman ag’a “ ekspediciyag’a jaqi’nladi’q, may quyi’lg’an bochkalar qarayi’p ko’rindi” degen xosh xabari’na da’slep quwang’an menen so’zi yeki shi’g’a bergennen keyin uyaltpayi’n dep tek bas iyzep qoyaman”.* Bul ga’pte «*ayaq u’stindemiz*» degen turaqli’ so’z dizbegi qollani’lg’an boli’p, wol «adi’m ati’w», «ju’riw» degen ma’nini an’lati’p tur.

«*Ko’lemi bes shaqi’ri’mnan zi’yat, adam izi tu’spegen seksewillikti qaq jarg’an Aman ag’ani’n’ izine zorg’a ilesip kiyati’rman. Worta boyli’, du’g’i’ji’m denesindegi ku’sh-quwati’ toli’p tasqanli’qtan sharshap-shalg’i’w degendi bilmes”.* Bul ga’pte qollani’lg’an «*adam izi tu’spegen*» degen turaqli’ so’z dizbegi «aldi’n bul jerge heshkim kelmegen» degen ma’nisti an’lati’p tur.

«*Tasbaqa ju’ris penen zorg’a jetken telegraf ag’ashlari’ degenimiz siyrek wo’sken qami’sli’q, jumi’sshi’lar posyolkasi’ bolsa do’n’es qumli’qqa aylandi’. Aqi’r-ayag’i’nda bir-birimizge tik qarasi’wg’a ju’reklerimiz dawamay, alg’an bag’i’ti’mi’zdan qaytpay ju’re berdik*». Bundag’i’ “*tasbaqa ju’ris*” turaqli’ so’z dizbegi boli’p, «a’sten ju’riw», «su’yretilip adi’m ati’w» ma’nilerin an’lati’p tur.

*Qas penen ko’zdi’n’ arasi’nda jer-ja’ha’ndi ko’l-ko’sir yetken jawi’nni’ suwi’na i’qqan qazan-tabaqlari’mi’zdi’ son’ina qaray ha’r jerden ji’ynasti’rg’ani’mi’zg’a ku’lisip, da’slepki ku’ni nan menen qara suw iship jati’wg’a tuwra keldi.* Bul ga’pte qollani’lg’an ”*qas penen ko’zdi’n’ arasi’nda*” degen frazeologizm “tez”, “ku’tilmegende”, “birden” degen ma’nilerdi an’latadi’.

*Jolda yeki tu'nep, u'shinshi ku'nge qarap ketkennen son' ju'rek jalg'aytug'i'n suwi'mi'zdi' tawi'si'p aldi'q. Uyqi' ko'rmegen tu'n-ku'nlerimiz ko'beygennen hal-dimari'mi'z quri'di'.* Bul ga'pte "*ju'rek jalg'aw*" frazeologizm boli'p, wol ash bolmaw ushi'n bir-na'rselerdi jep ali'w ma'nisin an'latadi'.

*Telefon arqali' qo'n'si'las posyolkalar menen ekspeditsiyalardan sorasti'ri'p, joqlawi'mi'zdi' asi'rg'annan keyin basqarmag'a xabarlag'an. No'kisten ja'rdem jetip kelemen degenshe qarap woti'rmaw ushi'n posyolkadag'i' awshi' jigitlerdi'n' baslari'n qurap, tumli'-tusqa izlew sali'pti'.* Bnda "joqlawi'n as'ri'w"-"izlew", "joyti'liw" degen manisti bildiredi.

Bunnan ti'sqari' bul osherkte, *yeki iyini h'ali'qlap dem aili'w, , dize bu'giw, gu'der u'ziw, qara jerdi mushlaw,, quri'? alaqan qali'w* si'yaqli' turaqli' so'z dizbeklerinen wo'nimli paydalang'an.

Yeger ocherkist turaqli' so'z dizbeklerinen paydalanbay, jay ga'plerden paydalang'anda ocherkti'n' obrazli'li'gi' ha'm tili bayi'mag'an bolar yedi. Ga'pke say tu'raqli' so'z di'zbeklerin sheber ocherkist g'ana aktiv qollana aladi'. Publicist Wo'.Wo'tewliev mine usi'nday sheber do'retiwshi si'pati'nda, bir g'ana ocherkinin' wo'zinde bir-neshshe frazeolgizmlerden paydalana alg'an.

Osherktin' ko'rkemlik jaqtan bayi'wi'nda ha'm woni'n' ta'sirliligin artti'ri'wda frazeologizmler menen bir qatarda naqi'l-maqallarda jiyi qollani'ladi'. Sebebi, naqi'l-maqallar ku'ndelikli turmi'sta xali'q talabi'na i'layi'qli' kelip shi'qqan danali'q ga'pler boli'p tabi'ladi'. Naqi'l-maqallar ha'r minut sayi'n qollani'li'p woti'ratug'i'n az so'z benen ko'p ma'ni beretug'i'n, so'z sheberleri ta'repinen do'retilgen ko'rkem so'zdin' marjani'[44].

Naqi'l-maqallar ko'binese xali'qti'n' so'ylew tilinde ko'plep qollani'ladi'. A'sirese bizin' xalqi'mi'z yerteden baslap so'ylegen so'zlerinin' arasi'na naqil-maqallardi' qosi'p so'ylegendi wo'zlerine a'det qi'lg'an, birde bir so'zin naqi'lsi'z aytpag'an. Naqi'l-maqallar so'zdi ko'rkemlep so'ylewdi'n' baslamasi'. Sebebi, sheshenler, dani'shpanlar buri'ng'i' da'wirlerden baslap wo'z pikirerin

[44] Ешбаев Ж.Қарақалпақ тилиниң қысқаша фразеологиялық сөзлиги. Нөкис.,1985

naqi’l-maqallarg’a baylani’sti’ri’p aytqan ha’m sol tiykarda bir-biri menen jari’sqan. Kimde kim naqildi’ ko’p bilse wog’an hu’rmet penen qarag’an. Osherkshi aytajaq so’zinin’ ta’sirshen’ligin artti’ri’w, sonday-aq, astarli’ ma’ni beriw maqsetinde naqi’l-maqallardan paydalanadi’.

Naqi’l-maqallar qaharmanlardi’n’ minezin ashi’p beriwde, wolardi’n’ ishki du’nyasi’n su’wretleqw ushi’n ken’ paydalani’ladi’. Sonday aq naqi’l-maqallardi’ qollani’w arqali’ ocherkist pikirdi i’qsham ha’m ani’q yetip jetkerip beriw mu’mkinshiligine iye boladi’, shi’g’armani’n’ xali’q tiline jaqi’n boli’wi’n ta’miynleydi, osherktin’ tarti’mli’ boli’wi’na yerisedi.

Mi’sali’, ««*Batar ku’nge emes, atar tan’g’a ju’r» degendey, U’stirttin’ ayqush-uyq?sh dan’g’i’l jollari’ndag’i’ da’rbentke jetken son’, dem ali’spa berdi. Tan’ ata ja’ne jolg’a tu’skennen barar ma’nzilimiz “Shaqpaqti” ga’z ka’nine tuspa-tus, 30 shaqi’ri’m qublasi’ndag’i’ 1950-ji’llari’ qazi’li’p, “Nikolaevskiy” dep at keshken yeski skvajing’a barg’ansha ti’ni’m tapti’rmadi’”*.Bul ga’pte «Batar ku’nge yemes atar tan’g’a ju’r» degen naqi’l ga’pke mas ra’wishte qollani’lg’an.

«*Jaman aytpay jaqsi’ joq, ta’nde janlari’mi’z saw, yelge jetsek quday joli’na sadaqa tarqatayi’q…*» Bul ga’pte «Jaman aytpay jaqsi’ joq» degen naqi’l adamda jaqsi’ niyet yetiwge, ruwh’lani’w sezimin woyatatug’i’n ma’nili ga’p ma’nisinde qollani’lg’an.

««*Wo’zin’ jaramasan’ qasi’n’dag’i’ni’ wo’ldi bil» degen, sen ha’m wo’zimdeysen’. Ha’zir ne woyg’a shu’mgenimdi’ bilesen’be?! Wortanshi’ balam Ulug’bek karatge qi’zi’g’adi’. No’kistegi ku’shli trenerlerge qatnatsam deymen…”* Bul ga’pte « Wo’zin’ jaramasan’ qasi’n’dag’i’ni’ wo’ldi bil» degen naqi’l sho’l ha’m jol azabi’n tarti’p kiyati’rg’an yeki insanni’n’ sharshag’andag’i’ hali’n su’wretlewde wori’nli’ paydalani’lg’an.

Ocherkte qollani’lg’an naqi’l-maqallar ayti’lajaq temag’a say qollani’lg’anda g’ana woni’n’ ko’rkemliligi bayi’ydi’ ha’m ta’sirshen’ligi artadi’. Ma’selen, *“Aldin’g’i’ arba qaydan ju’rse, keyingileri de sonnan ju’redi” degendey, u’lken a’jag’am Nazarbaydan baslap Shamsiya, Yerejep, Gu’lxan,*

*Ari'wxan, Amanbay, Gu'lja'ha'nler ustazli'q ka'sipti tan'ladi'. Mug'allim bizler ushi'n yen' abi'rayli' ka'sip yedi.*

*Anali' jetim zor jetim bolg'ani' menen A'kem jeti jasi'mda qayt's boldi'. G'a'rip anami'zdi'n' "Aldi'mda buri'ng'i'day aqi'rag'an azamati'm joq, balalri'm ash qalmasi'n" dep 18 yeshek arba qami's wori'p, bazarg'a satsa bir jag'i'nda baraman[45]"* Bul ga'pte qollani'lg'an "Aldin'g'i' arba qaydan ju'rse, keyingileri de sonnan ju'redi" , "Anali' jetim zor jetim" naqi'li' bir shan'araqtan shi'qqan mu'g'a'llimshilik ka'sibin tan'lag'an adamlardi'n' atlari'n tan'lawda ha'm anasi'ni'n' perzentlerin zar-qor qi'lmay kamalg'a keltirgenin bayanlawda duri's qollani'lg'an.

Qaraqalpaq tilindegi naqi'l-maqallar xali'q awqi'zeki do'retpeleri qatari'na kiretug'i'n bolg'anli'g'i' ushi'n woni'n' bir-neshe variantlari' boli'wi' mu'mkin. Ocherkist wo'zinin' talg'ami'na qaray variantlardan birin tan'laydi'. Ma'selen,

"*Bolar bala bes jasi'nan bellidi" degendey Svetlana wo'zinin' suli'w minezleri menen ata-anasi'ni'n' kewlinen shi'g'atu'g'i'n perzent boldi'. Wol mektepte woqi'p ju'rgende ata-anani'n' ju'zin to'men qaratpadi'. Jaqsi' woqi'di', ta'rtipli, basqalarg'a u'lgililigi menen Wori'nbek ag'ani'n' maqtani'shi' boldi[46]"*". Bul ga'pte "Bolar bala bes jasi'nan bellidi" degen naqi'l qollani'lg'an boli'p, bul naqi'ldi' ayi'ri'm ocherkistler "Bolar bala bes jasi'nan belgili" degen varianti'n qollang'andi' maqul ko'redi.

Naqi'l-maqallar ko'binese ga'pti'n' basi'nda keledi. Wo'ytkeni ocherkist naqil-maqallardi' birinshi jazi'p ali'p woni' keyingi aytajaq ga'pi menen baylani'sti'radi'.Ma'selen, "*Qus ushsa qanati' menen" dep Jumagu'l Alievani'n' tan'lag'an kadrlari'-miyribiykelerinin' yemlew usi'llari', ku'le shi'ray menen adamg'a qatnasi' anaw-mi'naw shi'pakerden kem yemes-aw dep woylaysan'.* Ko'rinip turg'ani'nday basta kelgen naqi'l keyingi gapke say qollani'lg'an.[6]

---

[45] Өтеўлиев Ө.Инжигүл кемпирдиң генжетай қызы. //Еркин Қарақалпақстан. 2001-жыл, 12-август
[46] Есемуратова Г. Дәўирлер нәпеси. Нөкис.,2009. 242-243-бет

Demek, osherkist naqi’l-maqallardi’ qollani’w arqali’, bolg’an waqi’yani’ yele de tarti’mli’ ha’m ta’sirli yetip su’wretleydi, sonday-aq woqi’wshi’g’a emocionalli’q jaqtan ta’sir yetedi. Sonli’qtanda M.Gorkiy «Jazi’wshi’ni’n’ tiykarg’i’ qurali’-so’z»-dep ko’rsetedi. Ocherkti arti’qsha quri’ suli’w so’zler menen boyamaw kerek. Wo’ytkeni ocherkke arti’qsha so’zler jaraspaydi’. Wondag’i’ ha’r bir so’z isenimli ha’m ma’nili boli’w kerek. Bunda publicist so’zler u’stinde islewi, ga’ptin’ gramatikali’q quri’li’si’n izertlewi, so’zlik bayli’g’i’n ken’eytiwi ha’m sap taza tildi qa’nshelli wo’zlestirgeninen osherktin’ ta’g’diri sheshiledi. Soni’n’ ushi’nda tildegi turaqli’ so’z dizbekleri ha’m naqi’l-maqallardan paydalani’w wo’ni’n’ ko’rkemlik jaqtan bayi’wi’nda u’lken a’hmiyetke iye.

## 3.2. Ocherkisttin’ portret jasaw sheberligi

İlimpaz Ay?mqul Pirnazarov «XIX a’sirdin’ yekinshi yari’mi’ XX a’sirdin’ basi’ndag’i’ qaraqalpaq a’debiyati’» monografiyasi’nda: «Do’retiwshilik sheberlik usi’llarda shek joq. Sebebi, ha’r shay?’r, jazi’wshi’, wo’z shi’g’ai’masi’n, ha’tteki wondag’? ha’r bir waqi’yani’ ha’r qi’yli’ usi’lda su’wretlep sol shi’g’armani’n’ jaqsi’, qi’zi’qli’, mazmunli’, teren’ ma’nili boli’p shi’g’i’wi’, woqi’wshi’si’ni’n’ yadi’nda uzaq waqi’t umi’ti’lmay saqlani’wi’ ush?n boyi’ndag’i’ bar aqi’l- woyi’n, bilimin, uqi’bi’n, intasi’n jumi’saydi’, sheberlik usi’llari’n paydalanadi’. Sonli’qtan da ha’r bir jaqsi’ shi’qqan woqi’wshi’si’na unag’an shi’g’armada avtordi’n’ sheberligi bar. Bul haqi’yqatli’q. Biraq, shi’g’armasi’ni’n’ qay jerinde avtor qanday sheberlik usi’l qollandi’ mine, buni’ tabi’w, ani’qlaw, da’liyllew an’sat yemes, buni’n’ ushi’n izertlewden teren’ bilimlilik, tu’sinik talap yetiledi[47]»-dep ko’rsetedi. Sonli’qtan belgili publitsistlerdin’ jazi’w lobaratoriyasi’ndag’i’ sheberliklerin usi’ bo’limde teoriyali’q jaqtan u’yrenip shi’g’ami’z.

---

[47] Пирназаров А. XIX әсирдиң екинши ярымы XX әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебияты. Н.,1996

Bu'gingi ku'nde baspaso'z betlerinde belgili publitsistlerden G.Yesemuratova, Sh.Usnatdinov, Wo.A'bdiraxmanov, Wo'.Wo'tewliev, Ye.Yermanov, T.Masharipova, A.Tu'rekeeva, S.Ja'nievlardi'n' bir qatar ocherkleri tez-tezden baspadan shig'i'p turadi'. Bul publitsistlerdin' jazi'w stilleri birin-biri ta'kirarlamaydi', wolardi'n' ha'r biri jeke wo'zinshelik qol tan'basi'na iye. Solardi'n' biri T.Masharipovani'n' bir qatar ocherkleri woqi'wshi'lar qa'wimine ken'nen tani's. Ma'selen, woni'n' «Wo'zimdi izleymen» ha'm «Wo'mir gu'li» toplamalri'nda jari'q ko'rgen «Qosi'qlari'm wo'mirimnin' mazmuni'», «Si'ni'qshi'», «Matematik», « «Umi'tshaq awri'wdi'n'» umi'ti'lmas doktori'», «Da'wir hayali'», «Mi'n'nan shi'qqan tulpar», «U'lken saxnag'a jol» ha'm t.b. ocherkleri wori'n alg'an.

Yerkin Qaraqalpaqstan gazetasi'ni'n' 2012-j?l 10-aprel sani'nda Qaraqalpaqstan Jazi'wshi'lar awqami'ni'n' publitsistika ken'esinin' basli'g'i' Sh.Usnatdinovti'n' Publitsisistika ha'm ocherk janri'ni'n' bu'gingi jag'dayi' haqqi'nda so'z yetilgen «Ko'rkem a'debiyatti'n' jarshi'si'» a'debiy si'n maqalasi'nda wol: «Publitsistika ha'm ocherk janri'nda wo'zinshelik qol tan'basi' bar jurnalist si'pati'nda tani'li'p kiyati'rg'an Tamara Masharipova wo'z shi'g'armalari'nda shi'n ju'rekliligi, waqi'yalardi' bati'l, ashi'q aydi'n su'wretlewi, qaharman psixologiyasi'n dialoglar, wolardi'n' ha'reketlerindegi milliyliklerin sheber su'wretlewi arqali' isenimli obrazlar do'retedi»-dep jazadi'.

Rasi'nda da, T.Masharipovani'n' ocherklerinin' tili wog'ada bay, wol sap taza tildi hm a'debiy tildin' normalari'n puqta biledi ha'm waqi'yalardi' bayanlaw usi'li' bolsa ju'da' a'piwayi' ha'm tarti'mli'. Wol ocherklerinde personajlar tilindegi awi'zyeki so'ylew stilinen sheber paydalang'an halda qi'zi'qli' obrazlar sa'wlelendiredi. Woni'n' ocherklerinin' ko'pshiliginde jas? u'lken kempir-g'arri'lardi'n' sadali'g'i'n, aqko'kirekligin, ken'peyilligin ashi'p beriwge ha'reket yetedi. «Qosi'qlari'm- wo'mirimnin' mazmuni'» ocherkindegi mi'na qatarlarg'a itibar qaratayi'q:

«Qalali'lardi' bilmeymen-da', jabanli' jerde adamlar ha'r tan'd? u'yindegi radioni'n' qulag'i'n buraw menen ku'tip aladi'.

Qaraqalpaqstan radiosi'ni'n' bir jaqs? jeri, tan'g'i' xabarlardan son' jan'lati'p qosi'q berip, biypayan dalalardi' saz benen woyatadi'.

Men bir gozzali'qqa ha'wes shaydaman,
Qi'yali'm juldi'zda, wo'zim aydaman,
Basqa bilmes bir na'ma'lim jaydaman,
Senin' kewlin'di bilgim keledi.
A-aaa…

«Qi'z qosi'g'i'» biyik, ba'lent lapi'z benen atqari'li'p ati'r.

-Turmaysi'z ba?! Xanzada degen qashshan radiog'a kelip, qosi'g'i'n ayti'p ati'r. Sizlerdey tu'ske deyin jatpaydi',-dep biyhazar keyiydi anami'z.

-Pay apa, deymen-aw, wol zapis –g'o..

-Zapis degen ne?! Ha'zir ayti'p ati'r?

Pah', dawi's degenin' si'n'g'i'rlap tur-g'oy si'n'g'i'rlap!» [48]

Keltirilgen mi'salda avtor waqi'yani' bayanlawda awi'lli'q jerdegi ta'rtiptin' wo'zgesheligin, wo'zinin' anasi'ni'n' sadali'g'i'n wog'ada qi'zi'qli' detallar arqali' su'wretlep beriwge ha'reket yetken. Wondag'i' qaharman tilinde ayti'lg'an qosi'q qatarlari'n ocherktin' ishinde beriw arqali' tarti'mli'li'qqa yerisken.

T.Masharipovani'n' stilindegi ja'ne bir wo'zinshelik waqi'ya qaharmani'ni'n' qashan, qay jerde, ne islegenin sanlarg'a tolti'ri'p jazi'p taslawdan awlaq, Wol bunday mag'li'wmatlardi' tek ocherktin' basi'nda qi'sqasha keltirip wo'tedi. Ma'selen, «Xanzada Palwanova, 46 jasta. No'kis qalasi'nda jasaydi'. Repertuari'ndag'i' «Adi'n'nan» xali'q qosi'g'i', «Qi'z qosi'g'i'», «Dala aqshami'», «Ti'n'larmekensen'», «A'rmani'n' bolmas», «Quba qus», «Aralasam a'ziyz u'lkeni» (duet), «Gu'listan u'lkem», «Jasli'g'i'm menin'», «Ko'zqarasi'n'da» ha'm tag'i' basqa qosi'qlari' menen xalqi'mi'zg'a jaqs?tani's. Turmi's joldasi' chang a'sbab?nda woynaytug'i'n muzi'kant Marat Nurniyazov penen sherek a'sirden berli tu'tin tu'tetip, bir qi'z ha'm yeki uldi' wo'zleri

---

[48] Машарипова Т.Өзимди излеймен. Т.,2011ю 54-55-бет

si'yaqli' ko'rkem wo'nerge ashi'q insanlar qatari'nda ta'rbiyalamaqta». Bul qi'sqa mag'li'wmatlar ocherk ushi'n tiykarg'i' h'u'jjet boli'p xi'zmet yetse, waqi'yalardi' bayanlawda wolardi'n' turmi'si'nda ju'z bergen yen' qi'zi'qli' ha'm yeste qalarli' detallardi' sa'wlelendiredi. Sonday aq, mi'salda qollani'lg'an "tu'tin tu'tetip" so'z dizbegi arqali' avtor ga'pke logikali'q ma'ni beredi. Woni' da'slep quri' sol halati'nda qollang'anda tu'sinbewi mu'mkin, biraq avtor woni' keyingi so'z benen toli'qti'radi' ha'm ga'ptin' tarti'mli' boli'wi'na yerisedi.

Avtor ocherklerinde waqi'yalardi' izbe-iz bayanlap kete bermesten, wolardi' bo'limlerge aji'rati'p jazg'andi' maqul ko'redi. Ma'selen. «Qosi'qlari'm wo'mirimnin' mazmuni'» ocherkinin' wo'zinde «Ha'r kimnin' wo'z qosi'g'i'», «I'lan'li' samal ha'm artistler», «Sa'lem kiyeli saxna!», «Nadi'rov qapa boldi'», «Adam tilleskenshe…», «Alti' ay ju're almay qaldi'm», «Qos buri'mi'm bar yedi», «Sol ishewik ku'yewin'di qoy» si'yaqli' bo'limlerden ibarat. Avtor ha'r bir bo'limge atama tan'lawda waqi'yadag'i' yen' qi'zi'qli' jerlerin tema yetip aladi'.

T.Mashapipovani'n' stilinin' ja'n'e bir wo'zgeshelik ta'repi, wol dialoglardan sheber paydalanadi'. Yeki yaki bir neshe adamlar wortasi'ndag'i' wo'zara so'ylesiw yamasa sa'wbetlesiw dialog dep ataladi'. Ma'selen, «Mi'n'nan shi'qqan tulpar» ocherkindegi «Jen'impazdi'n' u'yinde» degen bo'liminde avtor ocherktin' bas qaharmani' A'liysher Sa'netullaev penen sa'wbetlesken dialogi berilgen:

«A'liysher Andersonni'n' yerteklerin rus tilinde woqi'p woti'r yeken.

-Yerteklerge qi'zi'g'asan' ba?

-Awa. Fantastikag'a da qi'zi'g'aman. Liytseyde de a'debiy kitaplar wo'qi'wg'a ha'reket yetemen.

-Basqa neshe tildi bilesen'?

-Liytseyde sabaqlar ingilis, qaraqalpaq ha'm tu'rk tillerinde woqi'ti'ladi'. Olimiyadada test sorawlari' wo'zbekshe beriledi.

-Charlotta Brontenin’ «Jeyn Eyyerin» tu’p nusqadan woqi’di’. Wol ja’ne Mark Tven, Teodor Drayzer ha’m basqada du’nya jaz?wshi’lari’ni’n’ shi’g’armalari’ menen tani’s. -Ga’pke qosi’ldi’ anasi’.

-Woni’n’ nesin aytasi’z? Kitap bolg’an son’ woqi’w kerek.- Juwap qaytardi’ balasi’.

-Birinshi wori’n alaman dep woyladi’n’ ba?

-Yaq. Men tek test sorawlari’ ha’m ma’selerdi duri’s sheshiwdi g’ana woyladi’m.

-Fizikag’a ayri’qsha qi’zi’g’asan’ ba?

-Mag’an barli’q pa’nler unaydi’…»[49]

Wol dialoglardi’ sheber paydalani’w menen birge, sa’wbetlesken qah’arman?ni’n’ berilgen sorawlarg’a juwapti’ qalayi’nsha qaytarg’an bolsa, solayi’nsha beredi, wo’zinin’ stiline sali’p du’zetpeydi. Dialoglar birinshiden jazi’wshi’ni’n’ aldi’na qoyg’an maqsetin, woni’n’ do’retiwshilik stilinin’ wo’zinsheligin woqi’wshi’ni’n’ tu’siniwine ja’rdem berse, yekinshiden, ko’rkem dialogti’n’ qurli’si’ndag’i’ ha’r qi’yli’ ko’z-qaras ha’m ko’rkem teksttin’ ra’n’-ba’ren’ligine yerisiledi[3]. Bul ocherktin’ janli’ ha’m tarti’mli’ boli’wi’na ja’rdem beredi. Sonday aq, «Qosi’qlari’m wo’mirimnin’ mazmuni’» ocherkindegi «Adam tilleskenshe…» degen bo’liminde avtor qaharman menen sa’wbetlesken:

-Tuqi’mi’n’i’zda sira’ qosi’q aytqan adam bolg’an ba?

-A’kem Palwan duwtar shertip, qosi’q aytti’, qi’z apam, sin’lim uli’wma ag’ayi’n-tuwg’anlardi’n’ ba’rinde de wo’ner bar. Qudaqa’lese, balam Azattan u’mitim ku’shli. U’sh jasi’nda «Men qoyanman» dep televizordan shi’qti’, qaraqalpaqta birinshi da’pshi Raxman Jumaniyazovti’n’ sha’kirti, tu’rli muzi’kali’q a’spablarda biyma’lel woynay aladi’.

-Qosi’qshi’lardan kimlerdi unatasi’z?

-Men wo’zimnen buri’n ha’m qatar, sonday aq ha’zir de qos?qlari’n ayti’p ati’rg’an ba’rshe artistlerdi su’yip ti’n’layman. Ha’r kim wo’z joli’ menen

[49] Машарипова Т.Өзимди излеймен. Т.,2011. 46-47-бет

qosi’q aytsa nege unatpas yekenmen? Biraq mag’an ba’rinen de buri’n bu’lbil boli’p sayraytug’i’n, biyik, shi’n’g’i’ri’p ayti’latug’i’n dawi’slar unaydi’. Operani’ jani’m su’yedi. Xali’q artisti Saodat Qabulovaday bolg’i’m keletug’i’n yedi. Wo’zimizdin’ Miyassar Razzaqova bar, Roza Qutekeeva bar, wolar ku’shli dawi’s iyeleri g’oy. Jigitlerden Ken’esbay Serjanov, Maqset Qojaniyazov, Toli’bek Xojanazarov, marhum Ken’esbay Niyetullaev… Ken’esbay menen qayi’qta ju’zip aytqan duetimizdi ko’pshilik yele umi’tpag’an». Mi’salda keltirilgenindey, avtor dialoglarda shablon sorawlardan ha’m so’zlerden paydalanbaydi’. «Tuqi’m?n’i’zda» degen so’zdin’ worni’nda «Shan’arag’i’n’i’zda» degen sinonim so’zdi qollang’anda dialog tarti’mli’ shi’qpag’an bolar yedi. Us? so’zdi qollani’w arqali’ birinshiden ta’sirshen’likke yerisken, yekinshiden, adamlardi’n’ woylaw manerasi’n, du’nyag’a ko’z-qarasi’ni’n’ wo’zgesheliklerin, ja’miyetlik turmi’s tuwrali’ wolardi’n’ woylari’n, bahalawlari’n woni’ qabi’llawi’n su’wretley woti’ri’p xali’qti’n’ so’ylew tilinin’ elementlerin avtord?n’ sheberlik penen wori’nli’ paydalang’ani’n ko’remiz. Soni’n’ ushi’n da awi’z yeki so’ylew tili xaly’qti’n’ ku’ndelikli turmi’si’ndag’i’ adamlar arasi’nda u’ziliksiz boli’p woti’ratug’i’n qari’m-qatnas bari’si’nda jumi’sali’p, so’ylewshinin’ anaw yamasa mi’naw adamg’a degen jek ko’riw, jaqsi’ ko’riw si’yaqli’ psixikali’q sezimlerin wo’zinde sa’wlelendiredi[50].

Solay yetip, ocherkist T.Masharipova ha’r bir ga’pti, faktti bergende- xalqi’n, woni’n’ perzentelrin, ta’biyati’n, wolardi’n’ ruwxi’yati’n ko’termelewge, uli’g’lawg’a turmi’s sha’rayati’n jaqsi’lawg’a ha’reket yetken. Milliy tilge ta’n poetika?q lapi’z, woy qashi’rmalari’, logikali’q bayanlaw woni’n’ stiline ta’n belgiler si’pati’nda qa’liplesken.

Belgili publicist ha’m jurnalist Wo’.Wo’tewlievtin’ do’retiwshiligi woqi’wshi’lar qa’wimine ken’nen tani’s. Woni’n’ qi’l qa’leminen do’regen bir qansha shi’g’armalari’ proza tarawi’n bayi’ti’wda u’lken a’hmiyetke iye. Jurnalist barli’q janrda da sheberlik penen do’retpeler jarata aladi’. Wol wo’zine

[50] .Абдиназимиов Ш.И. Бердақ шығармаларының тили. Докторлық диссертация. Нөкис-2001. 234-235-бет

ta’n jeke stili menen basqalardan ayri’qshalani’p turadi’. A’sirese, ocherk jazi’wda woni’n’ aldi’na tu’setug’i’ni’ tabi’lmasa kerek. Woni’n’ usi’ ku’nge shekem «Adamlarg’a si’rlas bolsaq», «Qi’zi’l ko’ylekli qi’z», «Ten’izdin’ jini», ««Barsakelmes» aspani’nan aqqan juldi’z» toplamlari’nda bir qansha ocherkleri jari’q ko’rdi.

Wo’.Wo’tewlievtin’ wo’zine ta’n stili, wol ko’rkemlik penen hu’jjetllilikti sheberlik penen birlestire aldi’. Woni’n’ stilinin’ wo’zine ta’n ta’repi sonda, wol waqi’yalardi’ bayanlawda avtordi’n’ tili menen yemes, al qaharmanlardi’ so’yletiw arqali’ bayanlaydi’. Ma’selen, ««Barsakelmes» aspani’nan aqqan juldi’z» ocherkinde:

« Adam balasi’ gu’lden na’zik, tastan qatti’. Ayaq u’stinde sa’l-pa’l ti’ni’g’i’p, ko’zimdi jumsam Aman ag’a menen da’sturxandi’ do’gereklep woti’rg’an bolaman. Bir sho’rek nandi’ ten’ bo’lisip jep, i’ssi’ shaydi’ keseden urtlap, ku’lisemiz. Ko’zimdi ashsam qar basqan dalan’li’qta jalg’i’z wo’zim… Tu’sim ya won’i’mdi’ ayi’ra almay, mashi’nlar ju’re-ju’re tepsen’in shi’g’arg’an gu’zar jolg’a tu’stim. Soqpaq jolg’a, jol awi’l-yelge jetkizedi. Uzaqtan ji’lman’ yetip quyri’gi’n bi’lg’an’latqan tu’lki qashqanday boldi’. Qoli’mdag’i’ pi’shag’i’mdi’ bi’lg’ap, izinen juwi’ri’p ja’ne joldan adasti’m. Adi’m atqan sayi’n bas?m gewdeme awi’rli’q yetip, boyi’mdi’ tiklep ju’riwden qali’p barati’rman…»[51]

Avtor waqi’ya qatnasi’wshi’si’ yemes. Ocherktegi syujet ha’m waqi’yalar ocherktin’ bas qaharman? Aman ag’a menen birge ju’rgen Quwat isimli inspektordi’n’ yeske tu’siriwleri arqali’ ashi’p beriledi. Quwatti’n’ yeske tu’siriwlerinen avtor waqi’yani’ wo’zi gu’was? bolg’anday yetip sheberlik penen su’wretlep beredi.

Wo’.Wo’tewliev barli'q ocherklerinde wo’zine wo’zek yetip alg’an obektlerdi jurnalistilik ko’z qarastan teren’ izertlep, woqi’wshi’larg’a ko’rkemlep jetkerip beriwge ha’reket yetedi ha’m wog’ada ta’sirli, insanlar kewlin yeljiretetug’i’n so’zlerden paydalanadi’. Ma’selen, ««Barsakelmes» ati’n’ni’n

---

[51] Өтеўлиев Ө. «Барсакелмес» аспанынан аққан жулдыз.Т,2009ю10-11-бет

jamani'n, kimler sen ta'repke ketip, kimler qaytpag'an?! Ul qi'zi' woti'z bolsa da ata-anasi' ushi'n ha'r qaysi'si'ni'n' worni' bo'lek. Shamurat ag'a menen Toqtagu'l apani'n' qayda ju'rse de «aman bari'p, saw kelsin» degen jaqsi' niyet penen ism qoyg'an Amangeldisin nege qi'rshi'ni'nan qi'ya qoydi'n'?! Tillerin'iz bolsa so'yle, ay ku'n juldi'z, darxan dala-U'stirt?!»

Wo'.Wo'tewlievtin' ja'ne bir wo'zine ta'n stillik sheberligi, wol waqi'yag'a qosi'p ta'biyat ko'rinslerin obrazli' su'wretlep beriwge ha'reket yetedi yag'i'ni'y peyzajdan paydalanadi'. Peyzaj yeki ma'niste qollani'ladi, birinshisi, ta'biyatti'n' suli'w ha'm ko'rkem ko'rinisi, yekinshi ma'nisi kartina ja'ne ta'biyatti' ko'rkem til menen su'wretlew. Wondag'i' qollani'lg'an ta'biyat ko'rinislerin waqi'yag'a ani'q yetip uyg'i'nlasti'radi'. Ma'selen, «Ay qaran'g'i', ku'n bult. Dalan'li'qta tan' qorazssi'z atadi'. Ku'ndizi jayma-shuwaqlasqani' menen tu'ni ayaz. Adam sileytip bir ton'sa son'i'nan suwi'q ta'sir yetpey qalar yeken…» Bunda avtor biypayan' dalan'li'qti' usi'layi'nsha tarti'mli' yetip su'wretleydi. Wondag'i' «tan' qorazssi'z atadi'» so'z dizbegi ga'pke logikali'q ma'ni berip tur. Yamasa, «Zerger qayda, zer qayda» ocherkinin' baslamasi'nda: «I'zg'i'ri'q samallardan japi'raqlari' tu'sip, si'ydamlang'an jiydeliktegi g'arqi'ldasqan g'arg'alar woy-qi'yali'mdi' bo'lip jiberdi.
-Nuri'mbet zergerdin' awi'li'na keldin'iz!-dep shofyor jigit qara-tallari' gelleklenbey, sho'pker jaylari' biyta'rtip Sali'ng'an awi'ldi' iyegi menen nuqsap ko'rsetkennen son' mashinasi'nan tu'sip qaldi'm[52]».

Avtor waqi'yani' bayanlawda ta'biyat ko'rinislerine qosi'p, quslardi', jaylardi' da qi'zi'qli' detal si'pati'nda qollanadi'. Bunda woqi'wshi' so'z yetilip ati'rg'an waqi'yani' ko'z aldi'na keltiredi.

Wo'.Wo'tewlievtin' siyasiy ma'selege quri'lg'an ocherklerinin' arasi'nda «Gu'lbiy» ocherki wog'ada ayri'qsha. Ocherk İran, İrak, Siriya, Yordaniya ha'm Turkiyada yelden-yellerge wo'tip, jan saqlap, ko'ship-qonaqlap ju'rgen watan gedayi' marhum Abdulla Yusupovti'n' turmi's joldasi' Gu'lbiy haqqi'nda

---

[52]Өтеўлиев Ө. «Барсакелмес» аспанынан аққан жулдыз.Т,2009ж 27-28-бет

jazi’lg’an. Avtor waqi’yani’ siyasiy ma’seleler menen baylani’sti’ri’p ta’srili yetip su’wretlep beriwge ha’reket yetken ha’m waqi’ya bi’layi’nsha baslanadi’:

«Televizorda İrak uri’si’n, avtomatlardan woq jawi’p, ti’ni’msi’z bomba jari’li’wlardi’ ko’rsete baslag’annan Gu’lbiy apani’n’ qollari’ qalti’rap, kese toli’ shayi’ to’gile jazladi’. «Jari’q a’lemnin’ to’rt mushi’na shashi’lg’an i’ri’sqi’-nesiybemizdi sho’pshegen, jeti da’ryadan suw ishken yerkin qus yedik. Bag’dad yelden ja’bir japalar ko’rip, qan’g’alaqlap barg’anda pana bolg’an, muqaddes jurty’m. Tariyxyi’y yesteliklerge bay, din islamni’n’ worayi’, yen’ a’yyemgi masjid-medreselerge tasi’n qalag’an, ulama, qazi’-kalamlardi’n’ wot basi’na bu’lginshilik salg’anlar inshalla won’bas»-dep gu’birlenip ko’z jaslar? wo’n’irshesine tamdi’». Sonday aq avtor, Gu’lbiydin’ tilinen ayti’lg’an tolg’aw qatarlari’n da sheberlik penen berip wo’tedi.

«Qaratawdi’n’ basi’nan ko’sh keledi,
Ko’shken sayi’n bir taylaq bos keledi.
Qi’zalaqtan ayri’lg’an jaman yeken,
Yel-jurti’n’nan ayri’lg’ani’ jaman yeken.
Mo’ldiregen qara ko’zge jas keledi[53]». Ocherkte qollani’lg’an bul tolg’aw waqi’yag’a sa’ykes tu’rde tan’lang’an.

Wol bir ga’pti ayti’w ushi’n bir neshe so’zlerden paydalanadi’. Ma’selen, «Shi’ni’nda da qi’sti’n’ qaqaman suwi’g’i’ menen jazdag’i’ ja’ziyrama i’ssi’, gu’zli-ba’h’a’rdegi qar-jawi’n, ala-sapi’ranli’ ku’nlerde shan’g’i’ttan ko’zleri qi’zari’p, tisleri menen g’i’shi’rlati’p qum shaynap, jer to’lelerde jasap ha’m miynet yetiw an’sat yemes». Bul ga’p 32 so’zden quralg’an boli’p, usi’ bir ga’ptin’ wo’zinde qollani’lg’an so’zlerdin’ wo’zine analiz berip wo’tedi, bir de so’z woni’n’ na’zerinen shette qalmaydi’. Tilshi ilimpaz S.Baxadi’rova: «Jazi’wshi’ obraz beriwde, kompozitsiya quri’wda, konfliktlerdi shiyelenstiriwde tu’rli priemlard? izlestiredi, sonda da, shi’g’armani’n’ tilinin’ u’stinde bolatug’i’n izleniwshilik ba’rinen de juwapkershilikli. Tildin’ u’stinde jazi’wshi’ wo’zinin’ woyi’n ta’sirli, jarq?n obrazli’ yetip beriw ushi’n wol barqulla jan’a

[53]Өтеўлиев Ө. «Барсакелмес» аспанынан аққан жулдыз.Т,2009. 55-56-бет

so’ylem, uyqasi’q jan’a so’zlerdi do’retiw u’stinde islep woti’radi’. Jazi’wshi’ qa’leminin’ ku’shi menen so’zlerdin’ woyi’ni’n quradi’, so’z geyde qubi’li’p, aytajaq woyi’n tuwri’ ayt?p beredi, geyde burali’p, yesilip, sozi’li’p ayti’ladi’[54]»- dep ko’rsetkeni wori’nli’.

Woni’n’ shi’g’armalari’na tema qoyi’w sheberligi wo’zgeshe. Ma’selen, «Jolbari’s palwanni’n’ da’ryag’a ketken suw tulpari’», ««Aralqum»di’ seksewildin’ tami’ri’na baylap qoysaq», «Ush tulpari’m ush tulpar», «I’lay suwg’a sag’agi’n shayg’an Araldi’n’ kiti» ha’m t.b. Wo’.Wo’tewliev qaysi’ taraw haqqi’nda, woni’n’ qah’armani’ haqqi’nda ocherk jazbasi’n, sol tarawg’a tiyisli ka’siplik so’zlerden , atamalardan uti’mli’ paydalanadi’ ha’m wolardi’ wori’nli’ tu’rde ko’rkemlep jetkerip beriwge ha’reket yetedi. Ha’tteki, wol so’z yetip ati’rg’an tarawi’na tiyisli to’rtliklerden, qosi’q qatarlari’nan da sheber paydalanadi’. Ma’selen, wol wo’zinin’ Qon’i’rat rayoni’ndag’? belgili shi’paker xirurg Shamurat Eshanov haqqi’nda so’z yetken «Xirurg» ocherkinin’ juwmag’i’nda meditsina tarawi’na baylani’sti’ri’p belgili shayi’r İ.Yusupovti’n’ mi’na qosi’q qatarlari’n keltirip wo’tedi:

Wa densawli’q, densawli’q
Sen bir ju’rgen qoljawli’q,
Bazari’n’ tu’sip ketkende,
Bahan’ piyaz bir bawli’q…[55]

Solay yetip, Wo’.Wo’tewliev wo’zine wo’zek yetip alg’an ta’kirarlanbas stili arqali’ woqi’wshi’lar ushi’n mi’n’lap shi’g’armalar do’retip kelmekte.

Jurnalist ha’m jazi’wshi’ Ari’wxan Turekeeva woqi’wshi’larg’a wo’zinin’ yen’ qi’zi’qli’ do’retpeler arqali’ ken’nen tani’s, woni’n’ do’retiwshiligi wo’zgeshe ham qi’zi’qli’. Belgili problemani’ ali’p shi’g’i’p, woni’ sheshiw jollari’n sheberlik penen ko’rsete aladi’. Wol ko’binese moral temasi’na quri’lg’an maqalalari’ menen belgili. Woni’n’ bul tan’lag’an moral temasi’ a’piwayi’ maqaladan baslap ocherklerine shekem ko’shken. Wol ocherklerinde

[54] Бахадырова С.Роман ҳәм дәўир.Нөкис:Қарақалпақстан,1978.-122-бет.
[55] Өтеўлиев Ө.Хирург.//Еркин Қарақалпақстан.15-март,2007-жыл

ko’binese ja’miyettegi hayaldi’n’ wazi’ypalari’na, woni’n’ atqaratug’i’n roline ken’nen toqtaydi’, wolard?n’ ja’miyetlik jumi’slarda belsendi, ha’r bir iste juwapkershilikli, wo’z gezeginde u’ydin’ de jumi’si’n ti’ndi’ri’p kete beretug’i’n, ken’ peyilli, aq ko’kirek, talapshan’ paz?yletlerin su’wretlep beredi. Al, tiykar?nda bolsa, wol tan’lag’an temasi’n wo’zgeshe usi’lda bayanlaydi’.Ha’r bir do’retiwshinin’ shi’g’arma do’retiwde wo’zinshelik neshshe tu’rli sheberlik usi’llari’ boladi’. Sheberlik usi’l menen jazi’lmag’an shi’g’armani’n’ wo’miri kelte boladi’, wol woqi’wshi’ni’n’ i’qlasi’n wo’zine tartpaydi’, woqiwshi’ni’ jali’qtiradi’, sonli’qtan da bunday shi’g’arma uzaq waqi’t yadta saqlanbaydi’, tez umi’ti’ladi’[56]. Haqi’yqati’nda da solay, A.Turekeeva qa’lemi i’si’lg’an do’retiwshi si’pati’nda ha’mennin’ su’yikli jazi’wshi’si’ si’pati’nda belgili. Ma’selen, woni’n’ Qaraqalpaqstan Jaslari’ (17-noyabr, 2005-j) gazetasi’nda «Awi’ldag’i’ direktor hayal» ocherki jariyalang’an. Ocherk Tax’tako’pir rayoni’ndag’i’ 11-sanli’ worta mekteptin’ direktori’ Fatima Jamalova haqqi’nda jazi’lg’an. Avtordi’n’ bul ocherki a’piwayi’ ha’m qi’sqa yetip jazi’lg’an. Wo’z gezeginde soni’ da ayti’p wo’tiw kerek, A.Turekeevani’n’ stilindegi basli’ wo’zinshelik bul-qi’sqali’q. Wol waqi’yani’ bayanlawda mine usi’ usi’ldan sheber paydalanadi’. Ma’selen, «Universittette woqi’di’. Wo’z awi’li’na qayti’p keldi. Us? yelge kelin boldi’. Da’slepki miynet joli’n mug’allim boli’p islewden basladi’. Son’ mektepte direktordi’n’ wori’nbasari’ boli’p isledi; Mektep toli’g’i’ menen rekonstruktsiyalandi’. Sport zali’ joq yedi. Mektep qaptali’nan sport zali’ sali’ni’p, pitkerildi».

Joqari’dag’i’ mi’sallarda ko’rgenimizdey woni’n’ bir ga’pi yeki so’zden baslap bes- alt? so’zden aspaydi’. Bul birinshiden, oqi’wshi’lardi’ zeriktirmeydi, woni’n’ jazi’w sheberligindegi tiykarg’i’ belgi yekenligin an’latadi’.

Woni’n’ ja’ne de «Qaraqalpaqstan jaslari’» (27-yanvar, 2005-j) gazetasi’nda jari’q ko’rgen «Gu’lperi agronom» ocherki Qarao’zek rayoni’ni’n’

[56] Пирназаров А.XIX әсирдиң екинши ярымы XX әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебияты.Н,1996. 156-157-бет

«Ma'deniyat» awi'li'ni'n' turg'i'ni' agronom Gu'lperi A'lieva haqqi'nda so'z yetiledi. Ocherk bi'laynsha baslanadi':

« Qi'si', jazi' insanni'n' kewline wo'zgeshe sezim bag'i'sh yetetug'i'n awi'ldi'n' hawasi'n ra'h'a'tlene jutqan Gu'lperi A'lieva yep-yerte turdi'.

Hayal si'pati'nda u'y jumi'slari'n ka'mine keltirip, asi'qpay woti'ra almaydi'. Asi'g'i'p ju'rip, ko'p na'rselerge u'lgergisi keledi. Ba'ha'rdin' jawi'ni'na, woni'n' qolaysi'z hawa-rayi'na ma'ni berip woti'ri'wg'a diyqanlarda pursat joq. Sonli'qtan ala ba'ha'rden belin buwi'p ati'zg'a shi'qqan diyqanlar menen qosa yel basshi'lari' da, basqalari' da birewge arqaw, birewge su'yew boli'p, wolardi'n' qaptali'nda ju'rmegi kerek. Yegistin' sa'tli baslani'wi'na da, woni'n' jer betinde ko'riniwine de, jaqsi' ta'rbiya ali'wi'na da agronomni'n' x?zmeti za'ru'r.

Yegilgen yeginlerge agrotexnikali'q ila'jlardi' duri's beriwde agronomni'n' wazi'ypasi'. Agronom aljasi'qqa jol qoymawi' kerek. Kishkene boyli' qarapa'ren' bul hayal nege usi'nday yerlerge ta'n ka'sipti tan'ladi' yeken?

Tan' azannan ayag'i'na brezent yetikti kiyip ali'p, traktor tabi'lsa telejkada yamasa jayawlap ati'z aralaw hayalg'a ta'n yemes. İybe-nazi' menen dollani'p ju'retug'?n, jasli'q da'wirin ati'z basi'nda wo'tkeriw nege kerek yedi?»

Bunda avtor awi'ldi'n' ko'rinislerin sheber su'wretley wotr'rr'p, agronom ka'sibi ha'qqi'nda mag'li'wmat berip wo'tedi, bul ka'siptin' hayal adam ushi'n awi'rli'q yetetug'i'nli'g'i'na toqtaydi'. Waqi'yani' usi' qatarlar menen aq ne haqqi'nda yekenligin ashi'p bere alg'an. Ocherk qi'sqa jazi'lg'ani' menen avtor qaharman portretin sheber su'wretley alg'an. Avtor ocherkte wo'z pikirlerin bere woti'ri'p, qaharmandi' so'yletiw arqali' waqi'yani' dawamlaydi':

«Bir ku'ni ati'zdan kelsem No'kiske ji'ynali'sqa barami'z dedi. U'yge kirip kiyinip shi'g'?wg'a da waqi't joq yedi. Betimnin' shan'lari'n alaqanlari'm menen si'pi'ri'p jiberip, devidke mindim de kete berdim. Sadali'gi'm da sonda u'sti-basi'mni'n' shan'i' menen No'kiske ji'ynali'sqa qatnasi'p qaytti'm. Sonnan keyin bunday ji'ynali'sqa bir-yeki saat buri'n aytatug'i'n boldi'.

-U’yin’e bari’p, duxilari’n’di’ sewip shi’q, qi’zi’m, -dep h’a’zillesedi».
Bunday qi’zi’qli’ detallardi’ avtor sheberlik penen berip wo’tedi. Wol ocherktin’ tarti’mli’li’g’i’n asi’ri’p qoymastan, ocherktin’ woqi’wshi’lar yesinde ma’n’gi saqlani’p qali’wi’na tu’rtki boladi’.

Solay yetip, A.Turekeevani’n’ jeke stilindegi qi’sqali’q woni’n’ qi’zi’qli’ ha’m tarti’mli’ ocherkler do’retiwinde qol keledi.

Demek, ha’r bir avtordi’n’ jeke ko’rkem stili, jazi’w usi’li’ insanlar yadi’nda ma’n’gi saqlani’p qalatug’i’n shi’g’armalar jarati’wda wog’ada za’ru’r boli’p yesaplanadi’. Soni’n’ menen birge bul ha’r bir do’retiwshinin’ jeke individual sheberligin belgilewshi faktor boli’p yesaplanadi’.

## JUWMAQLAW

Magistrlik dissertatsiya boyi’nsha ali’p bari’lg’an jumi’si’mi’z bari’si’nda to’mendegidey ilimiy-teoriyali’q juwmaqqa keldik:

1. Ocherk janri’ ko’rkem-publitsistikali’q janrlardi’n’ ishinde qi’sqa ha’m i’qsham yetip jazi’latug’i’n operativ janr boli’p yesaplanadi’. Wol a’debiyattani’wdag’i’ ko’rkem ocherk tiykari’nda payda bolg’anli’g’’ ushi’n, wonda basqa prozali’q shi’g’armalardag’i’ si’yaqli’ ko’rkemlilik basi’m boli’p keledi. Bul janr ushi’n qoyi’latug’i’n birinshi talap boli’p yesaplanadi’. Woni’n’ ko’rkem ocherkten ayi’rmashi’li’g’i’, wonda waqi’yalarg’a qi’yali’y jantasi’wg’a shek qoyi’ladi’, barli’q faktler realli’qqa su’yenedi. Ani’q faktlerge ha’m mag’li’wmatlarg’a su’yengen halda waqi’yani’ bayanlaw woni’n’ janli’ shi’g’i’wi’na imka’n jaratadi’.

2. Si’rt yel baspaso’z betlerinde ocherk janri’ni’n’ worni’n esse janri’ iyelegenligi belgili. A’sirese bul bizin’ baspaso’z betlerinde de jiyi ko’rinedi, son’g’i’ waqi’tta ko’pshilik do’retiwshiler esse janri’nda do’retiwshilik yetkendi maqul ko’rmekte. Solar menen bir qatarda ocherk janri’ ha’m bizin’ baspaso’zimizde yelege shekem joq boli’p ketpesten, yen’ qa’liplesken janr si’pati’nda wo’z worni’n iyelep qalmaqta. Buni’ biz ko’rsetken mi’sallardi’n’

wo’zi aq da’lilleydi. Bul bir ta’repten bizin’ mentalitetimiz ushi’n ta’n. Wo’ytkeni, g’a’ressizlikke yeriskennen son’ ma’mleketimizde bir-qansha jetiskenliklerge yerisildi. Bul jetiskenliklerdin’ tiykari’nda insan miyneti turg’anli’g’i’ ushi’n, wolardi’n’ yerliklerin, ti’ni’msi’z ha’m qi’mbatli’ miynetlerin ashi’p beriw ushi’n ocherk janri’ wog’ada za’ru’r. Wo’ytkeni, ocherkte asi’ra su’wretlew bar. Soni’n’ ushi’n da ocherk janri’ ushi’n yen’ mu’na’sip dep tabi’lg’an insanlar obrazi’ so’z yetiledi. Wolardi’n’ miynetlerin ko’rkemlep jetkerip bersek arzi’ydi’. Solardan baspaso’zde atap aytqanda respublikali’q, rayonli’q gazetalarda, «A’miwda’rya» jurnali’nda jari’q ko’rgen ocherklerden mi’sallar keltirdik. Wolardag’i’ jetiskenlikler ha’m kemshilikler haqqi’nda ayti’p wo’ttik.

3. Ocherk janri’ni’n’ tillik wo’zgesheliklerin ashi’p beriw jumi’si’mi’zdi’n’ tiykarg’i’ wazi’ypasi’ yetip ali’ndi’. Haqi’yqati’nda da son’g’i’ waqi’tta tili sayi’z, ko’rkemligi to’men, publitsistikali’q wo’tkirligi joq ocherkler baspaso’z betlerinde ko’rine basladi’ yamasa kerisinshe ha’dden ti’s asi’ra su’wretlew halatlari’ ushi’raspaqta. Ocherktin’ tiline jeterli itibar qaratpaw janrdi’n’ joq boli’p ketiwine ali’p keliwi mu’mkin. Soni’n’ ushi’nda biz ocherktin’ tili boyi’nsha teoriyali’q izlenisler ali’p bardi’q. Ko’rkem shi’g’armani’n’ tilinde-avtorli’q bayanlaw, personajlar tili, diolog, monolog, dialekt so’zler, go’nergen so’zler, ka’siplik so’zler, naqi’l-maqallar, jargonlar, antonimler, sinonimler, ushi’rma so’zler, tan’laqlar, qaratpalar, arxaizmler, neologizmler, turaqli’ so’z dizbekleri, modal so’z shaqabi’, da’nekereler, tirkewishler, ra’wishler ha’m t.b ibarat boladi’. Bular wo’z gezeginde tildin’ ha’r tu’rli tarawi’nda izertleniledi.

Ocherk janri’ni’nda da, mine, usi’lardi’n’ barli’g’i’ qollani’ladi’. Wolardi’ ma’nili yetip qollang’an sayi’n ocherkttin’ ko’rkemligi arti’p, tili bayi’p baradi’. Biz solardi’n’ ishinde ocherkte jiyi qollani’latug’i’n tu’rlerine toqtap wo’ttik. Wo’ytkeni, ocherk janri’nda ha’r tu’rli ka’sipler, tarawlar ha’m wolardi’n’ qah’armanlari’ haqqi’nda so’z yetiledi. Wonda a’lbette ocherkist sol taraw ushi’n ta’n bolg’an so’zlerden paydalanadi’. Ma’selen. Meditsina tarawi’ yamasa sol tarawdi’n’ qa’nigesi haqqi’nda so’z yetpekshi bolsa, ka’siplik so’zlerden paydalanadi’ ha’m t.b. Ja’nede ocherkte naqi’l-maqallardan paydalani’w woni’n’

tilinin’ xali’qti’n’ tiline jaqi’n boli’wi’n ta’miynleydi, pikirdi i’qshamlasti’ri’p jetkerip beriwge ja’rdem beredi ha’m ta’sirshen’ligin ku’sheytedi. Go’nergen so’zlerden paydalani’w arqali’ woqi’wshi’lar sol zamanni’n’ na’pesin sezedi, go’nergen so’zler menen tani’sadi’ ha’m h’ujjetlilikti saqlaydi’. Wo’ytkeni, tariyxi’y ocherklerdi sa’wlelendiriwde sol da’wirde qollani’lg’an so’zlerden paydalani’w sha’rt. Turaqli’ so’z dizbeklerinen paydalani’w arqali’ tilimizdin’ bay yekenligin ko’rsetip beriwge boladi’. Sebebi, turaqli’ so’z dizbekleri tilimizdegi so’zlerdin’ qaymag’i’ boli’p, wol bir neshe so’zden quralg’ani’ menen tek g’ana bir ma’nisti an’latadi’i’. Qullasi’, tildin’ stilistikasi’na jeterli itibar qarati’w woni’n’ tilinin’ bayi’wi’na ali’p keledi. Biz bularg’a belgili ocherkistler do’retiwshiliginen mi’sallar keltirip pikirimizdi da’liyllep wo’ttik. Yeger ocherktin’ tilinin’ norma menen jazi’li’wi’na itibar qaratsaq baspso’z betlerinde qunli’ ocherklerdin’ ko’beyiwine ja’rdem bergen bolami’z.

4. Ha’r qanday ocherkisttin’ do’retiwshiliginde ko’rkem stil ma’selelri birinshi wori’nda turadi’. Ocherktin’ kompazitsiyasi’nda yen’ aldi’ menen woni’n’ temasi’ sa’wlelenedi, ishki bo’limleri ta’rtip penen jaylasti’ri’ladi’, faktlerdin’ strukturali’q tartibi belgilenedi, waqi’yani’n’ baslani’wi’, rawajlani’wi’ ne menen juwmaqlang’anli’g’i’ belgili boladi’. Til arqali’ qah’armanni’n’ ishki ha’m si’rtqi’ du’nyasi’ sa’wlelendiriledi. Al, tiykari’nda bolsa ocherkisttin’ waqi’yalardi’ qalayi’nsha bayanlaw usi’li’ yag’i’ni’y stili turadi. Wo’ytkeni, ha’r qanday do’retiwshi insan wo’zinin’ stillik wo’zgesheligi menen ayri’qshalani’p turadi’. Biz ocherkist stilin ani’qlawda u’sh avtordi’n’ Wo’.Wo’tewliev, T.Masharipova ha’m A.Turekeevani’n’ ocherklerinen paydalandi’q. Wolar wo’zlerinin’ qol tan’balari’na iye, woqi’wshi’lar qa’wimine ken’nen tani’s jurnalistler si’pati’nda da belgili. Wo’.Wo’tewlievtin’ stilindegi tilinin’ awi’rli’g’i’, T.Masharipovani’n’ obrazdi’ ashi’p beriwdegi awi’z yeki so’ylew stilinen uti’mli’ paydalana biletug’i’nli’g’i’ ha’m waqi’yalardi’ a’piwayi’ yetip su’wretlewi, A.Turekeevadag’i’ qi’sqali’q wolardi’n’ sheberliklerindegi yen’ tiykarg’i’ belgiler yekenligin ani’qladi’q. Wolar ilimpazlar ayqani’nday wo’zlerinin’ qunli’ shi’g’armalari’ menen tildin’ bayi’wi’na ja’rdem beredi. Soni’n’ menen birge

wolar ushi'n ko'rkem stillik talaplardi'n' normali'q qa'siyetlerin teoriyali'q jaqtan ilimpazlar pikiri menen da'liyllep beriwge ha'reket yettik.

.

## A'DEBIYATLAR


### Wo'zbekstan Respublikasi' ni'zamlari':

1. «Оммавий ахборот воситалари тўғрисида» (янги таҳрири) Нызам,2007-жыл 15-январь.
2. «Журналисттиң кәсиплик жумысын қорғаў ҳаққында» Нызам, 1997-жыл 25- Июнь.
3. «Мәлимлеме еркинлиги принцпиплери ҳәм кепилликлери ҳаққында» Нызам, 2003-жыл 12-ноябрь

### Wo'zbekstan Respublikasi' prezidentinin' pa'rmanlari' ha'm qararlari':

1. «Ахборот тизимлари соҳасини қайта ташкил эти шва бошқаришни такомиллаштиришга оид чора-тадбирлар тўғрисида» 1997-жыл 23-июль.
2. «Компьютерлаштиришни янада ривожлантириш ва ахборот – коммуникация технологияларини жорий этиш тўғрисида» 2002-жыл 30-май.
3. «Хорижий давлатлар аудио-визуал маҳсулотларини Ўзбекистон Республикаси ҳудудида тарқатиш тартиби тўғрисида» 2006-жыл 7-февраль.

### Wo'zbekstan Respublikasi' prezidentinin' miynetleri:

1. Каримов И. Өзбекстанның өзиниң жаңаланыў ҳәм раўажланыў жолы. Нөкис, 1993.
2.Каримов И. Буюк келажак сари. Т., «Ўзбекистон», 1999.
3.Каримов И. Жаңаша ойлаў − дәўир талабы. Нөкис, 1997.
4.Каримов И. Ўзбекистон XXI асрга интилмоқда. Т.,2000.
5.Каримов И. Сочинения. Том 2. Т., «Узбекистон», 1999.
6.Каримов И. Ўзбекистон келажаги буюк давлат. Т., 1992.
7.Каримов И.Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясы. Президеттиң 2010-жылдың 12-ноябрь сәнесинде болып өткен Олий Мәжилистиң Нызамының ҳәм Сенаттың қоспа мәжилисинде шығып сөйлеген баянаты. Нөкис, 2010.

### Tiykarg'i' a'debiyatlar

1. Ворошилов В.В. Журналистика. М.,1992
2. Бекбаўлиев Д. «Мен − редакциядан!...». Нөкис, 1996

3. Жумамуратова М. Журналистика теориясы ҳәм практикасы бойынша бағдарлама. Нөкис., 1996
4. Горохов Г. Основы журналистического мастерства. М., 1980
5. Тертычный А. Аналитическая журналистика. М., 1998
6. Тогаев О. Публицистика жанрлари. Т., 1985
7. Фихтелиус Э. Журналистиканинг 10 қоидаси. Т., 2002
8. Прохров Е.П. Введение в теорию журналистики. Изд. РИП-Холдинг., 2000
9. Рендалл Д. Универсальный журналист. Алма-ата., 1996
10. Бақриев К. Оммавий ахборот воситалари фаолиятининг хуқуқий асослари. Т., 2001
11. Мўминов Ф.А. Журналистика ижтимоий институт сифатида. Т.,1999
12. Мухаммадиев Н. Публицистика жанрлари. Т., 1978.
13. Ҳозирги замон журналистикаси.Т.,2008
14. Бердимуратов Е. Ҳәзирги қарақалпақ тили. Лексикология.Н.,1994
15. Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги. IV-том.Н.,1992
16. Z.Qoji'qbaeva. Baspaso'z:Janrlar.Maket.Dizayn.N.,2011
17. J.Eshbaev .Qaraqalpaq tilinin' qi'sqasha frazeologiyali'q so'zligi.N.,1985
18. Бекбергенов А. Қарақалпақ тили стилистикасы.Н., 1985
19. Нурмухамедов М.Проза ҳаққында.Н,1964
20. Мамбетов К.Әдебият теориясы.Н.,1995
21. Нуржанов П. Дәўир талабы ҳәм көркем әдебият. Н.,1993
22.Пирназаров А.XIX әсирдиң екинши ярымы XX әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебияты.Н.,1996
23. Пирназаров А. Қарақалпақ әдебияты бойынша гейпара ойлар.Н.,1991
24. Нурмухамедов М. Каракалпакская проза великой отчественной войны. Н., 1961
25.Дәўлетов А, Дәўлетов М, Қудайбергенов М. Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тили. Нөкис.,2010
26. Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тили. Нөкис., 2010
27. Бекбергенов А. Қарақалпақ тилиниң стилистикасы.Н.,1990
28. Бахадырова С.Роман ҳәм дәўир.-Нөкис:Қарақалпақстан.,1978

## Ko'rkem a'debiyatlar:

1.Өтеўлиев Ө. «Барсакелмес» аспанынан аққан жулдыз.Т.,2009
2.Есемуратова Г. Дәўирлер нәпеси. Нөкис.,2009
3. Машарипова Т. Өзимди излеймен. Ташкент.,2011
4. Ө.Өтеўлиев.Адамларға сырлас болсақ.Нөкис.,1993
5. Ө.Өтеўлиев. Теңиздиң жини.Нөкис.,2000
6. Ө.Өтеўлиев. Қызыл көйлекли қыз.Нөкис.,1991

## Gazeta betlerinde jari'q ko'rgen ocherkler

1.Өтеўлиев Ө.Хирург.// Еркин Қарақалпақстан. 2007-жыл 15-март
2.Өтеўлиев Ө.Хирург.// Еркин Қарақалпақстан. 2007-жыл 15-март
3.Жоллыбеков Ы. «Қара машын» да кетти…Әмиўдәрья 3/2004.
4. Жоллыбеков Ы. «Қара машын» да кетти…Әмиўдәрья 3/2004
5. Өтеўлиев Ө. Хирург. // Еркин Қарақалпақстан. 15-март, 2007-жыл
6.Wo'tewliev Wo'. Injigu'l kempirdin' genjetay qi'zi'.//Yerkin Qaraqalpaqstan
7. Халмуратов А. Естен кетпес еки ушырасыў. // Еркин Қарақалпақстан. 13-ноябрь, 2004-жыл
8.Өзи сыйлы, қәлеми өткир журналист. //Шымбай ҳаўазы. 2012-жыл 17-декабрь
9.Е.Ерманов. Шыпакер излениўшең болсын. //Еркин Қарақалпақстан. 1-март, 2012-ж
10.Ерманов Е. Ҳәркимниң талабы оңынан келсин.//Еркин Қарақалпақстан. 2007-жыл 7-август.
11.Байниязов Қ. Еңбеги ел есинде.// Еркин Қарақалпақстан.2003-жыл 3-апрель
12.Өтеўлиев Ө. Хирург. // Еркин Қарақалпақстан. 15-март, 2007-жыл
13.Моянов Ж. Халық тәўиби. // Кегейли турмысы.16-31-май, 2006-жыл
14.Моянов Ж. Өзиде баладай инсан еди. //Кегейли турмысы. . 11-16-декабрь, 2006-жыл
15. Турекеева А. Гүлпери агроном. //Қарақалпақстан Жаслары. 27-январь, 2005-жыл
16. Турекеева А. Аўылдағы директор ҳаял. //Каракалпакстан Жаслары. 17-ноябрь, 2005-жыл
17. Жәниев С. Садықлық. //Еркин Қарақалпақстан. 28-августь, 2008-жыл
18. Караматдинова Б. Жынаят бәрибир әшкара болады. //Еркин Қарақалпақстан. 15-апрель, 2008-жыл
19. Сийпатдинов Ш. Инсан бахты. //Қарақалпақстан Жаслары. 21-фебраль, 2008-жыл.
20. Балтамуратов А. Ҳәўес етсе арзыйды.//Устаз Жолы. 22-сентябрь, 2007-жыл
21. Балтамуратов А. Гүл жайнаған Гүльнара. //Устаз Жолы. 28-июнь, 2007-жыл.
22. Ибайдуллаев А. Баспасөздиң көрнекли ўәкили. //Устаз Жолы. 26-июнь, 2010-жыл
23. Ережепов Ә. Өзи сыйлы, қәлеми өткир журналист. //Шымбай ҳаўазы. 17-декабрь, 2012-жыл
24. Тилеўов К. Алғыр қәблиетли ағла устаз. // Қанлыкөл Хабарлары. 31-май, 2012-жыл
25. Камалов М. Ақ халатын гирбиң шалмаған. //Мийнет байрағы. 9-июнь, 2005-жыл
26. Мақсетов М. Ҳаўазасына ел сүйсинген. // Мийнет байрағы. 10-августь, 2006-жыл

**«A'miwda'rya» jurnali'nda jari'q ko'rgen ocherkler**

27. Бегимов Ж. Исми әпсанаға айналған инсан. //Әмийдәрья журналы. 5/6-сан, 2005-жыл
28. Нурниязов А. Шығыстың жарық жулдызы. //Әмийдәрья журналы. 5/6-сан, 2005-жыл
29. Атажанов Ә. Қудайбергенов Л. Мийнет қәдирленеди, еленеди. //Әмийдәрья журналы. 3-сан, 2005-жыл
30. Атажанов Ә. Қудайбергенов Л.Талпыныс. //Әмийдәрья журналы. 4-сан, 2005-жыл
31. Сейтаев Б. Хирургтың бахты. //Әмийдәрья журналы. 5/6-сан, 2006-жыл
32. Дәўлетмуратов Е.Жаслығымда бер мийнет, қартайғанда…//Әмийдәрья журналы. 7/8-сан, 2006-жыл
33.Ибрагимов М. Елим деген ер еди. //Әмийдәрья журналы. 3-сан,2007-жыл
34.Зияўов С.Аралдың алтын ғәзийнеси. //Әмийдәрья журналы . 2-сан, 2005-жыл

## Kandidatli'q ha'm doktorli'q dissertatsiyalar, ilimiy maqalalar

1. Абдиназимов Ш.Н. Бердақ шығармаларының тили. Докторлық диссертация. Нөкис.,2001
2. Айназарова Г.Б.Қарақалпақ тилиндеги теңлес еки компонентли фразеологизмлер. Канд.диссертация. Нөкис.,2000
3. Бердимуратов Е. Әдебий тилдиң функционаллық стильлериниң раўажланыўы менен қарақалпақ лексикасының раўажланыўы. Нөкис,.1978
4. Оразымбетова З.Қарақалпақ күнделикли баспасөз тилиниң қәлиплесиўи.(1924-1940-жыллардағы баспасөз материаллары тийкарында)канд.диссертация.Нөкис.,2006
5. Палўанов Б.Н. Ҳәзирги қарақалпақ әдебиятында эссе жанры. Кандидатлық диссертация. Нөкис.,2007
6. Қожықбаева З. Ҳәзирги қарақалпақ әдебиятында көркем очерк.(1980-1990 ж.ж) канд.дисс.Нөкис.,1998
7. Мирзаев И.П. Художественный очерк в узбекской литературе.(1945-1960г.г)канд.дисс.СамГу.им.А.Новоий.,1961
8. Худайбергенов А.С. Особенности развтия жанра очерка в современной узбекской литературе.(1960-1970-е г.г) канд.дисс.Т.,1980
9. Яковлева Т.В. «Художественный стиль очерков С.Т.Аскакова «Буран» Международный научной конференции(Казань, 4-7 мая 2007 года)
10..Яковлева Т.В. «Язык и стиль художественного очерка «Буран»». Международный научной конференции(Казань, 4- 7 мая 2007 года).
11.Яковлева Т.В. «Художественный стиль очерков С.Т.Аскакова «Буран» и «Очерк зимного дня»» Международный научной конференции(Казань, 4-7 мая 2007 года)
11. Каргина Н.Ф. Иван Алексеевич Бунин. Очерк жизни и

творчества.Москва.,2007